रवि

13 सितंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

भादव, शुक्ल पक्ष, द्वितीया, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 06 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# ब्रिक्सक साझा घोषणापत्र मे पहलगाम हमलाक निंदा, टेरर फंडिंग रोकबा पर देल गेल जोर

## यूएन सं आतंकवाद पर प्रस्तावित अंतरराष्ट्रीय संधि कें शीघ्र लागू करबाक कएल गेल मांग

- अमेरिका द्वारा लगाओल गेल एकभगाह टैरिफक कएल गेल निंदा
- परमाणु हथियारक प्रयोगक आशंका पर जताओल गेल चिंता
- भारतक अध्यक्षता मे भेल ब्रिक्स सम्मेलनक सफलता आ आउटरिच संवादक कएल गेल प्रशंसा
- ब्रिक्स देश सबहक लेल 20 सालक एजेंडा बनेबा पर देल गेल जोर

**नई दिल्ली, एजेंसी**

रूस आ चीन सहित ब्रिक्सक सदस्य देश सभ पहलगाम मे भेल आतंकवादी हमलाक कड़ा निंदा केलनि। सदस्य देश सभ कहलनि जे आतंकवादी सभ कें शरण देनिहारक विरुद्ध मिलि कए कारबाइ कएल जायत। एकर संगहि आतंकवादी सभ धरि पहुंचयबला धनक प्रवाह रोकबाक आ हुनका सुरक्षित ठिकाना उपलब्ध करेनिहारक विरुद्ध सेहो कारबाइ करबाक सहमति बनल।

ब्रिक्स देशक बीच साझा घोषणापत्र जारी करबाक सहमति एहन समय मे बनल अछि, जखन पश्चिम एशिया मे तनावक स्थिति अछि आ ईरान, सऊदी अरब तथा संयुक्त अरब अमीरातक कतेको विषय पर अलग-अलग मत अछि। भारत लगातार संवादक माध्यम सं एहि मतभेद सभ कें दूर करबाक आ सदस्य देश सभक बीच आम सहमति बनेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक।



पहलगाम हमलाक कड़ा निंदा सं स्पष्ट अछि जे ब्रिक्स देश सभ आतंकवादक मुद्दा पर पाकिस्तान कें बिना नाम लेने कड़ा संदेश देलक अछि। घोषणापत्र मे आतंकवादक कोनो रूपक प्रति शून्य-सहनशीलताक नीति पर जोर देल गेल अछि आ आतंकवादक मुकाबिला मे दोहरा मापदंड नहि अपनेबाक भारतक आग्रहक समर्थन कएल गेल।

ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे सर्वसम्मति सं घोषणापत्र पारित कएल गेल। एहि मे कहल गेल जे सदस्य देश सभ सीमापार आतंकवादी गतिविधि, आतंकवादक वित्तपोषण आ आतंकवादी सभ कें सुरक्षित ठिकाना देबाक सहित आतंकवादक सभ रूपक विरुद्ध अपन प्रतिबद्धता दोहरबैत छथि।

घोषणापत्र मे ईहो स्पष्ट कएल गेल जे आतंकवाद कें कोनो धर्म, राष्ट्रीयता, सभ्यता अथवा जातीय समूह सं नहि जोड़ल जेबाक चाही। आतंकवादी गतिविधि अथवा ओकर समर्थन मे संलग्न प्रत्येक व्यक्ति कें संबंधित राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय कानूनक अनुसार उत्तरदायी ठहराओल जेबाक चाही आ हुनका न्यायिक प्रक्रिया मे अनबाक चाही।

ब्रिक्स कहलक जे आतंकवादक विरुद्ध लड़ाइ प्रत्येक देशक प्राथमिक जिम्मेदारी अछि। आतंकवादी खतरा रोकबाक आ ओकर मुकाबिला करबाक लेल वैश्विक स्तर पर होइत सभ प्रयास मे संयुक्त राष्ट्र चार्टर सहित अंतरराष्ट्रीय कानूनक अंतर्गत अपन जिम्मेदारीक पूर्ण पालन होयबाक चाही। घोषणापत्र मे 22 अप्रैल 2025 कें जम्मू-कश्मीरक पहलगाम मे भेल आतंकवादी हमलाक सेहो कड़ा निंदा कएल गेल। एहि हमला मे 26 लोकक मृत्यु भेल छल आ कतेको लोक घायल भेल छल। ब्रिक्स देश सभ कहलक जे आतंकवादक कोनो काज, ओकर उद्देश्य जे किछु हो, जखन, जतय आ जे कियो करय, ओकर कड़ा निंदा होयबाक चाही आ एकरा आपराधिक तथा अनुचित मानल जेबाक चाही।

एकर संगहि संयुक्त राष्ट्र मे आंतकवारोधी संधि शीघ्र करबा पर जोर देल गेल। कहल गेल जे अंतरराष्ट्रीय आतंकवाद पर प्रस्तावित संधि कें अति शीघ्र अपनाओल जाय। एकर संगहि ब्रिक्स देशक अपसी सम्मान, एकजुटता आ सहमति सं फैसला लेबा पर जोर देल गेल। ब्रिक्स केर सदस्य देश सभ एकतरफा टैरिफक सेहो निंदा केलक आ एकरा अवैध बतौलक। कहल गेल जे एहन नियम डब्ल्यूटीओ अंतर्गत होमक चाही।

## एक नजरि

### छात्र नेता दिलीप कुमार दरभंगा सं लड़ताह एमएलसी चुनाव

**पटना :** चर्चित छात्र नेता दिलीप कुमार आगामी विधान परिषद चुनाव मे दरभंगा स्नातक सीट सं निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़बाक घोषणा केलनि अछि। ओ राजदक टिकट सं जुड़ल भ्रम सेहो दूर करैत कहलनि जे पटना स्नातक सीट पर राजद जाहि दिलीप कुमार कें उम्मीदवार बनौलक अछि, ओ स्वयं नहि छथि। विधान परिषदक आठ सीट पर शीघ्र चुनावक घोषणा होयबाक अछि, जाहि मे चारि शिक्षक आ चारि स्नातक सीट अछि। दिलीप कुमार 2024क बीपीएससी आंदोलन सं चर्चा मे आएल छात्र नेता छथि। प्रतियोगी परीक्षाक अभ्यर्थीक समस्या कें लए कए ओ पटना मे कतेको बेर धरना-प्रदर्शनक नेतृत्व केने छथि आ एहि क्रम मे जेल सेहो गेल छथि।

# जिला पार्षदक पतिक हत्या पर बवाल, आरोपीक घर फूकल गेल

- पथराव मे इंस्पेक्टर घायल
- ताबड़तोड़ मारल गेल आठ गोली, घटनास्थले पर भए गेल मृत्यु

**सीतामढ़ी, समदिया**

सीतामढ़ी मे शनिदिन भोर मॉर्निंग वॉक लेल निकलल जिला परिषद प्रतिनिधि बैद्यनाथ महतोक अपराधी सभ गोली मारि हत्या कए देलक। करीब आठ गोली लगला सं घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। हत्याक विरोध मे आक्रोशित भीड़ पुलिस दल पर हमला कए देलक। पथराव मे एक इंस्पेक्टरक माथ फाटि गेल, जखन कि पुलिसक कतेको गाड़ी मे तोड़फोड़ कएल गेल। शराबक कारोबारक



विरोध आ पूर्व मे थाना पर प्रदर्शनक बाद भेल एहि हत्या सं लोकक आक्रोश भड़कि उठल आ एक आरोपीक घर मे आगि लगा देल गेल।

बैद्यनाथ महतो जिला परिषदक वार्ड संख्या 13 केर सदस्य दिलखुश देवीक पति छलाह। शनिदिन भोर ओ मॉर्निंग वॉक लेल निकलल छलाह। एहि बीच डुमरा थाना क्षेत्रक केथरिया-रामपट्टी चौक लग पथरिया श्मशानक समीप मोटरसाइकिल पर सवार चारि अपराधी हुनका पर ताबड़तोड़ गोली चलौलनि। गोली लगिते हुनकर घटनास्थले मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद क्षेत्र मे तनाव पसरि गेल। आक्रोशित ग्रामीण सभ हत्याक आरोपी बताओल जा रहल ओही गामक त्रिभुवन कुशवाहा उर्फ एजाजक घर मे आगि लगा देलक। स्थिति नियंत्रित करबाक लेल 12 थाना क्षेत्रक पुलिस बल कें घटनास्थल पर बजाओल गेल। पुलिस अधीक्षक अमित रंजन आ अनुमंडल पदाधिकारी सेहो घटनास्थल पर पहुंचि स्थितिक जायजा लेलनि। एहि दौरान ग्रामीण सभ पुलिस दल पर पथराव शुरू कए देलक, जाहि मे इंस्पेक्टर अनिल रामक माथ मे चोट लागल। दू दरोगा कें सेहो ग्रामीण सभ खिहाड़ि देलक।

# अश्लील वीडियो देखा कए प्रिंसिपल करैत छल प्रताड़ित, एफआइआर

- दरभंगा मे महिला शिक्षिका प्राचार्यक विरुद्ध दर्ज करौलनि प्राथमिकी, कहलनि, प्रताड़ना सं गर्भपात भेल

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगाक मोरो थाना क्षेत्रक प्राथमिक विद्यालय खपड़पुरा मे कार्यरत एक महिला शिक्षिकाक शिकायत पर प्राचार्य कुमार गौरवक विरुद्ध एससी/एसटी अधिनियम आ बीएनएसक धारा 75, 78, 351 आ 352क अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज भेल अछि। शिक्षिकाक आरोप अछि जे प्राचार्य छेड़छाड़ करैत छथि, जातिसूचक शब्दक प्रयोग कए अपमानित करैत छथि आ अश्लील वीडियो देखा कए मानसिक रूपें प्रताड़ित करैत छथि। पुलिस मामिलाक




जांच शुरू कए देने अछि। शिक्षिकाक आरोप अछि जे प्राचार्य हुनका घूरि-घूरि कए देखैत आ अश्लील टिप्पणी करैत छथि। विरोध करला पर जाति सूचक शब्दक प्रयोग करैत छथि। ओ बेर-बेर हुनका कार्यालय मे बजा कए बैसबैत आ कंधापर हाथ रखि मोबाइल मे अश्लील वीडियो देखबैत छथि। आवेदन मे कहल गेल अछि जे 2025 सं लगातार एहि तरहक व्यवहार कएल जा रहल अछि। मानसिक प्रताड़नाक कारण दू मासक गर्भ सेहो नष्ट भए गेल।

### शिक्षा विभाग मे शिकायतक बाद स्पष्टीकरण

महिला शिक्षिकाक लिखित शिकायतक बाद जिला शिक्षा पदाधिकारी विष्णुदेव झा, प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी रंजना कुमार आ डीपीओक स्तरपर कारबाइ भेल। 9 सितंबर 2026 कें प्राचार्य कुमार गौरव सं स्पष्टीकरण मांगल गेल। प्राचार्य 11 सितंबर कें अपन जवाब देलनि आ आरोप कें झूठ बतौलनि। एकर बाद संबंधित अधिकारी विद्यालयक निरीक्षण केलनि। निरीक्षण मे किछु शैक्षणिक अनियमितता सेहो भेटल। रिपोर्टक अनुसार, प्राचार्य बिना आकस्मिक अवकाश स्वीकृत करौने सीएल पर अनुपस्थित छलाह आ हुनकर अनुपस्थिति मे सुशील कुमार चौधरी कें मौखिक आदेश पर प्रभारी बनाओल गेल छल।

# पाकिस्तानी नंबर सं वीडियो कॉल कए 72 घंटा धरि डिजिटल अरेस्ट

- मुजफ्फरपुर मे कंपाउंडरक पत्नी सं 3.14 लाखक ठगी
- सीएम थलापतिक डीपी लागल नंबर सं आयल छल फोन

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुरक साहेबगंजक एक महिला रागिनी कुमारी कें साइबर ठग करीब 72 घंटा धरि वीडियो कॉल पर डिजिटल गिरफ्तारीक डर देखबैत रहल आ एहि दौरान 3.14 लाख रुपैया ठकि लेलक। ठक सभ सीबीआइ सं गिरफ्तारीक धमकी देलनि आ वॉट्सऐप पर सुप्रीम कोर्टक फर्जी गिरफ्तारी आदेश पठा कए सेहो डरौलक। महिला कें विश्वास मे लेबाक लेल पुलिस आ सेनाक वर्दी पहिरने व्यक्ति वीडियो कॉल पर देखाओल गेल।



रागिनी मूल रूपें गोपालगंजक मोहम्मदपुर थाना क्षेत्रक पकड़ी गामक निवासी छथि। हुनकर पति साहेबगंज मे निजी कंपाउंडर छथि। हुनका एकटा 14 वर्षीय बेटा अछि। घटनाक समय पति चारि-पांच दिनक लेल कोनो काज सं बाहर गेल छलाह।

13 जुलाई कें रागिनीक मोबाइल पर एकटा फोन आयल। फोन कएनिहार अपना कें पार्सल कंपनीक कर्मचारी बतबैत कहलक जे हुनका नामे आईफोन, सोना, गहना आ पाउंडक नकदी बला पार्सल आयल अछि। विश्वास जगाबय लेल पार्सल आ सामानक वीडियो सेहो वॉट्सऐप पर पठाओल गेल। रागिनी पार्सल नहि मंगेने होयबाक बात कहलनि तं फोन काटि देल गेल। किछु देर बाद दोसर नंबर सं फोन आयल आ कहल गेल जे पार्सल मे हुनकर आधार कार्ड जुड़ल अछि।

### पेपर लीक रोकबाक लेल 29 जिला मे बनत परीक्षा भवन आ स्ट्रॉन्ग रूम

**पटना :** बिहार मे पेपर लीक आ परीक्षा मे कदाचार रोकबाक लेल 29 जिला मे परीक्षा भवन आ स्ट्रॉन्ग रूम बनाओल जाएत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बिहार विद्यालय परीक्षा समिति कें एहि संबंध मे निर्देश देने छथि। सरकार एहि लेल 33 करोड़ रुपैयाक बजटक प्रावधान केने अछि। पहिल चरण मे 12 जिला मे निर्माणक प्रशासनिक स्वीकृति भेटि गेल अछि। एहि मे सीतामढ़ी, लखीसराय, पूर्वी चंपारण, कैमूर, नालंदा आ मधेपुरा प्रमुख अछि। अधिकांश परीक्षा भवन आ स्ट्रॉन्ग रूम वर्तमान विद्यालय परिसर मे लगभग एक सं डेढ़ एकड़ जमीन पर बनत। परीक्षा भवन मे कदाचारमुक्त परीक्षा लेल आधुनिक सुविधा रहत, जखन कि स्ट्रॉन्ग रूम मे प्रश्नपत्र, उत्तरपुस्तिका आ अन्य सामग्री कें कड़ा सुरक्षा मे राखबाक व्यवस्था रहत।

# टूटि गेल महागठबंधन! आठो सीट पर एमएलसी उम्मीदवार उतारत कांग्रेस

## कांग्रेसक प्रवक्ता असित नाथ तिवारी कहलनि, एकहु बेर कांग्रेस सं नहि लेल गेल कोनो राय

- राजद पहिनहि छह उम्मीदवारक कए चुकल अछि घोषणा

**पटना, समदिया**

बिहार मे विधान परिषदक आठ सीट पर होमयबला चुनाव सं पहिने कांग्रेस आ राष्ट्रीय जनता दल (राजद)क बीच वर्षो पुरान संबंध मे दरार बढ़ैत देखाइ पड़ि रहल अछि। कांग्रेस महागठबंधन सं औपचारिक रूपें अलग भए अपन दम पर विधान परिषदक आठो सीट पर उम्मीदवार उतारि सकैत अछि। राजद पहिनहि छओ सीट लेल अपन उम्मीदवारक घोषणा कए चुकल अछि।

कांग्रेसक प्रवक्ता असित नाथ



तिवारी कहलनि जे राजद छओ उम्मीदवारक घोषणा कएलक, मुदा एकहु बेर कांग्रेस सं एहि संबंध मे राय नहि लेल गेल। हुनकर कहब छल जे जखन गठबंधनक निर्णय मे कांग्रेसक राय नहि लेल गेल, तखन गठबंधन बांचल कतय? ओना, राजद दू सीट एखन सुरक्षित रखने अछि। एहि मे एक कोसी शिक्षक आ दोसर दरभंगा शिक्षक सीट अछि। दरभंगा शिक्षक सीट सं कांग्रेस नेता मदन मोहन झा वर्तमान मे विधान पार्षद छथि। राजदक जारी सूची मे कहल गेल अछि जे एहि दुनू सीट पर पार्टी एखन विचार कए रहल अछि।

विधानसभा चुनाव मे हारिक बाद कांग्रेसक नेता सभ दिल्ली मे शीर्ष नेतृत्वक संग समीक्षा बैठक केलनि। एहि दौरान हारि लेल राजद कें जिम्मेदार ठहराओल गेल। एकरा बाद राजदक प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल पलटवार करैत कहलनि जे जं कांग्रेस अलग बाट पकड़य चाहैत अछि तं पकड़ि लेथि, हुनका अपन वास्तविक ताकतिक पता चलि जाएत। हुनकर आरोप छल जे बिहार मे कांग्रेसक शक्ति समाप्त भए गेल अछि।

## बिहार मे कानून-व्यवस्था खत्म

# अपराधी कें सरकारक संरक्षण भेटि रहल अछि : तेजस्वी यादव

**पटना, समदिया**



बिहार विधानसभा मे विपक्षक नेता तेजस्वी यादव राज्य मे बढ़ैत अपराध आ स्वास्थ्य व्यवस्थाक स्थिति कें लए मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ भाजपा पर जुबानी हमला कएलनि। ओ सीतामढ़ी मे जिला परिषद प्रतिनिधिक हत्या आ जहानाबादक एक अस्पताल मे पैर टूटल रोगी कें कथित रूप सं प्लास्टरक बदला कार्डबोर्ड पैड लगाओल गेलाक मामिला उठबैत सरकारक कार्यशैली पर सवाल ठाढ़ कएलनि।

तेजस्वी यादव आईएएनएस सं बातचीतक दौरान सीतामढ़ी मे जिला परिषद प्रतिनिधिक हत्या कए उल्लेख करैत कहलनि जे राज्य मे अपराधक स्थिति लगातार चिंता के विषय बनैत जा रहल अछि। बिहार मे एहन कोनो दिन नहि अछि जखन अपराधक घटना सामने नहि अबैत हो। हत्या, दुष्कर्म, रंगदारी आ अपहरण जकां घटनाक संग पुलिसक अपराधक मामिला सेहो बढ़ल अछि। प्रदेश मे कानून-व्यवस्था नामक कोनो चीज नहि बचल अछि आ अपराधीक बोलबाला अछि। अपराधी कें सरकारक संरक्षण भेटि रहल अछि आ हुनकर विरुद्ध अपेक्षित कारबाइ नहि कएल जा रहल अछि।

ओ कहलनि जे निर्दोष आ पीड़ित लोक सभ कें न्याय दिआबय मे सरकार विफल रहल अछि। तेजस्वी यादव एहि लेल मुख्यमंत्री आ गृह मंत्री कें जिम्मेदार ठहरबैत कहलनि जे सरकार कें पीड़ित परिवारक बीच जा कए हुनकर समस्या सुनबाक चाही। गंभीर घटनाक बाद सरकारक शीर्ष जिम्मेदार लोक सभ कें पीड़ित परिवार सं भेंट करबाक चाही। सरकार जमीनी स्तर पर कारबाइ करबाक बदला मात्र बयानबाजी कए रहल अछि।

तेजस्वी यादव कहलनि जे लगातार सामने आबि रहल आपराधिक घटना राज्यक लेल गंभीर चिंता के विषय अछि। सरकार कें अपराध पर प्रभावी नियंत्रण लेल ठोस कदम उठेबाक चाही।

तेजस्वी यादव स्वास्थ्य व्यवस्था कें लए जहानाबादक एक अस्पताल सं जुड़ल मामिलाक सेहो उल्लेख कएलनि। ओ कहलनि जे पैर टूटलाक बाद एक रोगी कें कथित रूप सं सही प्लास्टर लगाबयक बदला कार्डबोर्डक पैड लगा देल गेल। एहि मामिला कें लए ओ स्वास्थ्य विभाग आ बिहार सरकार पर सवाल उठबैत कहलनि जे जं अस्पताल मे रोगी सभ कें बुनियादी चिकित्सा सुविधा धरि उपलब्ध नहि भए रहल अछि, तं ई अत्यंत गंभीर स्थिति अछि।

तेजस्वी तंज कसैत कहलनि जे एहन बुझाइत अछि जे सरकार लग रोगीक पैर मे प्लास्टर कराबय धरि संसाधन नहि बचल अछि। एहि मामिलाक संज्ञान लेल जाय आ जांच कएल जाय जे अस्पताल मे एहन स्थिति किएक बनल। एहि तरहक तस्वीर पूरा देश मे जा रहल अछि आ बिहारक बदनामी

# स्नातक छात्र सभ कें आब एआई आ उद्योगक प्रशिक्षण

## बिहारक सभ विश्वविद्यालय मे बनत कौशल विकास प्रकोष्ठ

**पटना, समदिया**

नव राष्ट्रीय शिक्षा नीतिक अंतर्गत स्नातक छात्र-छात्रा सभ कें कौशल विकास, एआई आ औद्योगिक प्रशिक्षण देबाक व्यवस्था कएल जाएत। एकर लेल बिहारक सभ विश्वविद्यालय मे स्टूडेंट्स स्किल डेवलपमेंट सेल यानी छात्र कौशल विकास प्रकोष्ठक स्थापना कएल जाएत।

एकर लेल राज्यपाल आ कुलाधिपतिक स्तर सं शीघ्रहि कुलपति सभ कें निर्देश जारी कएल जाएत। राज्यक सभ विश्वविद्यालय मे चारि वर्षक सीबीसीएस (च्वाइस बेस्ड क्रेडिट सिस्टम) स्नातक पाठ्यक्रम लागू अछि। एहि कारण आब राज्यपालक दिस सं स्नातक संकाय मे एआईक पढ़ाइ, कौशल विकास आ औद्योगिक प्रशिक्षण शुरू करबाक लेल एक साझा कार्यक्रम तैयार कराओल जा रहल अछि।



राज्यपाल सचिवालयक अनुसार, स्नातक संकायक छात्र-छात्रा सभ कें पढ़ाइक संग कौशल विकास प्रशिक्षण देबाक लेल दिशा-निर्देश सेहो तैयार कएल जा रहल अछि। एकरा सभ अंगीभूत महाविद्यालय आ संबद्धता प्राप्त कॉलेज सभ कें जारी कएल जाएत।

छात्र-छात्रा सभ कें आब मात्र डिग्री हासिल करबाक लेल सीमित नहि राखल जाएत, बल्कि हुनका एआई शिक्षा, कौशल विकास आ औद्योगिक प्रशिक्षण सेहो देल जाएत।

एकर लेल सभ 268 अंगीभूत महाविद्यालय मे छात्र-छात्रा सभ कें सीधे उद्योग सं जुड़ल प्रशिक्षण देल जाएत। एआइ कंपनी मे काज कए चुकल विशेषज्ञ छात्र-छात्रा सभ कें मार्गदर्शन सेहो करताह। एहि सं छात्र-छात्रा सभ कें पढ़ाइक संग रोजगार लेल सेहो तैयार कएल जा सकत।

सभ महाविद्यालय मे अप्रेंटिसशिप एंबेडेड डिग्री प्रोग्राम (एईडीपी) संचालित कएल जाएत। एहि माध्यम सं छात्र सभ कें डिग्रीक संग व्यावहारिक कौशल आ उद्योगक अनुभव भेटत, जाहि सं हुनकर रोजगारक अवसर बढ़त।

# पटनाक पुष्पांजलि अस्पताल सील, पांच वर्ष पुरान मामिला मे भेल कारबाइ

## एफआईआर लेल थाना प्रभारी कें पत्र

**पटना, समदिया**

पटना मे पांच वर्ष पुरान मामिला मे भगवान नगर, कुम्हरार स्थित पुष्पांजलि मल्टी स्पेशियलिटी अस्पताल कें सील कए देल गेल अछि। जिला प्रशासन आ पुलिस सं प्राप्त जांच रिपोर्टक आधार पर सिविल सर्जन डॉ. योगेंद्र प्रसाद मंडल अस्पतालक विरुद्ध ई कारबाइ कएलनि। संगहि अस्पतालक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कराबय लेल संबंधित थाना प्रभारी कें पत्र पठाओल गेल अछि।

सिविल सर्जनक दिस सं जारी पत्रक अनुसार, अस्पतालक विरुद्ध भेटल शिकायतक मामिला मे पहिने जांच लेल संबंधित अधिकारी सभ सं पत्राचार कएल गेल छल। जांचक दौरान सामने आयल तथ्य आ जिला प्रशासन तथा पुलिसक रिपोर्टक आधार पर अस्पतालक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ कएल गेल।

जारी पत्र मे अस्पतालक अतिरिक्त एहि सं जुड़ल चिकित्सक आ अन्य कर्मीसभक विरुद्ध शिकायतक सेहो उल्लेख अछि। मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कए आवश्यक कानूनी कारबाइ करबाक लेल संबंधित थाना प्रभारी कें निर्देश देल गेल अछि।



सिविल सर्जनक पत्रक प्रतिलिपि पुलिस आ स्वास्थ्य विभागक संबंधित अधिकारी सभ कें सेहो पठाओल गेल अछि। एहि सं मामिला मे आगूक कानूनी आ विभागीय कारबाइक बाट साफ भए गेल अछि।

मामिला करीब पांच वर्ष पुरान बताओल जा रहल अछि। शिकायतक बाद जांच प्रक्रिया चलल आ जिला प्रशासन तथा पुलिसक रिपोर्ट भेटलाक बाद अस्पताल कें सील करबाक कारबाइ कएल गेल।

### पटना विश्वविद्यालय मे छात्रक धरनाक बीच ऑनलाइन भेल सिंडिकेटक बैठक

**पटना।** पटना विश्वविद्यालय मे छात्र संगठनसभक जारी आंदोलन आ घेरावक बीच शनिदिन सिंडिकेटक महत्वपूर्ण बैठक ऑनलाइन माध्यम सं आयोजित कएल गेल। विश्वविद्यालय मुख्यालय मे पिछला एक सप्ताह सं छात्र लगातार धरना-प्रदर्शन करैत छलाह। एहि कारण प्रशासनिक कार्यप्रणाली सुचारू रखबाक लेल बैठक वर्चुअल माध्यम सं करबाक निर्णय लेल गेल। एहि आपात ऑनलाइन बैठक मे सेवानिवृत्त सैनिकसभक हित मे पैघ शैक्षणिक निर्णय लेल गेल। बैठकम 12म कक्षा उत्तीर्ण पूर्व सैनिक सभ कें उच्च शिक्षा आ रोजगारक नव अवसर उपलब्ध कराबयक उद्देश्य सं बैचलर ऑफ आर्ट इन ूमन रिसोर्स मैनेजमेंट (एचआरएम) पाठ्यक्रम कें मंजूरी देल गेल।

### आब मात्र 1 वर्ष मे पूरा होयत मास्टर डिग्री इग्नू शुरू कएलक

**पटना।** इंदिरा गांधी राष्ट्रीय मुक्त विश्वविद्यालय (इग्नू) राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020क प्रावधानक अनुरूप चारि वर्षीय स्नातक डिग्री पूरा कएनिहार विद्यार्थीसभक लेल एक वर्षीय स्नातकोत्तर कार्यक्रम शुरू कएलक अछि। ई पहल विद्यार्थी सभ कें कम समय मे उच्च शिक्षाक अगिला स्तर धरि पहुंचबाक आ अपन शैक्षणिक एवं व्यावसायिक लक्ष्य कें आगू बढ़ेबाक अवसर देत। इग्नूक दिस सं चारि वर्षीय स्नातक कार्यक्रम पूरा कएनिहार पात्र विद्यार्थीसभक लेल एक वर्षीय कला स्नातकोत्तर आ अन्य संबंधित स्नातकोत्तर कार्यक्रम विभिन्न विषय मे शुरू कएल गेल अछि। एहि मे अंग्रेजी, हिंदी, संस्कृत, अर्थशास्त्र, वाणिज्य आ पत्रकारिता एवं जनसंचार प्रमुख विषय अछि। जे विद्यार्थी राष्ट्रीय शिक्षा नीति-2020क अनुरूप चारि वर्षीय स्नातक डिग्री पूरा केने छथि, ओ संबंधित विषय मे निर्धारित पात्रताक अनुसार एहि कार्यक्रम मे प्रवेश लेल आवेदन कए सकैत छथि। इग्नू एक वर्षीय विकास अध्ययन मे कला स्नातकोत्तर कार्यक्रम सेहो शुरू कएलक अछि। कोनो विषय मे चारि वर्षीय स्नातक डिग्री पूरा कएनिहार विद्यार्थी एहि कार्यक्रम मे प्रवेश लेल पात्र होयताह। इग्नू क्षेत्रीय केंद्र पटना कें वरिष्ठ क्षेत्रीय निदेशक डॉ. कृष्ण राव कहलनि जे एहि सं विद्यार्थी सभ कें कम समय मे अपन उच्च शिक्षा आगू बढ़ेबाक संग शैक्षणिक एवं व्यावसायिक लक्ष्य प्राप्त करबाक अवसर भेटत।

# राज्यक 29 जिला मे करोड़ो रुपैया सं बनत हाईटेक परीक्षा केंद्र आ स्ट्रॉन्ग रूम

## प्रश्नपत्र लीक पर रोक लगाबयक तैयारी

**पटना, समदिया**

बिहार मे प्रश्नपत्र लीक आ कदाचार जकां समस्या कें रोकबाक लेल सरकार महत्वपूर्ण कदम उठौने अछि। आब परीक्षा केंद्र पर मात्र निगरानी बढ़ेबाक बात नहि, बल्कि परीक्षा सं जुड़ल पूरा व्यवस्था कें मजबूत करबाक तैयारी अछि।

राज्यक 29 जिला मे नव परीक्षा केंद्र आ स्ट्रॉन्ग रूम बनाओल जाएत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि संबंध मे बिहार विद्यालय परीक्षा समिति कें निर्देश देने छथि। जानकारीक अनुसार, एहि पूरा योजनाक लेल सरकार करीब 33 करोड़ रुपैयाक बजटक प्रावधान केने अछि।

प्राप्त जानकारीक अनुसार, पहिल चरण मे 12 जिला मे परीक्षा केंद्र आ स्ट्रॉन्ग रूम बनेबाक प्रशासनिक मंजूरी सेहो भेटि गेल अछि। एहि योजनाक सभ सं महत्वपूर्ण हिस्सा स्ट्रॉन्ग रूम रहत। एतय परीक्षाक प्रश्नपत्र, उत्तर पुस्तिका आ दोसर आवश्यक सामग्री सुरक्षित राखल जाएत। एहि तरहे परीक्षा शुरू होय सं पहिनहि प्रश्नपत्रक सुरक्षा व्यवस्था कें मजबूत करबाक तैयारी अछि।



बताओल जा रहल अछि जे अधिकांश परीक्षा केंद्र वर्तमान स्कूलक परिसर मे बनाओल जाएत। एहि लेल करीब एक सं डेढ़ एकड़ जमीनक उपयोग कएल जाएत। परीक्षा भवन मे विद्यार्थी सभ लेल आधुनिक सुविधाक व्यवस्था रहत, जाहि सं परीक्षा संचालन नीक तरहे कएल जा सकय।

पहिल चरण मे जिन 12 जिला मे निर्माणक मंजूरी भेटल अछि, ताहि मे रोहतास, लखीसराय, बेगूसराय, सीतामढ़ी, पूर्वी चंपारण, वैशाली, कैमूर, नालंदा, जमुई, कटिहार, नवादा आ मधेपुरा शामिल अछि। एहि जिला मे स्कूल आ अन्य शैक्षणिक परिसर मे परीक्षा केंद्र बनाओल जाएत।

बिहार सरकारक एहि निर्णय सं राज्य मे परीक्षाक दौरान कदाचार रोकबाक संग प्रश्नपत्रक सुरक्षा सेहो पहिने सं मजबूत भए सकत। नव परीक्षा केंद्र आ स्ट्रॉन्ग रूम तैयार भेलाक बाद प्रश्नपत्र सुरक्षित रखबाक सं लए परीक्षा संचालन धरि पूरा प्रक्रिया कें नीक ढांचा मे लाबय

# पटना मे विधानसभा, कलेक्ट्रेट सहित 10 ठाम पर लागत चार्जिंग स्टेशन

## इलेक्ट्रिक वाहनक उपयोग कें भेटत बढ़ावा

**पटना, समदिया**

राजधानी मे मुख्य सचिवालय, विधानसभा, कलेक्ट्रेट, विश्वेश्वरैया भवन, विकास भवन, सिंचाई भवन, मल्टी मॉडल हब, मल्टी लेवल कार पार्किंग, बेउर मोड़ आ हार्डिंग रोड मे फास्ट ईवी चार्जिंग स्टेशन स्थापित कएल जाएत। एहि लेल परिवहन विभाग आ इंडियन ऑयल कॉरपोरेशन लिमिटेड (आईओसीएल)क बीच शुक्रदिन महत्वपूर्ण समझौता ज्ञापन (एमओयू) पर हस्ताक्षर कएल गेल।




समझौतापर राज्य परिवहन आयुक्त आरिफ अहसन आ आईओसीएल, बिहारक स्टेट रिटेल सेल्स हेड राजीव कुमार हस्ताक्षर कएलनि।

राज्य परिवहन आयुक्त बतौलनि जे एहि चार्जिंग स्टेशनसभक शुरूआत भेला सं सरकारी कार्यालय मे आबि-जाइत अधिकारी, कर्मचारी आ आम लोक कें इलेक्ट्रिक वाहन चार्ज करबाक सुविधाजनक विकल्प उपलब्ध होयत।

खास कए सचिवालय आ अन्य प्रमुख सरकारी परिसर मे ईवी चार्जिंगक सुविधा उपलब्ध भेला सं इलेक्ट्रिक वाहन उपयोग कएनिहार लोक सभ कें पैघ राहति भेटत। ई-वाहनक संख्या लगातार बढ़ि रहल अछि, जाहि लेल निजी कंपनीसभक सहयोग सं चार्जिंग स्टेशन बनाओल जा रहल अछि।

आईओसीएलक अधिकारी राजीव कुमार बतौलनि जे कंपनीक दिस सं राज्य मे अखन धरि 210 ईवी चार्जिंग स्टेशन स्थापित कएल जा चुकल अछि।

परिवहन विभागक संग भेल एहि समझौता अंतर्गत चिह्नित सरकारी परिसर सभ मे चार्जिंग स्टेशन स्थापित कएल जाएत। एहि सं इलेक्ट्रिक वाहन उपयोग कएनिहार लोक सभ कें सुविधाजनक आ भरोसेमंद चार्जिंग सुविधा उपलब्ध कराबय मे मदति भेटत।

### 69म राष्ट्रमंडल संसदीय सम्मेलन मे भाग लेताह बिहार विधान सभा अध्यक्ष

**पटना।** बिहार विधान सभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार 13 सं 18 सितंबर 2026 धरि दक्षिण अफ्रीकाक केपटाउन मे आयोजित 69म राष्ट्रमंडल संसदीय सम्मेलन (सीपीए सम्मेलन)मे भाग लेबाक लेल विदा हेताह । ओ आइ नव दिल्ली सं केपटाउन लेल प्रस्थान करताह।

सम्मेलन मे राष्ट्रमंडल देशक संसदसभक पीठासीन पदाधिकारी संसदीय लोकतंत्र, सुशासन तथा समसामयिक वैश्विक चुनौती सं जुड़ल विभिन्न विषय पर विचार-विमर्श करताह।

सम्मेलनक दौरान अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार संसदीय नेतृत्वक भूमिका आ विशेष रूप सं जलवायु अनुकूलन तथा आपदा सं निपटबाक लेल संसदीय स्तर पर लचीलापन बढ़ेबाक महत्वपूर्ण विषय पर अपन विचार रखताह। संगहि विभिन्न देशक पीठासीन पदाधिकारी आ संसदीय प्रतिनिधिसभक संग संवाद आ अनुभवक आदान-प्रदान सेहो करताह।

केपटाउन सम्मेलनक बाद अध्यक्ष 20 सं 24 सितंबर धरि सिडनी (ऑस्ट्रेलिया), 24 सं 27 सितंबर धरि ऑकलैंड (न्यूजीलैंड) तथा 28 सितंबर सं 1 अक्टूबर धरि मालदीवक आधिकारिक यात्रापर रहताह। एहि दौरान संबंधित देशक संसदक भ्रमण, पीठासीन पदाधिकारीसभक संग शिष्टाचार भेंट तथा भारतीय समुदाय सं संवाद प्रस्तावित अछि।

अध्यक्षक एहि अंतरराष्ट्रीय यात्राक उद्देश्य संसदीय लोकतंत्र आ विधायी कार्यप्रणालीक क्षेत्र मे विभिन्न देशक अनुभवक आदान-प्रदान, भेद-संसदीय संबंध कें मजबूत करब तथा वैश्विक चुनौतीक समाधान मे संसदीय संस्थाक भूमिकाक बुझब अछि। बिहार विधान सभाक प्रभारी सचिव श्री संजय कुमार सिंह अध्यक्षक सहयोग लेल एहि अंतरराष्ट्रीय दौरा मे आधिकारिक रूप सं हुनकर संग रहताह।

# 'मासिक नाट्य शृंखला' मे 'डैडीगाम'क प्रस्तुति आइ

**पटना, समदिया**

प्रसिद्ध मैथिली नाट्य संस्था भंगिमाक दिस सं रविदिन, 13 सितंबर कें स्थानीय विद्यापति भवन मे कथाकार अशोक लिखित मैथिली कथा डैडीगामक नाट्य प्रस्तुति कएल जाएत। एकर निर्देशन वरिष्ठ रंगकर्मी किशोर केशव कएलनि अछि। प्रस्तुति मे बैजू झा, प्रीति कुमारी, शिवम कुमार झा, रौशन कुमार झा, अनिमेष कुमार सिंह आ अमित कुमार मिश्र सहित अन्य कलाकार भाग लेताह।

मिथिला-मैथिलीक शीर्षस्थ संस्था चेतना समिति, पटना आ भंगिमा, पटना द्वारा संयुक्त रूप सं मासिक नाट्य शृंखलाक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि शृंखला अंतर्गत अगस्त 2026 सं अगस्त 2027 धरि प्रत्येक मासक दोसर रविदिन मैथिली कथा, कविता, उपन्यास आ ललित निबंध पर आधारित प्रस्तुति कएल जाएत।

भंगिमाक सचिव किशोर केशव कहलनि जे डैडीगाम आजादीक बादक मिथिलाक लोकजीवनक सामाजिक, आर्थिक आ मानसिक स्थिति, धार्मिक मनोदशा, पलायन आ विस्थापनक पीड़ाक जीवंत दस्तावेज थिक। एहि कारण कथा कें बहुत पैघ वितान मे प्रस्तुत कएल गेल अछि।

कथाक केंद्र मे पलायन कए गेल लोकसभक जीवनक ओ भावभूमि अछि, जतय जीवनक आखरी समय मे अपन माटि-भूमि, गाम-मूल निवास, अपन लोक-संबंध आ नेनपनक स्मृति दिस फेर लौटबाक सपना देखाइत अछि। अपन जड़ि दिस लौटबाक एहि सपना कें पूरा करबाक लेल कएल गेल प्रयासक संग-संग गाम मे रहि-बचि गेल लोकसभक मानस आ वैचारिकता मे आयल सकारात्मक परिवर्तन सेहो कथा मे रेखांकित कएल गेल अछि।

भूमंडलीकरणक बाद मिथिलाक गाम सभ मे आयल सामाजिक परिवर्तन तथा अस्तित्व आ परिचितिक नव संकट दिस सेहो ई कथा अपन विशिष्ट अनुमान मे संकेत करैत अछि।

# कोचिंग जा रहल 17 वर्षीय छात्रा कें अज्ञात वाहन पीचलक, घटनास्थले पर मृत्यु

## सिमरा गाम मे एनएच-27 पर आनंद हॉस्पिटलक लग भेल दुर्घटना

झंझारपुर, समदिया

गरीबीक कठिनाइ कें पछाड़ि भविष्य बनयबाक सपना देखनिहारि 17 वर्षीय छात्रा वैष्णवी कुमारीक सड़क दुर्घटना मे दर्दनाक मृत्यु भए गेल। अज्ञात वाहनक ठोकर सं छात्राक घटनास्थल परे मृत्यु भए गेल।घटनाक बाद पूरा क्षेत्र मे शोकक माहौल अछि। घटना शनिचर भोर करीब 6 बजे झंझारपुर थाना क्षेत्रकसिमरा गाम स्थित आनंद हॉस्पिटलक लग एनएच-27 पर फुलपरास सं दरभंगाक दिस जाइत लेन मे भेल। थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह कहलनि जे मृतकाक पहचान झंझारपुर थाना क्षेत्रक चनौरागंजनिवासी बैद्यनाथ प्रसादक 17 वर्षीय पुत्री वैष्णवी कुमारीक रूप मे भेल अछि। ओ अपन घर सं साइकिल पर झंझारपुर कोचिंग पढ़ए जा रहल छल। एहि बीच पाछां सं आयल अज्ञात वाहन जोरदार ठोकर मारिदेलक। ठोकर एतेक जबरदस्त छल जे छात्राक घटनास्थल



परे मृत्यु भए गेल। सूचना भेटिते अपरथानाध्यक्ष बिहारी आलम पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलनि। पुलिस शव कें कब्जा मे लए कएआवश्यक प्रक्रिया पूरा करबाक बाद पोस्टमार्टम लेल मधुबनी सदर अस्पताल पठा देलक। परिजनकअनुसार, चारि बहिन आ एक भाइ मे वैष्णवी तेसर संतान छल। ओ पढ़ाइ मे बहुत तेज छल। घर मे साधनक अभावक बावजूद ओ प्रतिदिन करीब 7 किलोमीटर साइकिल चलाकए झंझारपुरक एकटा कोचिंगकेंद्र मे पढ़ए जाइत छल आ पढ़ाइ पूरा कए फेर 7 किलोमीटर साइकिल चलाकए घर घुरैत छल। गरीबीओकर पढ़ाइक बाट मे कखनो बाधा नहि बनल। बेटीक पढ़ाइ आ भविष्य कें लए कए पिता बैद्यनाथप्रसाद कें पैघ आशा छलनि। हुनकर सपना छलनि जे बेटी पढ़ि-लिखि परिवारक स्थिति बदलत, मुदा अज्ञात वाहनक एकटा ठोकर सं हुनकर सभ आशा चकनाचूर भए गेल। घटना सं गाम मे शोकक माहौलअछि। लोक सभ एनएच-27 पर वाहनक तेज गति आ लापरवाही पर चिंता व्यक्त कएलनि। पुलिस अज्ञात वाहनक पहचान करबाक लेल छानबीन मे जुटल अछि।

# मधुबन आ पवड़ा मे चिकित्सा अहांक द्वार शिविर, 428 लोकक भेल स्वास्थ्य जांच

## शिविरक शुभारंभ स्थानीय विधायक प्रो. विनय कुमार चौधरी केलनि

बहेड़ी, समदिया

बिहार सरकारक स्वास्थ्य विभागक 'चिकित्सा अहांक द्वार' कार्यक्रमक अंतर्गत शनिदिन बहेड़ी प्रखंडक मधुबन आ पवड़ा मे स्वास्थ्य शिविरक आयोजन कयल गेल। शिविरक शुभारंभ स्थानीय विधायक सह बिहार विधानसभा मे सत्तारूढ़ एनडीएक सचेतक प्रो. विनय कुमार चौधरी केलनि। एहि अवसर पर विधायक कहलनि जे सरकारक उद्देश्य स्वास्थ्य सहित विभिन्न विभागक सेवा जनताक द्वार धरि पहुंचेनाइ अछि।स्वास्थ्य विभागक दिस सं 1 सितंबर सं 30 नवंबर धरि ग्रामीण क्षेत्र मे शिविर आयोजित कयल जा रहल अछि। ओ ग्रामीण सभ सं पैघ संख्या मे शिविर मे पहुंचि एकर लाभ उठेबाक अपील केलनि। शिविर मे मधुमेह, रक्तचाप, सामान्य कैंसर, हृदय रोग तथा सांस आ फेफड़ा सं संबंधित रोगक जांच कयल गेल।सामान्य रोग सं पीड़ित रोगी सभ कें आवश्यक दवा सेहो उपलब्ध कराओल गेल। गंभीर रोगी सभ केंनीक इलाज लेल उच्चतर स्वास्थ्य संस्थान मे रेफर करबाक व्यवस्था कयल गेल। दुनू शिविर मे कुल



428 लोकक स्वास्थ्य जांच कयल गेल। एहि संग 20-20 महादलित लाभुक कें निःशुल्क चश्मा वितरित कयल गेल। विधायक कहलनि जे एहि तरहक शिविरक माध्यम सं ग्रामीण क्षेत्र मे स्वास्थ्य सेवाक पहुंचआरो नीक होयत। एहि अवसर पर प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. ब्रह्मदेव महतो, डॉ. भारत भूषण,आरती सिंह, गजेंद्र कुमार, सतीश चंद्र पांडे, युवा जदयू जिलाध्यक्ष राम शंकर सिंह, राजकुमार वर्मा, मुखिया लाल बाबू मंडल, मनीष कुमार, पवन सिंह, मनोज सिंह, राजकुमार सिंह, संतोष शाह, विपिन भगत, फूल कुमारी देवी, संजय मंडल, राज नारायण सिंह सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# चनका गाम मे विवाहिता कें गला दाबि कए हत्या, फांसी पर लटकौलक

## मुसहरी टोलक घटना, मृतकाक पहिचान 25 वर्षीय सारो देवीक रूप मे

झंझारपुर, समदिया

भैरवस्थान थाना क्षेत्रक चनका मुसहरी टोल मे एक विवाहिता कें गला दबाकए हत्या कए शव कें फांसी पर लटका देबाक सनसनीखेज मामिला सोझां आयल अछि। घटनाक बाद ससुराल पक्षक लोक घर मेताला मारि फरार भए गेल। मृतकाक पहचान चनका गाम निवासी काशी सदायक 25 वर्षीय पत्नी सारो देवीक रूप मे भेल अछि। भैरवस्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे घटना शुक्र दिन रातिक अछि। लखनौर थाना क्षेत्रक गरही गाम निवासी मृतकाक माय चंद्रकला देवी आरोप लगौलनि जे हुनकर बेटी कें पति काशी सदाय, देवर, सास आ ससुर मिलिकए हत्या कएलक। आरोप अछि जे सभ मिलिकए घर मे रस्सी सं गला दबाकए हत्या



कएलक आ घटना कें आत्महत्याक रूप देबाक लेल शव कें फांसी पर लटकादेलक। बाद मे शव कें नीचां उतारि चौकी पर राखि घर मे बाहर सं ताला मारि सभ फरार भए गेल। मृतकाक माय बतौलनि जे सारो देवी करीब तीन बरख पूर्व अपन बहिनक देवर काशी सदाय सं प्रेम-विवाहकेने छल। विवाहक बाद सं परिवार मे बीच-बीच मे विवाद होइत छल। मृतकाक एकटा बच्चा ऑपरेशन संजन्मल छल, मुदा ओकर मृत्यु भए गेल। तकर बाद हुनका कोनो संतान नहि भेलनि। परिजनक अनुसार,मृतकाक पति काशी सदाय शुक्र दिन कमाइक लेल दोसर प्रदेश जा रहल छल, मुदा बाट सं घुरि घर आबिगेल। पत्नी घुरबाक कारण पूछलनि, एहि बात कें लए कए विवाद बढ़ि गेल आ आरोप अछि जे ससुराल पक्षक लोक सभ मिलिकए सारो देवीक हत्या कए देलक। घटनाक सूचना भेटिते भैरव स्थान थाना पुलिसघटनास्थल पर पहुंचल। ग्रामीणसभक उपस्थिति मे घरक ताला तोड़ि पुलिस चौकी पर राखल शव बरामदकएलक। पुलिस शव कें अपन कब्जा मे लए कए पोस्टमार्टम लेल मधुबनी सदर अस्पताल पठा देलक।थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे एखन धरि थाना मे लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। आवेदनभेटिते प्राथमिकी दर्ज कए घटनाक कारणक जांच कएल जाएत। फिलहाल फरार ससुराल पक्षक लोकसभक खोजबीन कएल जा रहल अछि।

# सड़क दुर्घटना मे विकास मित्रक मृत्यु सं परिवार पर टूटल विपत्तिक पहाड़

## दू मासूम बच्चा आ वृद्ध मायक सहारा पर छुटल परिवार

मनीगाछी, समदिया

टटुआर पंचायतक विकास मित्र रामकिशोर रामक शुक्रदिन देर सांझ सड़क दुर्घटना मे भेल मृत्यु सं हुनकरपरिवार पर विपत्तिक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। शनिदिन पोस्टमार्टमक बाद शव जगरनाथपुर स्थित घरपहुंचलाक बाद वृद्ध माए जीबछी देवी, पत्नी कल्पना देवी आ दू मासूम बच्चाक चीत्कार सं पूरा माहौल गमगीन भए गेल। बताओल जाइत अछि जे रामकिशोर राम 2010 सं विकास मित्रक पद पर कार्यरतछलाह। शुक्रदिन सांझ ओ अपन मित्र महावीर ठाकुरक संग कपड़ा किनबाक लेल सरिसब पाही बाजार गेल छलाह। एहि बीच एकटा ट्रक हुनकर बाइक मे जोरदार टक्कर मारि देलक। दुर्घटना मे रामकिशोर बाइक सहित ट्रक मे फंसि गेलाह आ करीब 20-25 फीट धरि घिसिअबैत चलि गेलाह, जाहि सं घटनास्थले हुनकर



मृत्यु भए गेल। हुनका संग रहल महावीर ठाकुर सड़कक कात खसि घायल भए गेलाह। घटनाक सूचना भेटलाक बाद मनीगाछी थानाध्यक्ष रंजीत कुमार सिंह घटनास्थल पर पहुंचि संबंधित थाना केंसूचना देलनि। पंडौल थाना पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल मधुबनी पठा देलक। मृतकक दू छोट बच्चाअछि। बेटी अनुष्का भारतीक उम्र 5 बरख

**» 8 लाख रुपैयाक सहायता देबाक आश्वासन**

आ पुत्र अभियंक कुमारक उम्र मात्र 3 बरख अछि। करीब 70 वर्षक वृद्ध माए आ पत्नी कल्पना देवीक सामने आब परिवारक भरण-पोषणक पैघ संकट ठाढ़ भए गेलअछि। शनिदिन बीडीओ संदीप कुमार पांडेय आ प्रखंड कल्याण पदाधिकारी प्रिंस कुमार झा मृतकक घरपहुंचि परिजन कें सांत्वना देलनि। बीडीओ कहलनि जे आपदा विभाग सं 4 लाख आ एससी-एसटी कल्याण विभाग सं 4 लाख, कुल 8 लाख रुपैयाक सहायता देबाक प्रक्रिया शुरू कयल गेल अछि। विधवाकें अन्य सरकारी सुविधा उपलब्ध करयबाक लेल सेहो प्रस्ताव पठाओल जाएत।

# महोत्तरी मे 13 दिन सं लापता युवकक शव सेफ्टी टैंक सं बरामद

जनकपुरधाम, समदिया

महोत्तरी मे 13 दिन सं लापता एक युवकक हत्या कए शवक टुकड़ा-टुकड़ा कए सेफ्टी टैंक मे नुकाओल गेल अवस्था मे बरामद भेल अछि। पुलिसक अनुसार भंगहा नगरपालिका-6 स्थित बिरजौनी टोल निवासी 25 वर्षीय विवेक सरदारक लाश बलवा नगरपालिका-7 बनौटा निवासी अशोक ठाकुरक घरक शौचालयक सेफ्टी टैंक सं बरामद कएल गेल। पुलिसक अनुसार शव टुकड़ा-टुकड़ा कएल अवस्था मे छल आ ओकरा सेफ्टी टैंक मे राखि सीमेंट आ बालू सं प्लास्टर कए देल गेल छल। विवेक रक्षाबंधनक दिन सं लापता छल। परिवारक लोक सभ बहुत खोजबीनक बाद पुलिस कें सूचना देने छल। पुलिस सूत्रक अनुसारअनुसंधानक क्रम मे विवेकक मोबाइलक आखरी लोकेशन घटनास्थलक आसपास भेटल। संगहि, ओकरआखरी फोन कॉल अशोक ठाकुरक बेटा दीपेंद्र ठाकुरक पत्नीक मोबाइल नंबर पर गेल छल। एहि आधारपर पुलिस घरक मालिक अशोक ठाकुर आ हुनकर बेटा दीपेंद्र ठाकुर कें हिरासत मे लए अनुसंधान शुरूकेलक। अनुसंधानक क्रम मे पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल, जतए जानकारी भेटलाक बाद सेफ्टी टैंकक जांच



कएल गेल आ ओतहि सं विवेकक शव बरामद भेल। दीपेंद्रक ससुराल भंगहा नगरपालिका-7 स्थितसंग्रामपुर मे अछि, जे विवेकक गांवक पड़ोसी गांव अछि। विवेक आ दीपेंद्रक पत्नी एक-दोसरक परिचितबताओल जा रहल छथि। पुलिसक अनुसार दीपेंद्र विदेश मे काज करैत छल आ किछु दिन पहिनेए घरलौटल छल। पुलिस विवेक आ दीपेंद्रक पत्नीक बीच संबंध तथा मोबाइल फोन पर भेल बातचीत कें सेहो अनुसंधानक दायरा मे रखने अछि। प्रारंभिक अनुसंधान मे आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि जे विवेककें फोन कए घर बजाओल गेल होयत, तत्पश्चात ओकर हत्या कए शव कें टुकड़ा-टुकड़ा कए सेफ्टी टैंक मे नुकाओल गेल होयत। पुलिसक कहब अछि जे घटनाक संबंध मे विस्तृत अनुसंधान जारी अछि।

# जनता दरबार मे दर्जनो भू-विवादक मामिलाक निष्पादन, प्रशासनिक सक्रियता सं जागल नव आशा

तारडीह, समदिया

तारडीह प्रखंड मे नवपदस्थापित अंचलाधिकारी आलोक कुमार आ सकतपुर थानाध्यक्ष अरविंदर कुमारक नेतृत्व मे शनिदिन आयोजित नियमित जनता दरबार मे विभिन्न पंचायत सं आएल भू-विवाद सं संबंधित दर्जनों मामिलाक सुनवाइ कयल गेल। दुनू अधिकारी पक्षकार सभक बात सुनलनि आ उपलब्ध कागजात आ तथ्यक आधार पर विधिसम्मत समाधानक दिशा मे कारबाइ शुरू केलनि। अंचलाधिकारी आलोक कुमारक कार्यशैली मे सक्रियता आ कार्यालय मे पर्याप्त समय दए लंबित मामिलाक निष्पादन पर विशेष जोर देबाक बात सामने आबि रहल अछि। ओ सहकर्मी सभक संग लंबित फाइलक समीक्षा कय आवश्यक आदेश पारित करबाक संग मामिलाक समयबद्ध निष्पादन पर जोर दैत छथि। हुनकर



कार्यशैली मे त्वरित निर्णयक संग नियम-कानूनक पालन कें प्राथमिकता देल जा रहल अछि। ओतहि, सकतपुर थानाध्यक्ष अरविंदर कुमार क्षेत्रक कानून-व्यवस्था सं जुड़ल मामिला पर बारीकी सं नजरि रखैत शिकायत पर तत्परता सं कारबाइ करबाक लेल सक्रिय छथि। भूमि विवाद सन संवेदनशील मामिला मे प्रशासन आपुलिसक बीच नीक समन्वय कें महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। स्थानीय स्तर पर प्रशासनिक सक्रियता आ पुलिसक तत्परता सं लोक मे ई आशा जागल अछि जे दीर्घकाल सं लंबित भूमि विवादक समाधान मे तेजी आएत आ कानून-व्यवस्था सं जुड़ल मामिलाक सेहो शीघ्र निष्पादन होयत। अंचल प्रशासन आ सकतपुर थाना बीचक समन्वित कार्यशैली सं तारडीह प्रखंडक प्रशासनिक व्यवस्था मे नव ऊर्जा आबि रहल अछि आ लोकक भरोसा सेहो मजबूत होबाक संभावना अछि।

# एलएनएमयू जारी केलक वार्षिक खेल कैलेंडर

दरभंगा, समदिया



ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक कुलपति प्रो. संजय कुमार चौधरी शैक्षणिक सत्र 2026-27क वार्षिक खेल कैलेंडर जारी केलनि। एहि अवसर पर कुलपति कहलनि जे खेल विद्यार्थीक शारीरिक विकासक संग मानसिक सशक्तीकरण, अनुशासन, नेतृत्व क्षमता आ टीम भावना विकसित करबाकमहत्वपूर्ण माध्यम अछि। ओ सभ महाविद्यालयक प्रधानाचार्य सभ सं प्रतियोगिताक तैयारी समय परपूरा करबाक अपील केलनि। खेल एवं शारीरिक शिक्षा निदेशालयक निदेशक प्रो. अजय नाथ झा कहलनि जे खेल कैलेंडर सं विश्वविद्यालयक खेल संस्कृति कें आरो मजबूती भेटत। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसारप्रतियोगिता आयोजित भेला सं विजेता खेलाड़ी सभक चयन भेद-महाविद्यालय, भेद-विश्वविद्यालय आराष्ट्रीय

**» सितंबर सं फरवरी धरि होयत भेद महाविद्यालय प्रतियोगिता**

स्तरक प्रतियोगिता लेल समय पर कयल जा सकत। कैलेंडरक अनुसार 18 सितंबर सं कबड्डी(महिला) प्रतियोगिताक शुरुआत होयत। तकर बाद कबड्डी (पुरुष), किक-बॉक्सिंग, जूडो, बॉक्सिंग, ताइक्वांडो, कराटे, वुशु, हैंडबॉल, वॉलीबॉल, युवा उत्सव, टेबल टेनिस, फुटबॉल, बैडमिंटन, क्रिकेट, बास्केटबॉल, एथलेटिक्स,शतरंज, रग्बी, खो-खो, कुश्ती आ योग प्रतियोगिता आयोजित कयल जाएत। एहि अतिरिक्त कायाकिंग- कैनोइंग आ रोइंगक चयन ट्रायल सेहो निर्धारित कयल गेल अछि।

# एसपीक निर्देश पर सघन जांच मे 31 किलो गांजा संग दू तस्कर गिरफ्तार

सहरसा, समदिया



निशाक अवैध कारोबारक विरुद्ध चलि रहल विशेष अभियानक अंतर्गत काशनगर थाना पुलिस 31किलोग्राम गांजा संग दू तस्कर कें गिरफ्तार केलक अछि। मामिलाक जानकारी सिमरी बख्तियारपुरकएसडीपीओ निशिकांत भारती प्रेस वार्ताक दौरान देलनि। ओ कहलनि जे पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर जिला मे सूखा नशाक अवैध कारोबार, तस्करी आ सेवन पर पूर्ण रूप सं रोक लगयबाक लेल लगातार कारबाइ कएल जा रहल अछि। एसडीपीओक अनुसार 11 सितंबरक राति काशनगर थाना पुलिस गश्ती आ छापेमारीक दौरान गुप्त सूचना भेटल जे दू व्यक्ति गांजा लए सोनवर्षाराज दिस जा रहल अछि।सूचनाक सत्यापन आ कारबाइ लेल काशनगर थाना पुलिस तथा जिला आसूचना इकाइक टीम मैना पुलक लग वाहन जांच शुरू केलक। एहि क्रम मे बस सं उतरि दू व्यक्ति पुलिस कें देखि भागय लागल। संदेहहोइतहि पुलिस दुनू कें पकड़ि लेलक। पूछताछक दौरान गिरफ्तार आरोपितसभक पहचान खगड़िया जिलाकमुफस्सिल थाना क्षेत्रक एकनिया निवासी अर्जुन पासवान आ बेगूसराय जिलाक छोटी बलिया थाना क्षेत्रकबड़ी बलिया निवासी पंकज यादवक रूप मे भेल। तलाशीक दौरान दुनूक पिट्ठू बैग आ प्लास्टिकक बाल्टी सं कुल 31 किलोग्राम गांजा बरामद भेल। एसडीपीओ कहलनि जे काशनगर थाना कांड संख्या 84/2026 अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कए दुनू आरोपित कें गिरफ्तार कएल गेल अछि आ आगूक कारबाइ जारी अछि।छापेमारी दल मे थानाध्यक्ष बजरंगी कुमार, एसआइ राजेश्वर पासवान सहित जिला आसूचना इकाइक पुलिस पदाधिकारी आ कर्मी शामिल छलाह।

# सृजन घोटालाक फाइल मे पैघ कारबाइ, लिपिक सह नाजिर बर्खास्त

भागलपुर, प्रदीप विद्रोही

सृजन घोटाला सं जुड़ल वित्तीय लेनदेन आ सरकारी राशि दुरुपयोगक मामिला मे भागलपुर जिला प्रशासन पैघ कारबाइ कयलक अछि। जिला नजारत शाखा मे कार्यरत लिपिक-सह-नाजिर अमरेंद्र कुमार यादव केंसरकारी सेवा सं बर्खास्त क' देल गेल अछि। विभागीय जांच मे हुनका पर लागल गंभीर वित्तीयअनियमितताक आरोप प्रमाणित पाओल गेल। उपलब्ध अभिलेख, विभागीय कार्यवाहीक रिपोर्ट आ हुनकरबचाव मे देल गेल स्पष्टीकरणक समीक्षा केलाक बाद जिलाधिकारी बर्खास्तगीक आदेश जारी कयलनि।2017क घोटाला सं जुड़ल अछि मामिला ई कारबाइ बरख 2017 मे सामने आयल सृजन घोटाला सं जुड़ल वित्तीय लेन-देन आ सरकारी धनक कथित दुरुपयोगक आरोपक पृष्ठभूमि मे भेल अछि। एहि मामिला मे केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो (सीबीआइ)द्वारा सेहो जांच आ अभियोजनक कारबाइ कयल गेल छल। एहि क्रम मे अमरेंद्र कुमार यादवक विरुद्ध सेहो आरोप सामने आयल छल। विभागीय कार्यवाहीक दौरान अलग-अलग आरोप, दस्तावेजी साक्ष्य आ संबंधित कर्मीक बचाव पक्ष कें जांचक दायरा मे राखल गेल। संचालन



पदाधिकारीक रिपोर्ट मे आरोपक पुष्टि भेलाक बाद सक्षम प्राधिकारी द्वारा आखरी निर्णय लेल गेल।बर्खास्तगीक संग सरकारी नौकरीक बाट सेहो बंदजारी आदेशक अनुसार अमरेंद्र कुमार यादव कें बिहार सरकारी सेवक (वर्गीकरण, नियंत्रण एवं अपील)नियमावली, 2005क प्रावधानक अंतर्गत सरकारी सेवा सं बर्खास्त कयल गेल अछि। एहि कारबाइक असरवर्तमान नौकरी धरि सीमित नहि रहत। बर्खास्तगीक दंड भविष्य मे सरकारक अधीन नियोजन लेल सेहोनिरर्हता केर रूप मे प्रभावी रहत। वित्तीय गड़बड़ी पर नहि होयत समझौता जिला प्रशासन एहि कारबाइ कें सरकारी काजकाज मे वित्तीय अनुशासन, पारदर्शिता आ जवाबदेहीसुनिश्चित करबाक दिशा मे उठाओल गेल कदम बतौलक अछि। प्रशासनक दिस सं स्पष्ट कयल गेल अछि जे भ्रष्टाचार आ वित्तीय अनियमितताक मामिला मे शून्य सहनशीलताक नीति अपनाओल जा रहलअछि। सरकारी धन आ व्यवस्था सं जुड़ल मामिला मे नियमक उल्लंघन पाओल गेल तं' नियमानुसारकठोर कारबाइ कयल जाएत। सृजन घोटाला किछु बरख पहिने भागलपुरक वित्तीय व्यवस्था पर पैघ सवालठाढ़ कयने छल। आब एहि सं जुड़ल मामिला मे एक सरकारी कर्मीक बर्खास्तगी सं फेर ई संदेश गेल अछि जे सरकारी धनक अनियमितताक कीमत नौकरी गमेला सं सेहो चुकब' पड़ि सकैत अछि।

# सड़क चौड़ीकरण लेल विधायक शुरू केलनि पहल

मनीगाछी, समदिया



दरभंगा ग्रामीण विधानसभा क्षेत्र मे कम चौड़ाइ वाली सड़कक कारण लोक कें भए रहल आवागमनक परेशानी कें गंभीरता सं लैत विधायक सह जदयू जिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल सड़कक चौड़ीकरण आ सुदृढ़ीकरणक दिशा मे पहल शुरू केलनि अछि। ओ पथ निर्माण विभागक अभियंता सभकसंग विभिन्न सड़कक स्थल निरीक्षण कय आवश्यक कारबाइ लेल अधिकारी सभक संग विचार-विमर्शकेलनि। विधायक कहलनि जे यातायातक बढ़ैत दबाव कें देखैत क्षेत्रक प्रमुख सड़क सभक चौड़ीकरण आवश्यक अछि। एहि सं आवागमन सुगम होयबाक संग ग्रामीण क्षेत्रक सामाजिक आ आर्थिक विकास कें सेहो गति भेटत। ओ संबंधित विभाग सं चौड़ीकरणक कारबाइ शीघ्र आगू बढ़ेबाक आग्रह केलनि। ओ विदेश्वर स्थान धरि, मनीगाछी सं पथिया-पुताई, जगदीशपुर सं चक्का-बाजितपुर भाया तैयाती-बथिया, सदरप्रखंड मे धोई घाट सं गौसा भाया काकड़घाटी, एनएच-57

**» अभियंता सभक संग स्थल निरीक्षण, सुगम आवागमन पर देलनि जोर**

बैसेला-रमसल्ला-भुसकौल होइत मुरिया-रैयाम पथ आ धोई सं खुटवारा होइत भिंडा धरि सड़कक चौड़ीकरणक आवश्यकता बतौलनि। एहि दौरान गैरपुर,मकरामपुर, दुलारपुर, भालपट्टी आ राघोपुर-कन्हौलीक नहर सभक सेहो निरीक्षण कयल गेल। एहि अवसर पर मुख्य अभियंता ई. अनिल कुमार मंडल, अधीक्षण अभियंता वीरेंद्र कुमार, कार्यपालक अभियंता विजयकुमार सहित विभागीय अभियंता आ स्थानीय ग्रामीण उपस्थित छलाह। विधायक संबंधित विभाग सं त्वरित आ सकारात्मक कारबाइक अपेक्षा व्यक्त केलनि।

# रंग मे उभरल पर्यावरण संरक्षणक संदेश, वाट्सन मध्य विद्यालय मे बच्चा सभ देखेलनि रचनात्मक प्रतिभा

## गाछ लगाउ जीवन बचाउक संदेश लए बच्चा सभ देलनि पर्यावरण संरक्षणक सीख

मधुबनी, समदिया

वाट्सन मध्य विद्यालय, मधुबनी आ जिला गंगा समिति (नमामि गंगे), मधुबनीक संयुक्त तत्वावधान मे छात्र-छात्रासभक बीच गाछ लगाउ जीवन बचाउ विषय पर चित्रकला प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल।कार्यक्रमक उद्देश्य बच्चा सभ मे पर्यावरण संरक्षण, जल संरक्षण, नदीक स्वच्छता आ वृक्षारोपणक प्रति जागरूकता आ संवेदनशीलता विकसित करनाइ छल। प्रतियोगिता मे छात्र-छात्रा सभ अपन रचनात्मक प्रतिभाक माध्यम सं चित्रक माध्य मे पर्यावरण संरक्षणक प्रभावशाली संदेश प्रस्तुत कएलनि। प्रतियोगिता मे बच्चा सभ गाछ-पौधाक हरियरी, स्वच्छ जल, नदी संरक्षण, प्रदूषण रोकथाम, वृक्षारोपण तथा स्वच्छ आस्वस्थ पर्यावरणक चित्र अपन कलाकृति मे उकेरलनि। हुनकर चित्र मे प्रकृतिक प्रति संवेदनशीलताक संग पर्यावरण



संरक्षणक प्रति जिम्मेदारीक भाव सेहो स्पष्ट देखल गेल। प्रतियोगिता मे पूजा कुमारी प्रथम, शबा परवीन द्वितीय आ खुशबू कुमारी तृतीय स्थान प्राप्त कएलनि। आयुष कुमार, काजल कुमारी, निवेदिता कुमारी, आरुषि कुमारी, कविता कुमारी सहित अन्य छात्र-छात्रासभक चित्र सेहो प्रशंसनीय रहल। सफल प्रतिभागी सभ कें प्रमाण-पत्र आ पदक दए सम्मानित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत विद्यालयक प्रधानाध्यापिका मीरा कुमारी कहलनि जे बच्चा सभ मेपर्यावरणक प्रति जागरूकता विकसित करबाक लेल विद्यालय स्तर पर एहि प्रकारक रचनात्मक गतिविधिक आयोजन अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। विद्यालय सं बच्चा सभ मे प्रकृति संरक्षणक जिम्मेदारीक भाव विकसित करब आवश्यक अछि। कार्यक्रमक संचालन करैत विद्यालयक विशिष्ट शिक्षिका कुमारी पुष्पम छात्र-छात्रा सभ सं बेसी सं बेसी गाछ लगाबय, लगाओल पौधाक नियमित देखभाल करय, जलक दुरुपयोग रोकय, नदी कें स्वच्छ रखय आ आसपास सफाइ बना रखबाक अपील कएलनि। एहि अवसर पर छात्र-छात्रा सभ कें नदीक निर्मलता, अविरलता आ पवित्रता बना रखबाक, जल आ पर्यावरण संरक्षण तथा स्वच्छताक प्रति सदैव सजग रहबाक शपथ सेहो देल गेल। डीपीओ नमामि गंगे आनंद अंकित कहलनि जे गाछ-गाछ मानव जीवन आ पर्यावरणक आधार अछि। मात्र गाछ लगेनाइ पर्याप्त नहि, बल्कि ओकर नियमित देखभाल आ संरक्षण सेहो सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। ओ कहलनि जे जिला गंगा समितिक उद्देश्य बच्चा आ युवा सभ कें जल, नदी आ पर्यावरण संरक्षण सं जोड़नाइ तथा हुनका मे प्रकृतिक प्रति संवेदनशीलता विकसित करनाइ अछि। ओ कहलनि जे आजुक बच्चे सभ भविष्यक समाजक निर्माण करत। तें हुनका मे पर्यावरणक प्रति जिम्मेदारी आ प्रकृति संरक्षणक भावना विकसित करबआवश्यक अछि। बच्चासभक गाछ लगाउ–जीवन बचाउक संदेश प्रतियोगिता मे सीमित नहि, बल्कि समाज कें पर्यावरण संरक्षण लेल प्रेरित करबाक महत्वपूर्ण संदेश अछि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे शिक्षक मनीष कर्ण, मीरा गुप्ता, शर्मीली कुमारी, नीलोफर अशरफ, शबाना परवीन, बबीता कुमारी, दीक्षा कुमारी, नासर कौसर सहित विद्यालयक अन्य शिक्षक सभ महत्वपूर्ण भूमिका निभेलनि।

# भोटेकोसी बाढ़ि पीड़ितक स्मृति मे राष्ट्रीय एकता दल केलक तर्पण

जनकपुरधाम/मिश्रीलाल मधुकर

राष्ट्रीय एकता दलक दिस सं पशुपतिनाथ मंदिरक बागमती घाट पर भोटेकोशी बाढ़ि मे जान गमौनेवला दिवंगत आत्मासभक शांति, मुक्ति आ मोक्षक लेल तर्पण तथा श्रद्धांजलि कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। हिंदू परंपरा अनुसार औंसीक शुभ अवसर पर आयोजित एहि कार्यक्रम मे मृतक सभ कें श्रद्धापूर्वक तर्पण कएल गेल। श्री पशुपतिनाथ मंदिरक पूर्वी द्वार लग बागमती घाट पर सांझ 4 बजे भेल कार्यक्रम मेराष्ट्रीय एकता दलक अध्यक्ष बिनय यादव, केंद्रीय नेता तोयनाथ दहल, पुस्ता लामा (पथिभरा माता), बिनोद सिंह सहित पार्टीक अन्य नेता आ कार्यकर्ता सहभागी भेलाह। सहभागी सभ एक घड़ा जल अर्पित कए बाढ़ि आ भूस्खलन मे जान गमौनेवला नागरिक सभ कें श्रद्धांजलि देलनि। कार्यक्रम मे संबोधित करैत पार्टी अध्यक्ष बिनय यादव भोटेकोशी बाढ़ि मे जान



गमौनेवला लोकसभक प्रतिराज्य सरकारक उदासीनताक आलोचना केलनि। भाद्रपद 22 कें राष्ट्रीय शोक घोषित कयलाक बादोसार्वजनिक छुट्टी नहि देल गेल, एहि पर ओ आपत्ति जतौलनि। यादव कहलनि जे एहि आपदा मे जानगमौनेवला नागरिकसभक प्रति राज्य सरकार कें पूरा सम्मान आ संवेदना प्रकट करबाक चाही। मात्र शोक घोषित करबाक बदला सरकार कें भोटेकोशी बाढ़ि मे मृत लोकसभक स्मृति मे प्रत्येक बरख भाद्रपद 22 केंराष्ट्रीय शोकक संग सार्वजनिक छुट्टी घोषित करबाक चाही। राष्ट्रीय एकता दल सरकार सं बाढ़ि प्रभावित परिवार सभ कें उचित राहति, मुआवजा आ पुनर्वास उपलब्ध करबाक मांग केलक अछि। संगहि भाद्रपद 22 कें प्रत्येक बरख स्मृति दिवसक रूप मे मनएबाक वातावरण तैयार करबाक मांग सेहो कएल गेल।

# आभा आइडी सं डिजिटल होयत रोगीक स्वास्थ्य रिकॉर्ड

## घर-घर बनि रहल आभा कार्ड, जिला मे अखन धरि 26,61,093 कार्ड बनल

» एचपीआर, एचएफआर आ ईएचआर लिंकिंग पर विशेष जोर

मधुबनी, समदिया

जिला मे स्वास्थ्य सेवा कें सहज, पारदर्शी आ आधुनिक बनेबाक उद्देश्य सं आयुष्मान भारत डिजिटल मिशनक क्रियान्वयन तेज कएल जा रहल अछि। जिला सं लए कए प्रखंड स्तर धरि विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि अंतर्गत नागरिकक डिजिटल स्वास्थ्य पहचान बनेबाक संग स्वास्थ्यकर्मी, स्वास्थ्य संस्थान आ मरीजक उपचार सं जुड़ल अभिलेख कें डिजिटल मंच सं जोड़ल जा रहल अछि। सिविल सर्जन डॉ. हरेंद्र कुमार कहलनि जे जिलाक नागरिकसभक विशिष्ट डिजिटल स्वास्थ्य पहचान लेल बड़ पैमाना पर आभा आईडी बनाओल जा रहल अछि। जिला मे आब धरि 26,61,093 आभा कार्ड बनि चुकल अछि। आशा कार्यकर्ता सभ एम-आशा ऐपक माध्यम सं घर-घर पहुंचि आभा कार्ड बना रहल छथि। स्वास्थ्य शिविर मे एएनएम, सीएचओ आ अन्य स्वास्थ्यकर्मी सं सेहो आईडी बनाओल जा रहल अछि। स्कूल, कॉलेज, जीविका, स्वयं सहायता समूहक बैसार, आंगनबाड़ी केंद्र तथा ग्राम स्वास्थ्य, स्वच्छता एवं पोषण दिवसक अवसर पर सेहो अभियान चलि रहल अछि। आयुष्मान भारत योजनाक डीपीसी कुमार प्रियरंजन कहलनि जे हेल्थकेयर प्रोफेशनल रजिस्ट्री (एचपीआर) अंतर्गत डॉक्टर, नर्स, फार्मासिस्ट आ पैरामेडिकल कर्मीक डिजिटल पंजीकरण कएल जा रहल अछि। हेल्थ फैसिलिटी रजिस्ट्री (एचएफआर)क माध्यम सं सरकारी आ निजी अस्पताल, क्लिनिक, जांच केंद्र सहित अन्य स्वास्थ्य संस्थान कें डिजिटल डेटाबेस सं जोड़ल जा रहल अछि। एबीडीएम अंतर्गत मरीजक उपचारक पूरा विवरण सेहो डिजिटल करबाक काज चलि रहल अछि। अस्पताल मे पंजीकरण सं लए कए डॉक्टरक परामर्श, जांच, औषधि आ छुट्टी धरि पूरा उपचार अभिलेख कें डिजिटल रूप मे दर्ज कए मरीजक आभा आईडी सं जोड़ल जा रहल अछि। एहि सं भविष्य मे पुरान पर्ची आ जांच रिपोर्ट लए घूमबाक आवश्यकता कम होयत। एबीडीएमक प्रगतिक जिला आ प्रखंड स्तर पर नियमित समीक्षा कएल जा रहल अछि। स्वास्थ्य विभाग आम लोक सं अस्पताल वा स्वास्थ्य शिविर मे आभा आईडी बनबाबय आ ओकरा अपन डिजिटल स्वास्थ्य अभिलेख सं जोड़बाक अपील कएलक अछि।

# विशेष अभियान मे 43 अभियुक्त गिरफ्तार

## 18 वारंट, 3 इश्तेहार, 141 सम्मन आ 1 कुर्की-जब्ती आदेशक भेल निष्पादन

मधुबनी, समदिया

पुलिस महानिदेशक, बिहार, पटना द्वारा देल गेल निर्देश आ वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनीक निर्देशन मे 11 सितंबर 2026 कें जिला मे विशेष अभियान चलाओल गेल। गंभीर प्रकृतिक हत्या, लूट, डकैती, दुष्कर्म, पुलिस पर हमला सहित अन्य कांड मे फरार अभियुक्तसभक विरुद्ध प्राथमिकताक आधार पर कुर्की-जब्तीक कारबाइ करबाक उद्देश्य सं ई अभियान चलाओल गेल। अभियानक दौरान कुल 43 अभियुक्त कें गिरफ्तार कएल गेल। एहि क्रम मे 18 वारंट, 3 इश्तेहार, 141 सम्मन आ 1 कुर्की-जब्ती आदेशक निष्पादन कएल गेल। गिरफ्तार अभियुक्त सभ मे शराब कारोबार सं जुड़ल 15, एनडीपीएस अधिनियमक कांड मे 2, महिला अपहरणक मामिला मे 2,



पॉक्सो अधिनियमक कांड मे 1, हत्याक प्रयासक मामिला मे 1, वारंटक आधार पर 20 तथा अन्य कांड मे 2 अभियुक्त शामिल छथि। अभियानक दौरान अपराध नियंत्रण आ यातायात सुरक्षाक दृष्टि सं सेहो कारबाइ कएल गेल। जिला मे कुल 73 वाहन सं 1,22,000 टका जुर्मानावसूल कएल गेल। पुलिस द्वारा कारबाइक क्रम मे जिलाक विभिन्न स्थान सं 1030 लीटर देशी-विदेशी शराब, 130 ग्राम ब्राउन शुगर, 1 टेंपो, 15 मोटरसाइकिल आ 2 मोबाइल फोन बरामद कएल गेल। पुलिसप्रशासनक एहि विशेष अभियान सं अपराध नियंत्रणक संग फरार अभियुक्त सभ पर कारबाइ तेज भेल अछि।

» 73 वाहन सं 1.22 लाख टका जुर्माना, 1030 लीटर शराब आ 130 ग्राम ब्राउन शुगर बरामद

# शॉर्ट सर्किट सं घर मे भीषण आगि, 50 हजार नगद सहित लाखोक सामान जरि कए राख

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर प्रखंडक काको पंचायतक वार्ड नंबर 10 मे शुक्र दिन राति करीब 12 बजे शॉर्ट सर्किट सं एकटा घर मे भीषण आगि लागि गेल। आगि देखते-देखते पूरा घर कें अपन चपेट मे लए लेलक। एहि कारण घर मे राखल 50 हजार टका नगद, गहना आ लाखो टकाक घरेलू सामान जरि कए राख भए गेल। पीड़ितरामचंद्र मुखिया कहलनि जे राति मे परिवारक सभ सदस्य सुतल छलाह। अनचोके बिजलीक शॉर्ट सर्किटसं घर मे आगि लागि गेल। लोक सभ जखन धरि जागल आ हल्ला कएलक, तखन धरि आगि विकराल रूप धारण कए



लेने छल। हल्ला सुनि आसपासक ग्रामीण घटनास्थल पर पहुंचि आगि पर काबू पाबयक प्रयास कएलनि, मुदा ताबत धरि घरक अधिकांश सामान जरि चुकल छल। पीड़ितक अनुसार, घर मे राखल एकटा पेटी मे 50 हजार टका नगद छल, जे हालहि मे मखान बेचला सं प्राप्त भेल छल। आगि मे ओ सभ टका जरि गेल। एकर अतिरिक्त 10 थान जाजिम, खेनाइ-पिनाइक अन्न, कपड़ा, बरतन, खाना बनेबाक सामान आ दैनिक उपयोगक अन्य सामग्री सेहो जरि कए नष्ट भए गेल। सौभाग्य सं परिवारक सभसदस्य समय रहिते घर सं बाहर निकलि गेलाह, जाहि सं कोनो जनहानि नहि भेल। समय पर बाहर नहिनिकलल गेल रहित तं पैघ दुर्घटना भए सकैत छल। घटनाक सूचना चौकीदारक माध्यम सं अंचल प्रशासन कें देल गेल अछि। पीड़ित परिवार प्रशासन सं मुआवजाक गुहार लगौने अछि। घटनाक बाद स्थानीयजनप्रतिनिधि घटनास्थल पर पहुंचि पीड़ित परिवार कें सांत्वना देलनि आ सभ संभव सहायता उपलब्ध करयबाक भरोसा देलनि। ग्रामीण सभ सेहो आपदा राहतक अंतर्गत पीड़ित परिवार कें सहायता देबाक मांग कएलनि। एहि संबंध मे सीओ प्रशांत कुमार झा कहलनि जे घटनाक जानकारी भेटल अछि। कर्मचारी केंघटनास्थल पर पठाकए जांच कराओल जा रहल अछि। जांच प्रतिवेदन प्राप्त भेलाक बाद नियमानुसार सहायता देल जाएत।

# विज्ञान ड्रामा मे अररिया संग्रामक छात्र प्रथम




मधुबनी, समदिया

जिला स्तरीय विज्ञान ड्रामा प्रतियोगिता मे उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय, अररिया संग्राम (झंझारपुर प्रखंड)क छात्र सभ शानदार प्रदर्शन करैत प्रथम स्थान प्राप्त केलनि। वाटसन हाई स्कूल, मधुबनीक सभागार मे आयोजित प्रतियोगिता मे छात्र सभ एआइ : मित्र, उपकरण वा खतरा विषय पर प्रभावशाली नाटक प्रस्तुत केलनि। नाटकक दर्शक आ निर्णायक सभ खूब सराहना केलनि। कार्यक्रमक अंत मे जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (स्थापना) विजेता टीम कें बधाई देलनि आ छात्रसभकअभिनयक प्रशंसा केलनि। ओ छात्रसभक उत्साहवर्धन करैत 28 सितंबर कें दरभंगा मे आयोजित होमयवला प्रमंडल स्तरीय प्रतियोगिता मे जिला कें नाम रोशन करबाक लेल प्रेरित केलनि। संगहि, ओ छात्र सभ कें नीक प्रदर्शन लेल आवश्यक सुझाव सेहो देलनि। विजेता नाटक मे मीनाक्षी कुमारी, अलिजाखान, ब्रजेश कुमार, खुशी कुमारी, अबु सूफियान, अंशु कुमारी, विवेक कुमार आ शिवानी कुमारी सहित कुल 8 छात्र-छात्रा भाग लेलनि। नाटकक संवाद लेखन आ निर्देशन संयुक्त रूप सं विद्यालयक प्रधानाध्यापक डॉ. अमित कुमार पांडेय आ सहायक शिक्षक श्री सूरज कुमार केलनि। विजेता टीम आब 28 सितंबर केंदरभंगा मे होमयवला प्रमंडल स्तरीय प्रतियोगिता मे मधुबनी जिलाक प्रतिनिधित्व करत।

## वाइब्रेंट विलेजेज कार्यक्रम 2केर प्रगतिक समीक्षा कए डीडीसी देलनि आवश्यक निर्देश

# सीमावर्ती गामक विकास मे नव गति, बदलि रहल ग्रामीण जनताक तस्वीर

मधुबनी, समदिया

जिलाधिकारीक निर्देश पर डीडीसी तुषार कुमार वाइब्रेंट विलेजेज कार्यक्रम2क अंतर्गत चलि रहल विकास काजक विभागवार समीक्षा कएलनि। समीक्षा बैसार मे सीमावर्ती क्षेत्रक समग्र विकास, आधारभूत संरचनाकसुदृढ़ीकरण, रोजगार-सृजन आ सरकारी योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन पर विस्तार सं चर्चा भेल। डीडीसीसंबंधित पदाधिकारी सभ कें कार्ययोजनाक अनुरूप निर्धारित मानक आ गुणवत्ताक संग सभ काज समयपर पूरा करबाक सख्त निर्देश देलनि। डीडीसी कहलनि जे कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य सीमावर्ती गाम मे रहनिहार लोक कें नीक मूलभूत सुविधा उपलब्ध करबैत विकासक मुख्यधारा सं जोड़नाइ अछि। एहि लेल सड़क, बिजली, पेयजल, शिक्षा, स्वास्थ्य, संचार, डिजिटल संपर्क, आजीविका, कौशल विकास आ पर्यटन क्षेत्र मे समेकित रूप सं काज करबाक आवश्यकता अछि। मधुबनी जिलाक बासोपट्टी, हरलाखी, जयनगर,



मधवापुर, लदनियां, खुटौना आ लौकहीप्रखंडक चयनित गाम सभ मे कार्यक्रमक अंतर्गत मिशन मोड मे काज चलि रहल अछि। चयनित गामसभ मे खौना, जोंकी, लौठवा, मझौरा, गंगौर, गोपालपुर, हरलाखी, कमतौल, पिपरौन, उमगांव, बेलही, देवधा,बसबरिया, दुर्गापट्टी, महुआ, परसा, सहार, जोगिया, अनहरबन, बंदरझूली, पिपराही, लछमीपुर, नारी, थरवाही, हरभंगा, महदेवा, अंधरामठ आ भरफोरी सहित अन्य गाम शामिल अछि। डीडीसी निर्देश देलनि जे प्रत्येक चयनित गामक स्थानीय आवश्यकता आ उपलब्ध संसाधनक सूक्ष्म आकलन कए प्राथमिकताक आधार पर विकास योजना तैयार कएल जाए। विभिन्न विभागक योजनाक अधिकतम समन्वय सुनिश्चित करैत बुनियादी सुविधा सं वंचित क्षेत्र मे प्राथमिकता सं काज करबाक लेलकहलनि। ओ स्थानीय युवा, महिला, स्वयं सहायता समूह आ किसान उत्पादक संगठन कें योजना सं जोड़ि स्थायी रोजगार आ आजीविकाक अवसर बढ़ेबाक निर्देश देलनि। संगहि मिथिला कला, हस्तशिल्प, स्थानीय उत्पाद आ प्राकृतिक संसाधनक उपयोग सं पर्यटन तथा स्थानीय अर्थव्यवस्था कें बढ़ावा देबाक बात कहलनि। शिक्षा, स्वास्थ्य आ डिजिटल संपर्क कें मजबूत करबाक लेल विद्यालय आ स्वास्थ्य संस्थानक सुविधाकआकलन कए आवश्यक सुधारक प्रस्ताव तैयार करबाक निर्देश सेहो देल गेल। डीडीसी प्रस्तावित आस्वीकृत योजनाक नियमित निगरानी, स्थल निरीक्षण आ गुणवत्तापूर्ण काज सुनिश्चित करबाक निर्देश दैतकहलनि जे कार्यक्रम सीमावर्ती गामक जीवन-स्तर मे व्यापक सुधार आनबाक महत्वपूर्ण अवसर अछि।

# राष्ट्रीय पोषण माहक आयोजन लेल देल गेल दिशा-निर्देश

बिस्फी, समदिया

महिला एवं बाल विकास मंत्रालय, भारत सरकारक निर्देश पर प्रखंड क्षेत्रक सभ आंगनबाड़ी केंद्र पर नवम राष्ट्रीय पोषण माह 2026क आयोजन कएल जाएत। ई विशेष अभियान 8 अक्टूबर 2026 धरि चलत। सफल आयोजन कें लए कए बाल विकास भवनक सभागार मे सीडीपीओ अहमद रजा खांक अध्यक्षता मेसभ पर्यवेक्षकक बैसार आयोजित भेल। सीडीपीओ अहमद रजा खां कहलनि जे एहि बरख राष्ट्रीय पोषण माहक मुख्य विषय हमर आंगनबाड़ी हमर जिम्मेदारी निर्धारित कएल गेल अछि। अभियानक मुख्य उद्देश्य व्यक्तिगत आ सामुदायिक स्तर पर व्यवहार मे सकारात्मक परिवर्तन आननाइ तथा लोक केंकुपोषणक प्रति जागरूक करनाइ अछि। ओ कहलनि जे अभियानक अंतर्गत गतिविधिक विस्तृत कार्यक्रम तैयार कएल गेल अछि। एहि क्रम मे विभिन्न गतिविधिक आयोजन कए बच्चा, गर्भवती महिला, किशोरी तथा समुदाय मे स्वास्थ्य आ पोषणकप्रति व्यापक जागरूकता फैलाओल जाएत। अभियानक दौरान संतुलित आ पर्याप्त प्रोटीनयुक्त आहार,आंगनबाड़ी केंद्र पर ताजा आ गरम भोजन, सामुदायिक सहभागिता आ जवाबदेही, बाल विकास लेल पोषणआ प्रारंभिक उद्दीपन, प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना तथा मातृ स्वास्थ्य लेल नगद सहायता सहितविभिन्न विषय पर लोक कें जागरूक कएल जाएत।सीडीपीओ कहलनि जे गर्भवती महिला आ छोट बच्चा सभ कें नियमित रूप सं पौष्टिक आ संतुलित आहार देला सं हुनकर नीक पोषण सुनिश्चित कएल जा सकैत अछि। एहि लेल आंगनबाड़ी केंद्रक माध्यम सं परिवार आ समुदाय कें पोषणक महत्वक प्रति जागरूक करब आवश्यक अछि।

» विशेष अभियान मे हमर आंगनबाड़ी हमर जिम्मेदारी अछि मुख्य विषय

# श्रद्धा आ संकल्पक संग मनाओल गेल सीताराम येचुरीक दोसर पुण्यतिथि



मधुबनी, समदिया

भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी) अंचल कमिटी, मधेपुरक तत्वावधान मे पार्टी कार्यालय, न्यू बस स्टैंड, मधेपुर मे सीताराम येचुरीक दोसर पुण्यतिथि श्रद्धा आ संकल्पक संग मनाओल गेल। एहि अवसर पर उपस्थित पार्टी कार्यकर्ता सभ आ मजदूर-किसान नेता येचुरीक चित्र पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलिअर्पित कएलनि।बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक जिलाध्यक्ष राम नारायण यादव कहलनि जे सीताराम येचुरी छात्र आंदोलन सं लए कए देशक संसद धरि आम लोकक आवाज बनि रहलनि। 12 अगस्त 1952 कें चेन्नई मे जन्मल येचुरी जवाहरलाल नेहरू विश्वविद्यालय मे एसएफआइक अध्यक्ष रहलनि। बाद मे डीवाइएफआइक राष्ट्रीय अध्यक्ष तथा भारतक कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी)क महासचिवक दायित्वनिभेलनि। ओ कहलनि जे येचुरी सांप्रदायिकता, पूंजीवाद आ गरीब-विरोधी नीतिक विरुद्ध आजीवन संघर्ष कएलनि। बरख 2005 सं 2017 धरि राज्यसभाक सदस्यक रूप मे ओ मजदूर-किसानक आवाज कें सदन मे मजबूती सं उठबैत रहलनि। हुनकर निधन देशक वामपंथी आ लोकतांत्रिक आंदोलन लेल अपूरणीय क्षति अछि। हुनकर दोसर पुण्यतिथि पर हुनका द्वारा देखाओल बाट पर चलबाक संकल्प लेल गेल।कार्यक्रम मे सीताराम येचुरीक चित्र पर पुष्प अर्पित कएनिहार मे राम नारायण यादव, फूल मोहम्मद,नारायण सदाय, अंचल कमिटी सदस्य रुकमणि देवी, सुकन सदाय, श्यामा देवी, हरेराम सदाय, अरुण सदाय, अच्छेलाल सदाय, कैलाश सदाय, बिनोद सदाय सहित दर्जनो मजदूर-किसान शामिल छलाह।

# ऑपरेशन तलाश मे कोसीक तीन जिला मे 179 लापता बच्चाक बरामदगी

## सहरसा मे 67, सुपौल मे 68 आ मधेपुरा मे 44 बच्चा भेटल

**सहरसा, समदिया**

बिहार पुलिस मुख्यालयक निर्देश पर गुमशुदा, लापता आ अपहृत बच्चासभक बरामदगी लेल चलाओल गेल ऑपरेशन तलाश अभियान मे कोसी क्षेत्रक पुलिस कें पैघ सफलता भेटल अछि। 20 अगस्त सं 10 सितंबर धरि चलल एहि अभियानक पुलिस उपमहानिरीक्षक कार्यालय, कोसी क्षेत्र, सहरसा द्वारा लगातार निगरानी कएल गेल। अभियानक दौरान सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिला सं कुल 179 गुमशुदा, लापता आ अपहृत बच्चा सभ कें बरामद कएल गेल। अभियानक अंतर्गत सहरसा जिला सं 67, सुपौल सं 68 आ मधेपुरा सं44 बच्चा बरामद भेल। बरामद लोक सभ मे 153 बालिका, 16 बालक आ 10 विवाहित




महिला शामिल छथि। आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कएलाक बाद न्यायालयक आदेशानुसार सभ कें विधिवत हुनकर परिजन अथवा संबंधित विधिक प्राधिकार कें सौंप देल गेल। अभियानक सफलता मे तीनू जिलाक नोडल पदाधिकारी आ एएचटीयू प्रभारीसभक महत्वपूर्ण भूमिका रहल। सहरसा मे पुलिस उपाधीक्षक ओम प्रकाश कुमार आ पुलिस निरीक्षक कृष्णा प्रसाद सिंह, सुपौल मे पुलिस उपाधीक्षक गौरव गुप्ता आ राजेश कुमार झा तथा मधेपुरा मे पुलिस उपाधीक्षक आशीष

> » डीआइजी कहलनि जे कोसी प्रक्षेत्र मे उत्कृष्ट काज कएनिहार पुलिस पदाधिकारी पुरस्कृत होयत

राज आ संजीव कुमार अभियान मे महत्वपूर्ण योगदानदेलनि। डीआइजी कार्यालयक अपर पुलिस अधीक्षक एमएसएच फाखरी आ पुलिस अवर निरीक्षक श्वेत कमलक सेहो महत्वपूर्ण भूमिका रहल। डीआइजी कहलनि जे उत्कृष्ट काज कएनिहार सभ पदाधिकारी कें पुरस्कृत कएल जायत। अभियानक मुख्य उद्देश्य मानव व्यापार, बाल श्रम, अनैतिक काज, साइबर अपराध तथा महिला एवं बाल अपराध पर प्रभावी नियंत्रण करब अछि। पुलिस लोक सभ सं संदिग्ध गतिविधिक सूचना तत्काल पुलिस कें देबाक अपील केलक अछि। अनजान नंबर सं आबयवला फर्जी फोन, नौकरीक झांसा आ सोशल मीडिया पर देल जायवला प्रलोभन सं सतर्क रहबाक संग बच्चा सभ कें सेहो जागरूक करबाक सलाह देल गेल अछि। शिकायत अथवा सहायता लेल चाइल्ड हेल्पलाइन 1098, महिला हेल्पलाइन 181, साइबर क्राइम हेल्पलाइन1930 आ महिला पुलिस हेल्पलाइन 1091 पर संपर्क कएल जा सकैत अछि।

# रतन कुमार बनलाह लोजपा (रा) पिछड़ा अति पिछड़ा प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष



**सहरसा, समदिया**

लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) पिछड़ा एवं अति पिछड़ा प्रकोष्ठक बिहार प्रदेश अध्यक्ष सुनील कुमार यादव सिरादेपट्टी निवासी रतन कुमार कें जिला पिछड़ा एवं अति पिछड़ा प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष मनोनीतकेलनि अछि। हुनकर मनोनयन सं पार्टी कार्यकर्ता सभ मे हर्ष व्याप्त अछि। रतन कुमार कें जिलाध्यक्ष मनोनीत कएल गेलाक बाद सिमरी बख्तियारपुरक विधायक संजय कुमार सिंह, जिलाध्यक्ष महेंद्र कुमार शर्मा आ युवा प्रदेश उपाध्यक्ष अमरेंद्र कुमार यादव हुनका बधाई देलनि। नेता सभ संगठन कें मजबूतबनयबाक दिशा मे हुनकर सक्रिय भूमिका रहबाक अपेक्षा व्यक्त केलनि। बधाई देनिहार मे लोजपा (रा) एससी-एसटी प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष दिलीप पासवान, संसदीय बोर्ड जिलाध्यक्ष मणीकांत सिंह, युवा जिलाध्यक्ष संदीप पासवान, महिला जिलाध्यक्ष रिंकू कुमारी, छात्र जिलाध्यक्ष अमरेश पासवान, आइटी सेल जिलाध्यक्ष गगन सहित पार्टीक अन्य नेता आ कार्यकर्ता शामिल छथि।

# पुरान यातायात चालानक निपटारा लेल विशेष अदालत, 236 मामिलाक निष्पादन

## 8 लाख सं बेसी राशि जमा, वाहन मालिक सभ कें भेटल 50 प्रतिशत धरि छूटक लाभ

**सहरसा, समदिया**

एकमुश्त यातायात चालान निपटान योजना, 2026 अंतर्गत पुरान लंबित यातायात चालानक निपटारा लेल परिवहन विभागक दिस सं विशेष पहल कएल गेल। एहि योजनाक अंतर्गत 7 सितंबर सं 12 सितंबर धरि पुरान चालानक राशि मे 50 प्रतिशत धरि कटौतीक बाद भुगतान करबाक सुविधा देल गेल। एहि सुविधाकलाभ उठबैत बड़ी संख्या मे वाहन मालिक आ चालक अपन लंबित चालानक निपटारा करौलनि। जिलापरिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल बतौलनि जे योजनाक अंतर्गत 12 सितंबर कें विशेष अदालत आयोजित कएल गेल, जाहि मे करीब 236 पुरान चालानक निष्पादन कएल गेल।



मामलासभक निपटारा सं 8 लाख सं बेसी राशि जमा भेल। ओ कहलनि जे योजनाक उद्देश्य पुरान लंबित चालानक सरल तरीकासं निपटारा करब छल, जाहि सं वाहन मालिक सभ कें राहति भेटय आ यातायात नियमक प्रति जागरूकता सेहो बढ़य। डीटीओ कहलनि जे यातायात नियमक उल्लंघनक आधार पर मोटर वाहन अधिनियमक विभिन्न धाराक अंतर्गत चालान कएल जाइत अछि। हालांकि एकमुश्त यातायात चालान निपटान योजना मे गंभीर प्रकृतिक उल्लंघन कें छूटक दायरा सं बाहर राखल गेल छल। एहि मे खतरनाकतरीका सं वाहन चलाएब, शराब वा नशाक प्रभाव मे वाहन चलाएब, वाहन चलबैत समय मोबाइल फोनकउपयोग, गलत तरीका सं ओवरटेक करब, रेसिंग, बिना परमिट वाहन चलाएब, ओवरलोडिंग तथा नाबालिग द्वारा वाहन चलाएबाक मामिला शामिल अछि। विभागक अनुसार सामान्य यातायात उल्लंघनक किछु मामिला मे 500 रुपैया धरि शमन राशि निर्धारित अछि, जखन कि गंभीर उल्लंघनक मामिला मे बेसी जुर्मानाक संग कारावासक सेहो प्रावधान अछि। नाबालिग द्वारा वाहन चलाओल गेल मामिला मे अभिभावक अथवा वाहन मालिकक विरुद्ध कारबाइक संग वाहनक पंजीयन निलंबित करबाक प्रावधानअछि। जिला परिवहन पदाधिकारी वाहन चालक आ मालिक सभ सं यातायात नियमक पालन करबाक अपील केलनि। ओ कहलनि जे सड़क सुरक्षाक लेल नियमक पालन आवश्यक अछि आ लंबित चालानक समय पर निपटारा सेहो करब जरूरी अछि।

# ब्रिक्स सम्मेलनक सफल आयोजन भारतक महत्वपूर्ण कूटनीतिक उपलब्धि : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## डॉ. ठाकुर कहलनि जे ब्रिक्स सम्मेलन पर राहुल गांधीक बयान विपक्षक हताशाक परिचायक

**समदिया, समदिया**

सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक सफल आयोजन भारतक महत्वपूर्ण कूटनीतिक उपलब्धि अछि। एहि सम्मेलनक माध्यम सं प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे वैश्विक स्तरपर भारतक नेतृत्व क्षमताक नव आयाम स्थापित भेल अछि। ओ कहलनि जे दिल्ली मे आयोजित ब्रिक्सशिखर सम्मेलन मे विश्वक प्रमुख राष्ट्राध्यक्षसभक भारत आगमनक बीच कांग्रेस नेता राहुल गांधी सहित विपक्षी नेता सभ द्वारा सम्मेलन पर सवाल उठेनाइ हुनकर हताशा कें दर्शबैत अछि। डॉ. ठाकुर ब्रिक्स सम्मेलनक मुद्दा पर राहुल गांधीक बयानक कड़ा निंदा केलनि। सांसद कहलनि जे एक दिस वैश्विक चुनौतीक बीच अंतरराष्ट्रीय



मुद्रा कोष (आइएमएफ) भारतक 7.8 प्रतिशत विकास दर आ अर्थव्यवस्थाक लचीलापनक सराहना केलक अछि, तं दोसर दिस कांग्रेसक शासनकालक सच्चाइ सेहो देशक सामने अछि।हुनकर अनुसार 2011-13 मे तत्कालीन वित्त मंत्रीक कार्यकालक दौरान भारत कें विश्वक असफल पांचअर्थव्यवस्था मे गिनल जाइत छल। निवेश ठप छल आ रेटिंग एजेंसी सभ भारत कें ब्रिक्स सं बाहर कए इंडोनेशिया कें शामिल करबाक तथा भारतीय अर्थव्यवस्थाक रेटिंग घटेबाक बात कहि रहल छल। डॉ. ठाकुर भारतक विदेश नीतिक प्रशंसा करैत कहलनि जे कांग्रेसक शासनकाल मे भ्रष्टाचार, महंगाई आ नीतिगतपंगुता सं जूझि रहल अर्थव्यवस्था कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्ववाली एनडीए सरकार नहि मात्र संभाललक, बल्कि भारत कें विश्वक शीर्ष पांच अर्थव्यवस्था मे शामिल करय मे सेहो सफलता प्राप्तकेलक। ओ कहलनि जे 140 करोड़ देशवासी कें आशीर्वाद सं भारत आइ ब्रिक्स सम्मेलनक "ब्राइट स्पॉट" आ वैश्विक अर्थव्यवस्थाक स्थिरताक मजबूत स्तंभ बनि गेल अछि। सांसद डॉ. ठाकुर कांग्रेस कें नसीहत दैत कहलनि जे अंतरराष्ट्रीय मंच आ विदेश नीतिक मामिला मे पक्ष-विपक्षक एक स्वर मे बाजबाकपरंपरा रहल अछि। मुदा कांग्रेसक अनर्गल बयानबाजी सं देशक लोकतांत्रिक गरिमा कें ठेस पहुंचल अछि, जे दुर्भाग्यपूर्ण अछि।

# दिशा बैसार मे विकास योजनाक समीक्षा, लंबित काज समय पर पूरा करबाक निर्देश

## सांसद दिनेश चंद्र यादव योजनाक गुणवत्तापूर्ण क्रियान्वयन आ जनसमस्याक त्वरित समाधान पर देलनिजोर

**सहरसा, समदिया**

मधेपुरा लोकसभा क्षेत्रक सांसद दिनेश चंद्र यादवक अध्यक्षता मे शनिदिन विकास भवन सभागार मेजिला विकास समन्वय एवं निगरानी समिति (दिशा)क बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे जिला मे विभिन्न विभागक माध्यम सं संचालित विकास योजना आ कार्यक्रमक प्रगति मे विभागवार विस्तृत समीक्षा कएल गेल। एहि दौरान पिछला दिशा बैसार मे देल गेल निर्देशसभक अनुपालनक स्थितिक सेहो समीक्षा भेल। संबंधित विभागक पदाधिकारी सभ अपन-अपन विभागक योजनाक अद्यतन प्रगति सं समिति कें अवगत करौलनि। लंबित काजक समीक्षा करैत संबंधित अधिकारी सभ कें निर्धारित समय- सीमाक भीतर काज पूरा करबाक निर्देश देल गेल। बैसार मे सांसद आ जनप्रतिनिधि सभ अपन-अपन क्षेत्र सं जुड़ल जनसमस्या आ विकास संबंधी विभिन्न मुद्दा प्रमुखता सं उठौलनि। सांसद संबंधित



विभाग सभकें आपसी समन्वय स्थापित कए प्राथमिकताक आधार पर जनसमस्याक त्वरित आ प्रभावी समाधानसुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ आधारभूत संरचना, सड़क आ जनसेवा सं जुड़ल काज पर विशेष ध्यान देबाक कहलनि, जाहि सं विकास योजनाक लाभ आम लोक धरि समय पर पहुंचि सकय। सांसद दिनेश चंद्र यादव कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकार द्वारा संचालित विकास योजनाक प्रभावी लाभ पात्र लाभुक आ आम नागरिक धरि पहुंचेनाइ प्राथमिकता होयबाक चाही। ओ अधिकारी सभ कें योजनाक समयबद्ध आ गुणवत्तापूर्ण क्रियान्वयन सुनिश्चित करबाक, नियमित अनुश्रवण करबाक आ विभिन्न विभागक बीच नीक समन्वय बनौने रखबाक निर्देश देलनि। संगहि, लंबित योजना सभ कें प्राथमिकताक आधार पर पूरा करबाक सेहो जोर देलनि। बैसार मे जिलाधिकारी दीपेश कुमार विभिन्न विभाग द्वारा संचालित योजनाक अद्यतन प्रगतिक जानकारी समिति कें देलनि। ओ कहलनि जे जिला प्रशासन द्वारा विकास योजनाक क्रियान्वयनक नियमित समीक्षा आ अनुश्रवण कएल जा रहल अछि। सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्धारित मानक आ समय-सीमाक पालन करैत योजना सभ कें गुणवत्तापूर्वक पूरा करबाकनिर्देश देलनि। बैसार मे सहरसा विधायक इंद्रजीत प्रसाद गुप्ता, सिमरी बख्तियारपुर विधायक संजय कुमार,महिषी विधायक गौतम कृष्ण, सहरसा-मधेपुरा-सुपौल स्थानीय प्राधिकार निर्वाचन क्षेत्रक विधान परिषदसदस्य डॉ. अजय कुमार सिंह, उप विकास आयुक्त गौरव कुमार सहित जिलाक सभ संबंधित जिला स्तरीय पदाधिकारी आ अन्य जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

# नेपाल मे भारतक राजदूत नवीन श्रीवास्तवक दू दिवसीय दौरा

**जनकपुरधाम, समदिया**

नेपाल मे भारतक राजदूत महामहिम नवीन श्रीवास्तव 11-12 सितंबर 2026 कें बीरगंजक दू दिवसीयदौरा केलनि। 11 सितंबर कें राजदूत बीरगंज स्थित एकीकृत जांच चौकी (आइसीपी)क दौरा कयलनि आबीरगंज सीमा शुल्क प्रमुख तथा टर्मिनल प्रमुख सहित अन्य अधिकारी सभ सं भेंट कयलनि। तकर बादओ रक्सौल स्थित आइसीपीक सेहो दौरा कयलनि। एहि क्रम मे सीमा पार व्यापारक सुगमता आ समन्वयक समीक्षा लेल भारतीय भू-पत्तन प्राधिकरण (एलपीएआइ), सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), सीमाशुल्क, आव्रजन, पादप संगरोध आ एफएसएसएआइक वरिष्ठ अधिकारी सभक संग बैसार कयलनि। बाद मेराजदूत रक्सौल स्थित भारतीय दूतावासक बंगला गेलनि आ ओतय गाछ रोपलनि। सांझ मे ओ भारत-नेपाल सहयोग मंच आ नेपाल-भारत मैत्री संघक प्रतिनिधिमंडल सभ सं




भेंट कयलनि। एहि बाद बीरगंजचैंबर ऑफ कॉमर्स, एनआइसीसीआइ आ एनवाइइएफक उद्योगपति तथा सदस्य सभक संग संवादकयलनि। 12 सितंबरक भोर मे ओ स्थानीय पत्रकार सभक संग सेहो बातचीत कयलनि। बैसार सभकदौरान राजदूत भारत आ नेपालक बीचक गहींर आ स्थायी मित्रताक उल्लेख करैत नेपालक विकास लेल भारतक प्रतिबद्धता दोहरौलनि। ओ नेपाल कें भारत द्वारा जारी बाढ़ि राहति सहायता संबंधी जानकारीसेहो देलनि। हुनकर अनुसार 26 अगस्त 2026 सं भारत आश्रय सामग्री, कंबल, स्वच्छता किट, सौर बत्तीआ औषधि सहित 130 टन सं बेसी राहति सामग्री लए' भारतीय वायु सेनाक 8 उड़ान नेपाल पठौलकअछि। चिलि मे आ लाङटाङ मे अभियान लेल विशेष सुरंग बचाव दल सहित 54 विशेषज्ञ कर्मी कें तैनातकयल गेल अछि। भारत द्वारा डीएनए किट आ फोरेंसिक सहायता सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि।संपर्क व्यवस्था पुनर्बहाल करबाक लेल बेली ब्रिजक उपकरण सेहो पठाओल गेल अछि। एहि मे 230 फुटकपुल लेल 16 ट्रक सामग्री तथा सात अन्य पुल लेल आवश्यक सामग्री शामिल अछि।

# बेनीपट्टी मे राष्ट्रीय लोक अदालत, 370 मामिलाक निष्पादन

## 76 लाख 90 हजार 200 रुपैया समझौता राशिक भेल वसूली

**बेनीपट्टी, समदिया**

सिविल कोर्ट परिसर मे शनिदिन अनुमंडल विधिक सेवा समिति के तत्वावधान मे राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल गेल। एहि लेल तीन पीठक गठन कएल गेल छल। न्यायाधीशक मौजूदगी मे मामिलाक सुनवाइ करैत आपसी सुलहनामाक आधार पर कुल 370 मामिलाक निष्पादन कएल गेल आ 76 लाख 90 हजार 200 रुपैया समझौता राशि वसूल कएल गेल। पहिल पीठ मे अपर मुख्य न्यायिक दंडाधिकारीबृजनाथ आ अधिवक्ता सदस्य मनीष कुमार, दोसर पीठ मे अनुमंडल न्यायिक दंडाधिकारी मनीष राय आ अधिवक्ता सदस्य प्रणव कुमार तथा तेसर पीठ मे




न्यायिक दंडाधिकारी सह मुंसिफ मनीष रंजन आ अधिवक्ता सदस्य पवन कुमार राय शामिल छलाह। न्यायाधीश सभ कहलनि जे 1995 मे उच्चतमन्यायालयक निर्देश पर लोक अदालतक गठन कएल गेल छल। सुलह योग्य वादक निपटारा कए लोक सभ कें सरल, सुलभ, सस्ता आ त्वरित न्याय उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं राष्ट्रीय लोक अदालतआयोजित कएल जाइत अछि। लोक अदालत मे न्यायालयक 1158 मामिला मे 202 मामिलाक निष्पादनकए 5 लाख 66 हजार 140 रुपैया, बैंकक 2265 मामिला मे 162 मामिलाक निष्पादन कए 71 लाख 15 हजार 776 रुपैया आ बीएसएनएलक 223 मामिला मे 6 मामिलाक निष्पादन कए 8 हजार 284 रुपैयासमझौता राशि वसूल कएल गेल। लोक अदालतक कार्यवाहीक एसीजेएम, एसडीजेएम सहित अन्य अधिकारी सभ सेहो निरीक्षण केलनि। एहि अवसर पर प्रभारी प्रशासन आशुतोष ठाकुर, एपीपी दिव्यांश पांडे, विधिक सेवा समिति सदस्य मो. सलमान, पवन कुमार साह, सुमित कुमार, खुशहाल कुमार, सुकेश कुमार, अर्जुनकुमार साह, किशन कुमार, धनी शंकर प्रसाद, लक्ष्मण कुमार, सुबोध कुमार, बिक्रम कुमार सहित अन्य उपस्थित छलाह।

# एक बोतल बीयर आ एक बोतल अंग्रेजी शराबक संग एक गिरफ्तार

**बेनीपट्टी, समदिया**

स्थानीय थाना पुलिस वाहन जांचक दौरान एक डिजायर कार सं एक बोतल अंग्रेजी शराब आ एक बोतल बीयर बरामद क' एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस शराबक संग कार सेहो जब्त क' लेलक अछि। गिरफ्तार व्यक्तिक पहचान कलुआही थाना क्षेत्रक भरतपट्टी निवासी प्रदीप कुमार मंडलक रूप मे भेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार थाना मे पदस्थ पीएसआई वंशिका श्री रातिक गश्ती पर निकलल छलीह। एहि क्रम मे सोईलीक लग वाहन जांच शुरू कयल गेल। जांचक दौरान पुलिस एक डिजायर कार कें रोकि तलाशी लेलक। तलाशीक क्रम मे कारक सीट

> ▪ डिजायर कार सेहो जब्त, वाहन जांचक दौरान सीट तर सं बरामद भेल शराब

तर सं 375 एमएलक एक बोतल अंग्रेजी शराब आ 500 एमएलक एक बोतल बीयर बरामद भेल। शराब बरामद होइतहि पुलिस कार सवार प्रदीप कुमार मंडल कें हिरासत मे लए' लेलक। बाद मे शराब आ कार कें जब्त क' थाना आनल गेल। एहि संबंध मे एसएचओइंस्पेक्टर अनुप कुमार कहलनि जे मामिला मे प्राथमिकी दर्ज क' गिरफ्तार व्यक्ति कें न्यायिक हिरासत मे जेल पठा देल गेल अछि।

# एम्स नर्सेस यूनियन चुनाव मे अनुपम रचलनि इतिहास

**सहरसा, समदिया**

जिलाक महिषी प्रखंडक बलुआहा गांवक बहू अनुपम कुमारी एम्स दिल्लीक नर्सेस यूनियन चुनाव-2026 मेरिकॉर्ड जीत दर्ज कए क्षेत्रक नाम रोशन केलनि। संयुक्त सचिव पद पर सर्वाधिक 2660 मत प्राप्त कएओ 200 मत सं विजयी भेल छथि। टीम संकल्पक प्रत्याशी अनुपम एहि पद पर जीत दर्ज कएनिहार पहिल बिहारी बताओल जा रहल छथि। एम्स मे नर्सिंग ऑफिसरक रूप मे कार्यरत अनुपम कर्मठ,संघर्षशील आ सहयोगी कार्यकर्ता केर रूप मे अपन पहचान बनौने छथि। ओ नर्सिंग ऑफिसरसभक सम्मान, अधिकार आ नीक कार्य परिस्थिति लेल लगातार आवाज उठबैत रहल छथि। हुनकर जीतक बादबलुआहा गांव मे उत्सवक माहौल अछि।



अनुपम पूर्व सरपंच रामेश्वर दास आ परमेश्वर दासक पुत्रवधू तथा एम्सक रेडियोलॉजी विभाग मे कार्यरत टेक्निकल ऑफिसर रमण कुमारक पत्नी छथि। ओतहि हुनकरपैतृक गांव ग्वालपाड़ा, मधेपुरा मे पिता प्रभाकर लाल दास सहित ग्रामीण सभ सेहो जीत पर खुशी व्यक्त केलनि। अनुपम अपन जीतक श्रेय सभ नर्सिंग ऑफिसरक विश्वास कें देलनि।

# भारत चाहैत अछि जे ब्रिक्स सेतु बनय, गुट नहि

भावना सिंह

भारत जखन नई दिल्ली मे 2026 केर ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक मेजबानी कए रहल अछि, तखन विभिन्न दिशा सं समर्थन आ प्रोत्साहनक स्वर सेहो सामने आबि रहल अछि। लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ स्थिरताक लेल निर्माण थीम अंतर्गत भारत ब्रिक्स लेल एकटा अलग दृष्टिकोण प्रस्तुत केने अछि।

भारतक एहि दृष्टिकोणक मूल मे व्यापार, सीमा पार भुगतान, आपूर्ति श्रृंखला, प्रौद्योगिकी आ कृत्रिम बुद्धिमत्ता, ऊर्जा, विकासक लेल वित्त तथा संयुक्त राष्ट्र, अंतरराष्ट्रीय मुद्रा कोष आ विश्व व्यापार संगठन मे सुधार जेकां क्षेत्र मे ठोस सहयोगक आवश्यकता अछि। एकर अर्थ अछि जे वर्तमान विकास सं जुड़ल असमानता दूर करबाक लेल पुरान असमानता मे सुधार करब जरूरी अछि। विकास सं जुड़ल बहुपक्षीय सहयोगक माध्यम सं भारत मात्र वैश्विक संस्था मे प्रतिनिधित्वक हिस्सेदारी बदलबाक मांग धरि सीमित नहि रहय चाहैत अछि, बल्कि सभक लेल टिकाऊ विकास सुनिश्चित करबाक लेल वित्त, प्रौद्योगिकी आ संस्थागत क्षमता जुटेबाक पक्ष मे अछि। एहि क्रम मे भारतक भूमिका धीरे-धीरे विकास सं जुड़ल समाधान देनिहार आ ओकर निर्माण मे योगदान देनिहार देशक रूप मे उभरि रहल अछि।

एखन धरि भारत विभिन्न शहर मे आ अलग-अलग मंचक माध्यम सं 350 सं बेसी बैठक आयोजित कए चुकल अछि। एहि बैठक सभ मे स्वास्थ्य, प्रौद्योगिकी, आपूर्ति श्रृंखला आ महिलाक स्वास्थ्य जेकां महत्वपूर्ण विषय पर सहयोग आ संवादक आवश्यकता पर जोर देल गेल। भारतक कार्यपद्धति साझेदार देशसभक क्षमता बढ़ेब, संस्था सभ मे सक्रिय सहभागिता करब, गठबंधन तैयार करब तथा वैश्विक नियम आ मानक तय करबाक प्रक्रिया मे भूमिका निभेबा पर आधारित रहल अछि। एकर प्रमुख उद्देश्य कम विकसित देशसभके वैश्विक मंच पर बेसी आवाज प्रदान करब अछि।

भारतीय रणनीतिक विशेषज्ञ आ नेतासभक मानब अछि जे भारत मे भए रहल परिवर्तन आ विश्व मे भारतक बढ़ैत भूमिका एक-दोसरा कें मजबूत करैत अछि। भारत ब्रिक्स देश सभ आ अन्य राष्ट्रक बीच कम खर्चमे, तेज आ सुरक्षित सीमा पार भुगतानक व्यवस्था विकसित करबाक महत्व पर जोर देने अछि। एहि सं व्यापार आ निवेशक प्रवाह कें गति भेटि सकैत अछि।

वर्तमान अध्यक्षताक अवधि मे महत्वपूर्ण उपलब्धि सभ मे एकटा संयुक्त वक्तव्य सेहो रहल, जाहि मे महिलाक नेतृत्व मे विकासक दृष्टिकोणक अंतर्गत दूटा प्रमुख लक्ष्य पर व्यापक सहमति बनल। पहिल लक्ष्य महिला सभ कें सशक्त बनेबाक उपायसभक जानकारी परस्पर साझा करब आ दोसर लक्ष्य महिलाक डिजिटल पहुंच तथा क्षमता बढ़ेबाक लेल मिलि कए काज करब अछि, जाहि सं कौशल विकास कें बढ़ावा देल जा सकय। भारत लघु आ मध्यम उद्योग अर्थात एमएसएमई कें बेसी मजबूत बनेबाक, उत्पादकता बढ़ेबाक, प्रतिस्पर्धी बनेबाक तथा नवाचार अपनाबय मे सक्षम बनेबाक दिशा मे सेहो काज कए रहल अछि। एकर अतिरिक्त वैश्विक सौर फोटोवोल्टिक क्षमताक विस्तार पर जोर देल गेल




अछि। आर्थिक विकास लेल उत्तरदायी ढंग सं आ प्रौद्योगिकीक सहयोग सं तैयार बुनियादी संरचनाक माध्यम सं टिकाऊ उद्योग, परिवहन, रसद व्यवस्था आ औद्योगिक आपूर्ति श्रृंखलाक विकास कें सेहो महत्व देल गेल अछि।

### भारतक पसंद

एहि वर्ष भारत ब्रिक्सक विस्तारक एजेंडा सेहो आगू बढ़ौलक अछि। आबय बला वर्ष सभ मे खास कए अफ्रीका सं आरो बेसी देशक एहि समूह मे शामिल होयबाक संभावना अछि। मुदा भारतक समक्ष एकटा पैघ चुनौती सेहो अछि - ओ पैघ वैश्विक हितक लेल आगू बढ़ि कए जिम्मेदारी स्वीकार करैत अछि अथवा एहि जिम्मेदारी सं पाछां हटैत अछि।

वर्तमान वैश्विक व्यवस्था एकटा एहन मोड़ पर देखाइत अछि जतय व्यापक परिवर्तन चलि रहल अछि। कोनो एकटा देश असगर एहि परिवर्तन कें नव बहुध्रुवीय व्यवस्थाक दिस नहि लए जा सकैत अछि। ब्रिक्सक उद्देश्य संयुक्त राष्ट्रक नेतृत्व मे चलि रहल बहुपक्षीय व्यवस्था कें समाप्त करब नहि, बल्कि ओकरा बेसी प्रतिनिधित्वपूर्ण, प्रभावी आ जनताक आवश्यकताक प्रति उत्तरदायी बनेब अछि। मूल आलोचना ई अछि जे 1945 मे बनाओल गेल संस्था सभ 2026 केर राजनीतिक, आर्थिक आ जनसंख्याक शक्ति-वितरण कें पर्याप्त रूप सं प्रतिबिंबित नहि करैत अछि।

ब्रिक्स वर्तमान बहुपक्षीय संस्था सभक प्रति असंतोष अवश्य व्यक्त करैत अछि, मुदा व्यापक बहुपक्षीय व्यवस्था सं अलग नहि अछि। ओहि व्यवस्थाक भीतर रहि कए ओकर सुधार आ सुदृढ़ीकरणक दिशा मे काज करैत अछि। एहि लेल भारतक जोर एहन बहुध्रुवीय व्यवस्था पर अछि जाहि मे मात्र शक्ति केंद्रक संख्या नहि बढ़य, बल्कि सभ कें उचित प्रतिनिधित्व भेटय। न्यू डेवलपमेंट बैंक ब्रिक्स सदस्य देश सभ आ उभरैत अर्थव्यवस्था सभ मे टिकाऊ विकास, बुनियादी संरचना आ सामाजिक कार्यक्रम सभ लेल 100 सं बेसी परियोजना कें वित्तीय सहयोग प्रदान कए चुकल अछि।

भारत एहि यात्रा मे किछु एहन मूल बातक पहिचान केने अछि जाहि सं समझौता नहि कएल जा सकैत अछि। पहिल, भारत वर्तमान व्यवस्था कें पूरा तरहें बदलबाक बदला ओकरा मे सुधारक पक्षधर अछि। दोसर, भारत अलग-अलग संस्थाक निर्माणक बदला संस्थासभक बीच सहयोग आ समन्वय पर जोर दैत अछि। तेसर आ सभ सं महत्वपूर्ण, उभरैत अर्थव्यवस्था सभ कें वैश्विक मंच पर बेसी आवाज देनाइ अछि। भारत प्रौद्योगिकी आ डिजिटल सार्वजनिक बुनियादी संरचनाक क्षेत्र मे क्षमता बढ़ेब तथा जलवायु परिवर्तनक चुनौती पर सहयोग बढ़ेबाक लेल प्रयासरत अछि। नयी दिल्ली मे अकादमिक मंच, व्यापारिक फोरम, युवा राजनयिक मंच, विश्वविद्यालय आ युवा शिखर सम्मेलनक माध्यम सं संवादक आयोजन सेहो कएल गेल, जाहि सं एहि उद्देश्य सभ कें वास्तविक काज आ उपलब्धि सं जोड़ल जा सकय।

### प्रौद्योगिकी, विकास आ समाज

आपस मे जुड़ल विकासक एहि मार्ग सभ कें संभव बनेबाक लेल प्रौद्योगिकीक उपयोग पर विशेष जोर देल गेल अछि। प्रौद्योगिकी तेज विकास कें गति दए सकैत अछि, मुदा एकर प्रभाव श्रम बाजार, संप्रभुता, निजता, सामाजिक संरचना, रोजगार आ नियामक व्यवस्थापर सेहो पड़ैत अछि। एहि कारणें प्रौद्योगिकीक विकासक संग-संग एकर सामाजिक प्रभावक प्रति सेहो सावधानी आवश्यक अछि।

समग्र रूप सं भारतक उद्देश्य गुट निमार्ताक बदला सेतु निमार्ता बनेबाक रहल अछि। भारत एहि विश्वास कें बढ़ावा दए रहल अछि जे एकटा समाजक प्रगतिक लेल दोसर समाज कें कमजोर होयब जरूरी नहि अछि। ब्रिक्सक माध्यम सं टेलीमेडिसिन, स्वास्थ्य सेवा, पारंपरिक चिकित्सा आ ज्ञानक निर्माण मे सेहो उल्लेखनीय परिवर्तनक प्रयास भेल अछि। नवाचार कें प्रोत्साहन आ मजबूत बनेबाक लेल इनक्यूबेटर नेटवर्क तैयार करबाक प्रयास सेहो चलि रहल अछि।

भारतक समक्ष स्थिरता कें साझा जलवायु एजेंडाक रूप मे विकसित करबाक अवसर अछि, जाहि मे कॉप-28 केर यूएई सहमति कें ब्रिक्सक ऊर्जा संबंधी काज सं जोड़ल जा सकय। निरंतर सहयोग कें प्रभावी बनेबाक लेल मानवीय दृष्टिकोण अपनाबय पर सेहो जोर देल गेल अछि।

भारत मे चीनी प्रतिनिधि सभ एहि पहल सभ कें सकारात्मक दृष्टि सं देखने अछि आ अन्य ब्रिक्स देश सभ कें भारतक विभिन्न पहल मे सहभागी बनेबाक आमंत्रण देल गेल अछि। एहि पहल सभ मे डब्ल्यूएआइसीओ नामक नूतन कृत्रिम बुद्धिमत्ता शासन संस्थान सेहो शामिल अछि, जाहि सं अन्य देश भविष्यक नियम आ मानक निर्धारणक प्रक्रिया मे सहभागी भए सकय। चीन विभिन्न अवसर पर भारत कें दक्षिण-दक्षिण सहयोगक सह-नेतृत्व करबाक आ बहुपक्षीय सुधारक साझा लक्ष्य लेल एक-दोसरक समर्थन करबाक आह्वान केने अछि। ब्रिक्सक अध्यक्षता अगिला वर्ष फेर चीनक हाथ मे जाएत। चीन एहि अवसरक उपयोग विकास आ प्रौद्योगिकीय उन्नतिक लेल सभ कें संग लए कए चलबाक अपन दृष्टिकोण कें सामने रखबाक लेल करत। भारतक अपेक्षा अछि जे ओ उभरैत अर्थव्यवस्थासभक लक्ष्य आ आकांक्षा कें आवाज देबाक अपन श्रेष्ठ अनुभव आ कार्यपद्धतिक संग सकारात्मक गति कायम रखैत ब्रिक्सक बागडोर चीन कें सौंपत। भारतक मूल संदेश स्पष्ट अछि– ब्रिक्स कें एहन गुट नहि बनबाक चाही जे दुनिया कें अलग-अलग खेमा मे बांटय, बल्कि एहन सेतु बनेबाक चाही जे विभिन्न देश, अर्थव्यवस्था आ संस्था कें सहयोगक माध्यम सं एक-दोसराक समीप आनय।

# भारत-रूस संबंध नव ऊंचाइ पर

प्रोफेसर (डॉ.) डी.के. पांडेय

ब्रिक्स 2026 शिखर सम्मेलनक बीच पूर्व रूसी राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिनक भारतक आगामी यात्रा पर व्यापक अपेक्षा अछि आ एहि यात्राक तैयारी तेजी सं चलि रहल अछि। भारत अपन 2026 केर अध्यक्षताक अंतर्गत 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक मेजबानी कए रहल अछि। ई सम्मेलन 12 आ 13 सितंबर, 2026 कें नयी दिल्लीक भारत मंडपम मे आयोजित होयबाक अछि। राष्ट्रपति पुतिनक मुख्य सम्मेलन सं एक दिन पहिने, 11 सितंबर कें नयी दिल्ली पहुंचबाक संभावना अछि। हुनकर यात्राक दौरान हैदराबाद हाउस मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक संग विशेष द्विपक्षीय बैठक होयबाक उम्मीद अछि, जाहि मे कतेको रणनीतिक आ आर्थिक मुद्दापर विस्तार सं विचार-विमर्श होयत।

एक वर्ष सं कम समयक भीतर पुतिनक ई दोसर भारत यात्रा होयत। एहि सं पहिने ओ दिसंबर 2025 मे 23म भारत-रूस वार्षिक शिखर सम्मेलन मे भाग लेबाक लेल भारत आएल छलाह। भारत अंतरराष्ट्रीय अपराध न्यायालय अर्थात आइसीसीक सदस्य नहि अछि। एहि कारण 2023 मे दक्षिण अफ्रीका मे जे गिरफ्तारी वारंटक प्रश्न उठल छल, ओ भारतक मामिला मे लागू नहि होइत अछि।

### द्विपक्षीय एजेंडा मे महत्वपूर्ण क्षेत्र

क्रेमलिनक प्रवक्ता दिमित्री पेस्कोव पुष्टि केने छथि जे भारत कें उन्नत सू-57 लड़ाकू विमानक बिक्री वार्ताक प्रमुख विषय मे शामिल रहत। हुनकर अनुसार ब्रिक्स नेता सभक सम्मेलन सं पहिने नई दिल्ली मे भारतीय पत्रकारसभक संग भेल आभासी संवाद मे एहि विषयपर चर्चा भेल। अमका परियोजना मे विलंबक बाद भारतीय वायुसेना दूटा स्क्वाड्रन पर विचार कए रहल अछि। भारत कें पांचम पीढ़ीक सू-57 लड़ाकू विमानक अतिरिक्त एस-500 वायु रक्षा प्रणालीक संभावित बिक्रीपर सेहो बातचीत होयबाक संभावना अछि। एहि संग रूस भारत मे नूतन परमाणु ऊर्जा संयंत्र स्थापित करबाक विषयपर सेहो वार्ता आगू बढ़ेबाक प्रतीक्षा मे अछि।



### व्यापार आ वितीय सहयोग

दुनू देशक बीच पश्चिमी प्रतिबंधक प्रभाव कम करबाक लेल राष्ट्रीय मुद्रा मे व्यापार बढ़ेबाक प्रयास होयबाक उम्मीद अछि। रूसी अधिकारीसभक अनुसार ब्रिक्स देशसभक संग रूसक लगभग 90 प्रतिशत लेन-देन आब राष्ट्रीय मुद्रा मे होइत अछि, जे वित्तीय आत्मनिर्भरताक दिस महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। भारत-रूस द्विपक्षीय व्यापार कें 100 अरब डॉलर धरि पहुंचयबाक लक्ष्य अछि। दुर्लभ खनिज अर्थात रेयर अर्थक खोज आ उपयोग मे सहयोग सेहो वार्ताक महत्वपूर्ण विषय रहत। सेमीकंडक्टर निर्माण लेल एहि खनिजक आवश्यकता भारत कें अछि। रूसक लग विश्वक तेसर सभ सं पैघ रेयर अर्थ भंडार अछि, जखन कि भारतक लग वैश्विक भंडारक लगभग सात प्रतिशत हिस्सा अछि। रूस एहि क्षेत्र मे भारत कें खोज आ उत्खननक काज मे सहयोग कए सकैत अछि।

### प्रौद्योगिकी आ विनिर्माण

भुगतान संबंधी कठिनाइक कारण भारत-रूस व्यापार वर्तमान मे लगभग 65 अरब डॉलरपर अटकल अछि। रूस पर डॉलर संबंधी प्रतिबंधक प्रभावक कारण दुनू देश कें वैकल्पिक भुगतान व्यवस्थाक आवश्यकता पड़ि रहल अछि। ब्रिक्सक भीतर लगभग 90 प्रतिशत लेन-देन राष्ट्रीय मुद्रा मे होयबाक बात कहल गेल अछि आ भारतीय रुपैयाक अतिरिक्त भंडारक समस्या सेहो धीरे-धीरे सुलझेबाक प्रयास चलि रहल अछि। रूसक भारतीय बैंक सभ मे लगभग आठ अरब डॉलरक बराबर अतिरिक्त रुपैया जमा अछि, जकर उपयोग रूस लेल कठिन रहल अछि। ई मुद्दा सेहो द्विपक्षीय वार्ता मे महत्वपूर्ण रहत। शिखर सम्मेलन सं पहिने भारतीय औद्योगिक संस्था सभ विनिर्माण क्षेत्र मे भारत-रूसक गहिर संबंध लेल वातावरण तैयार करबा मे जुटल अछि। सम्मेलनक दौरान भारत कृत्रिम बुद्धिमत्ता, उच्च-प्रदर्शन संगणना, क्वांटम प्रौद्योगिकी आ सेमीकंडक्टर शोधक क्षेत्र मे सरकार तथा शोध संस्थानक बीच निकट सहयोग बढ़ेबाक अपेक्षा रखैत अछि।

### भू-राजनीतिक पक्ष

भू-राजनीतिक दृष्टिएं पुतिनक भारत यात्रा भारतक रणनीतिक स्वायत्तताक प्रति प्रतिबद्धता कें रेखांकित करैत अछि। नयी दिल्ली रूसपर अपन पारंपरिक रक्षा आ ऊर्जा निर्भरता बनौने रखबाक संग अमेरिका सहित अन्य देशसभक संग सहयोग सेहो बढ़ा रहल अछि। एहि प्रकार भारत विभिन्न शक्ति केंद्रक बीच अपन हितक संतुलन कायम रखबाक प्रयास करैत अछि। पुतिन प्रधानमंत्री मोदी कें यूक्रेन युद्धक वर्तमान स्थितिक संबंध मे जानकारी दए सकैत छथि। एहि क्रम मे भारत कें फेर संभावित मध्यस्थक रूप मे देखल जा रहल अछि। रूस सार्वजनिक रूप सं यूक्रेन संघर्षक शांतिपूर्ण समाधान खोजबाक भारतक प्रयासक स्वागत केने अछि। एहि सं कूटनीतिक संवादक लेल सकारात्मक वातावरण बनेबाक संभावना अछि।

अमेरिकी प्रशासन रूस सं भारत द्वारा तेल खरीदलाक कारण अतिरिक्त शुल्कक चेतावनी दैत रहल अछि। मुदा भारतक ऊर्जा आवश्यकता सभ अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। अमेरिका ब्रिक्स सम्मेलनपर सेहो निकट दृष्टि रखने रहत, विशेष रूप सं डॉलरपर निर्भरता कम करबाक विषयपर संभावित चर्चा कें लए कऽ। रूसी पक्षक अनुसार डॉलर कें राजनीतिक हथियारक रूप मे उपयोग करबाक प्रवृत्तिएं वैकल्पिक वित्तीय व्यवस्थाक आवश्यकता बढ़ौलक अछि।

# की ब्रिक्स बनत नूतन विश्व व्यवस्थाक इंजन?

किशन सनमुखदास भावनानी

विश्व एखन युद्ध, व्यापारिक तनाव, ऊर्जा संकट, आपूर्ति श्रृंखलाक अस्थिरता, तकनीकी प्रतिस्पर्धा आ बदलैत भू-राजनीतिक समीकरणक दौर सं गुजरि रहल अछि। एहि पृष्ठभूमि मे 12-13 सितंबर 2026 कें नई दिल्ली मे 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलन भारतक अध्यक्षता मे भए रहल अछि। भारतक लेल ई सम्मेलन मात्र आर्थिक सहयोगक मंच नहि, बल्कि बदलैत विश्व व्यवस्था मे अपन भूमिका मजबूत करबाक अवसर सेहो अछि। एहि बेरक विषय अछि - मजबूती, नवाचार, सहयोग आ स्थिरताक लेल निर्माण तथा मानवता सर्वोपरि।

ब्रिक्स आब 11 सदस्यक समूह बनि गेल अछि। एकर सदस्य ब्राजील, रूस, भारत, चीन, दक्षिण अफ्रीका, मिस्र, इथियोपिया, ईरान, संयुक्त अरब अमीरात आ इंडोनेशिया अछि। समूह विश्वक लगभग आधा जनसंख्या आ क्रय-शक्ति समानताक आधार पर लगभग 40 प्रतिशत वैश्विक अर्थव्यवस्था कें प्रतिनिधित्व करैत अछि। एहि कारणें ब्रिक्सक आर्थिक आ रणनीतिक महत्व लगातार बढ़ल अछि।

भारत अपन अध्यक्षताक दौरान व्यापार, निवेश, ऊर्जा सुरक्षा, डिजिटल तकनीक, सूक्ष्म-लघु उद्योग, स्टार्टअप, वैश्विक मूल्य श्रृंखला, पर्यावरण, आपदा-लचीलापन आ भुगतान प्रणाली पर विशेष जोर दए रहल अछि। जयपुर मे भेल व्यापार मंत्रिसभक बैठक मे ब्रिक्स आर्थिक साझेदारी 2030 आ वैश्विक मूल्य श्रृंखला कें विविध बनयबाक दिशा मे सहमति बनल। गुरुग्राम मे ऊर्जा मंत्रिसभक बैठक मे ऊर्जा सुरक्षा, स्मार्ट ग्रिड, ऊर्जा भंडारण आ डिजिटल सहयोग पर चर्चा भेल।




ब्रिक्सक भविष्यक एकटा महत्वपूर्ण क्षेत्र महत्वपूर्ण खनिज अछि। लिथियम, निकल, कोबाल्ट, ग्रेफाइट, तांबा, दुर्लभ मृदा तत्व आ प्लैटिनम समूहक धातु विद्युत वाहन, बैटरी, सेमीकंडक्टर, सौर-पवन ऊर्जा, रक्षा, अंतरिक्ष आ दूरसंचार लेल अत्यंत आवश्यक अछि। 2024क कजान सम्मेलनक बाद भूवैज्ञानिक सहयोग आ ब्रिक्स जियोलॉजिकल प्लेटफॉर्मक माध्यम सं एहि क्षेत्र मे सहयोग बढ़ेबाक प्रयास भेल अछि।

भारतक लक्ष्य मात्र खनिज निकालब नहि, बल्कि खनन सं लए कए प्रसंस्करण, शोधन, तकनीक आ तैयार उत्पाद धरि पूरी मूल्य श्रृंखला विकसित करब अछि। एहि सं चीन पर अत्यधिक निर्भरता घटत आ वैकल्पिक आपूर्ति स्रोत तैयार होयत। महत्वपूर्ण खनिज आब मात्र आर्थिक विषय नहि रहल; ई ऊर्जा सुरक्षा, राष्ट्रीय सुरक्षा आ रणनीतिक स्वायत्तता सं सेहो जुड़ि गेल अछि। एहि संदर्भ मे चीनक भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। चीन ब्रिक्सक सब सं पैघ औद्योगिक शक्ति अछि आ दुर्लभ मृदा खनिजक वैश्विक आपूर्ति मे ओकर महत्वपूर्ण स्थान अछि।

# ई हिमालयक चेतावनी कें सुनबाक समय अछि

दिनेश सी शर्मा

हिमालय लगातार खतरनाक आपदाक रूप मे एकक बाद एक चेतावनी दए रहल अछि। अनचोके आबि जायबला बाढ़ि, हिमस्खलन, हिमनदीय पोखरिक फाटलाक बाद होमयबला बाढ़ि, बादल फटनाइ, भूस्खलन आ जमीनक गंभीर रूप सं धंसि जाएब - ई सभ आब हिमालयी क्षेत्रक लेल बढ़ैत संकटक संकेत अछि। केदारनाथ, धौलीगंगा, जोशीमठ, सिक्किम आ आब नेपाल मे एहि तरहक आपदा भारी तबाही मचा चुकल अछि।

प्रत्येक आपदाक बाद हिमनदीक निगरानी, आरंभिक चेतावनी प्रणाली विकसित करब, खतराक मानचित्र तैयार करब तथा बचाव आ क्षति कम करबाक उपाय करबाक बात होइत अछि। मुदा किछु सप्ताह वा मासक बाद आपदाक शोर थमि जाइत अछि आ व्यवस्था फेर पहिनेक जकां चलय लगैत अछि।

हिमालयी क्षेत्र मे आपदा सं निपटबाक लेल बहुआयामी रणनीतिक आवश्यकता अछि। एहि मे वैज्ञानिक शोध, नीतिनिर्माण, प्रभावी क्रियान्वयन तंत्र, जन-जागरूकता आ स्थानीय समुदाय कें सहभागी बनेनाइ आवश्यक अछि। विज्ञान हिमालयक पर्यावरण, विशेष रूप सं हिमनदी आ जल-व्यवस्था सं जुड़ल खतराक विषय मे स्पष्ट संकेत देने अछि। की करबाक आवश्यकता अछि आ कोन क्षेत्र मे एखनहु जानकारीक कमी अछि, तकरो वैज्ञानिक अध्ययन सं स्पष्ट कएल जा रहल अछि। वैश्विक स्तर पर जलवायु परिवर्तन संबंधी अंतरसरकारी पैनल अर्थात आइपीसीसी सेहो कतेको रिपोर्ट प्रकाशित कए चुकल अछि, जाहि मे विभिन्न देश मे हिमनदी आ पर्वतीय पारिस्थितिकी तंत्र पर भेल शोधक निष्कर्ष सभ कें एकठाम प्रस्तुत कएल गेल अछि।

भारत मे राष्ट्रीय सुदूर संवेदन केंद्र रिमोट सेंसिंग चित्रक उपयोग कए भारतीय हिमालयी क्षेत्र मे मौजूद लगभग 28 हजार हिमनदीय पोखरि मे सं बेसी जोखिमवाला 7,500 पोखरिक मानचित्र तैयार केने अछि। एहि संग



संभावित खतरनाक हिमनदीय पोखरि सं उत्पन्न होमयबला बाढ़िक संभावना सेहो निर्धारित कएल गेल अछि। एहि मे बाढ़िक संभावित खतरा आ जं कोनो पोखरि फाटि जाइत अछि तं ओकर पानि नीचांक क्षेत्र धरि पहुंचय मे लगयवला संभावित समयक जानकारी सेहो शामिल अछि।

एहि वर्ष मार्च मे काठमांडू मे स्थित अंतरराष्ट्रीय एकीकृत पर्वतीय विकास केंद्र अर्थात आइसीआइएमओडी द्वारा दूटा महत्वपूर्ण रिपोर्ट प्रकाशित कएल गेल। पहिल रिपोर्ट 1990 सं 2020 धरि हिंदूकुश हिमालय क्षेत्र मे हिमनदीक बदलैत स्थिति पर आधारित छल, जखन कि दोसर रिपोर्ट मे हिमालयी हिमनदीक 50 वर्षक निगरानी सं प्राप्त जानकारी प्रस्तुत कएल गेल।

रिपोर्टक निष्कर्ष चिंताजनक अछि। पहिल अध्ययन हिंदूकुश क्षेत्रक 63,761 हिमनदीक आंकड़ापर आधारित छल। ई हिमनदी 55 हजार वर्ग किलोमीटर सं बेसी क्षेत्र मे पसरल अछि आ एहि मे लगभग 5,700 घन किलोमीटर बर्फक भंडारक अनुमान अछि। अध्ययन सं पता चलल जे 1990 सं एहि क्षेत्रक हिमनदी लगातार सिकुड़ि रहल अछि। एहि कारण कुल हिमनदी क्षेत्रफल मे 12 प्रतिशतक कमी आ बर्फक अनुमानित भंडार मे 9 प्रतिशतक गिरावट आएल अछि।

2010 सं 2020 बीच हिमनदीक सिकुड़बाक गति सर्वाधिक तेज रहल, विशेष रूप सं पूर्वी आ मध्य क्षेत्रमे। सिंधु नदी बेसिन मे हिमनदी क्षेत्रफल 6 प्रतिशत घटल, जखन कि गंगा आ ब्रह्मपुत्र नदी बेसिन मे क्रमशः 21 आ 16 प्रतिशतक कमी देखल गेल। रिपोर्ट चेतौने अछि जे हिमनदीक एहि तरहक लगातार सिकुड़न सं सुखाड़क मौसिम मे पानिक कमी बढ़त। संगहि हिमनदीय पोखरिक फाटलाक बाद आबयवला बाढ़ि, हिमस्खलन, भूस्खलन आ मलबाक बहाव जेकां जोखिम सेहो बढ़त।

38 हिमनदीक निगरानी पर आधारित दोसर रिपोर्ट सेहो गंभीर संकेत दैत अछि। रिपोर्टक अनुसार हिमालयक हिममंडलक किछु भाग एहन नाजुक मोड़ लग पहुंचि रहल अछि, जतय पहुंचलाक बाद ओकर सिकुड़न कें रोकब कठिन भए सकैत अछि। आइसीआइएमओडीक महानिदेशक पेमा ग्यामत्शो नीतिनिमार्ता सभ कें स्पष्ट संदेश देलनि जे ई भविष्यक दूरक समस्या नहि, बल्कि वर्तमान मे सामने ठाढ़ संकट अछि। प्रत्येक गर्मी आ मानसूनक समय नयी आपदा सामने आबि रहल अछि आ एहि शताब्दी मे बर्फ घटबाक गति दोगुना भए गेल अछि।

नेपाल मे हाल मे भेल आपदाक पृष्ठभूमि मे हुनकर ई चेतावनी आर बेसी गंभीर बुझाइत अछि। हुनकर कहब छल जे अनचोके सामना होमयवला कोनो असाधारण स्थिति आब नहि रहल, बल्कि ई हिमालयी क्षेत्रक नूतन यथार्थ बनि गेल अछि।

# यूपी मे भाजपाक कतेको वर्तमान विधायकक कटि सकैत अछि टिकट



## आंतरिक सर्वे मे नीक नहि भेटल रिपोर्ट कार्ड

उत्तर प्रदेश मे 2027 मे होमय बला विधानसभा चुनाव कें लए भाजपा शीर्ष नेतृत्व पूरा तरहे सक्रिय भए गेल अछि। प्रदेश मे जीतक हैट्रिकक लक्ष्य कें लए शीर्ष नेतृत्व कतेको चरण मे आंतरिक सर्वे करा चुकल अछि। नवका सर्वे मे गोरखपुर क्षेत्रक कतेको वर्तमान विधायकक रिपोर्ट कार्ड नीक नहि भेटल अछि। एहन स्थिति मे हुनकर टिकट कटबाक अटकल तेज भए गेल अछि। ओतहि, 17 सितंबर सं एक मास धरि चलय बला सेवा संकल्प अभियान मे गृह मंत्री अमित शाह सं लए प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े धरि आबि सकैत छथि, एहि चर्चा सं विधायकसभक चिंता बढ़ि गेल अछि।

गोरखपुर क्षेत्र मे 10 प्रशासनिक आ 12 संगठनात्मक जिला अबैत अछि। भाजपा शीर्ष नेतृत्वक आगू मात्र 2022क विधानसभा चुनावक प्रदर्शन दोहराबयक चुनौती नहि, बल्कि ओकरा सं नीक प्रदर्शन करबाक चुनौती सेहो अछि। पिछला विधानसभा चुनाव मे गोरखपुर क्षेत्रक 62 विधानसभा सीट मे 42 सीट पर भाजपाक जीत भेल छल। ओतहि लोकसभाक 13 सीट मे 6 सीट भाजपा लग अछि। पिछल अनुभव बतबैत अछि जे गोरखपुर-बस्ती मंडल मे भाजपाक स्थिति भले नीक रहल हो, मुदा मऊ, आजमगढ़ आ बलिया मे स्थिति नीक नहि छल।

आंतरिक सर्वे मे स्पष्ट भेल अछि जे 42 वर्तमान विधायक मे 15सं बेसी विधायकक रिपोर्ट कार्ड नीक नहि अछि। पार्टीक जानकारसभक कहब अछि जे लाभार्थी योजनाक क्रियान्वयनक स्थिति नीक अछि, मुदा विधायकसभक प्रदर्शनक स्तर पर लोक मे आक्रोश देखाइत अछि। मानल जा रहल अछि जे पार्टी चेहरा बदलि कए लोकक आक्रोश कम करैत जीत सुनिश्चित करबाक प्रयास करय चाहैत अछि।

पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारीसभक अनुसार 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर धरि चलय बला सेवा संकल्प अभियानक माध्यम सं पार्टी लोकक बीच पहुंचबाक प्रयास मे अछि। 13 बिंदु पर आयोजित होमय बला कार्यक्रमक माध्यम सं पार्टी ई संदेश देबय चाहैत अछि जे डबल इंजनक सरकार मे विकासक सभ पैमाना पर नीक काज भेल अछि। एहि कार्यक्रम मे भाग लेबाक लेल गृह मंत्री अमित शाह सं लए प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े जकां दिग्गज नेता गोरखपुर क्षेत्र आबि सकैत छथि। दिग्गज नेता गोरखपुर आएताह वा बलिया-आजमगढ़, एहि संबंध मे स्थानीय नेता किछु कहय सं बचि रहल छथि। मुदा एतबा तय अछि जे यूपी विधानसभा चुनाव कें लए संभावित चेहराक तलाश मे एहि दौराक बहाने प्रयास जरूर कएल जाएत।

गोरखपुर क्षेत्रक भाजपाक अध्यक्ष विनोद राय बतौलनि जे राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन, गृह मंत्री अमित शाह, प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े आ राष्ट्रीय महासचिव (संगठन) बीएल संतोष प्रदेशक छह क्षेत्र मे आएताह। हुनका सभ कें गोरखपुर क्षेत्र मे सेहो आबय अछि।

## लालू-पीकेक प्रशंसा किएक?

# की पिता रामविलास पासवानक बाट पर बढ़ि रहल छथि चिराग

नहि ककरो सं दोस्ती, नहि ककरो सं बैर। लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान एहि दिन मे संत कबीर दासक एहि पांतिक अनुसार अपन राजनीतिक गाड़ी आगू बढ़ा रहल छथि। एनडीए मे रहैत एहि समय मोदीक हनुमानक तटस्थ भाव राजनीतिज्ञ सभ कें चौंका रहल अछि। चर्चा ई अछि जे की लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान राजनीति मे कोनो नव बिसात बिछा रहल छथि? एक समय छल जखन चिराग पासवानक पिता रामविलास पासवान सेहो सरकार बनेबाक चाबी अपन हाथ मे लए कए कोनो दल वा गठबंधनक संग मिलि सरकार बनेबाक इच्छा रखैत छलाह। की चिराग पासवान सेहो न्यूट्रल राजनीतियक राग अलापय शुरू कए देलनि अछि? राजनीतिक गलियारा मे चिरागक बदलल-बदलल अनुमान पर चर्चा किएक शुरू भए गेल अछि? बुझू चिराग पासवानक बदलल अंदाजक निहितार्थ।



## तटस्थताक दांव वा नव बिसात

केंद्रीय मंत्री आ एलजेपी (रामविलास)क प्रमुख चिराग पासवान एक समय लालू प्रसादक कुशासन आ जंगल राजक मुद्दा पर खूब राजनीति कएलनि। एहि राजनीति मे सफलता सेहो पओलनि। मुदा हालक दिन मे लालू प्रसाद कें लए कए चिराग पासवान जे किछु कहलनि, ताहि सं राजनीतिक गलियारा चौंकि गेल। चिराग पासवान हालहि मे राजद सुप्रीमो लालू प्रसाद यादवक प्रति सकारात्मक रुख देखबैत कहलनि जे ओ महापुरुष छथि आ राजधानीक कोनो चौक-चौराहा पर हुनकर प्रतिमा लगाओल जेबाक चाही।

हालांकि चिराग पासवान ईहो कहैत रहल छथि जे हुनकर परिवारक हमरा सं पारिवारिक संबंध रहल अछि। ई सच अछि जे राजनीतिक मतभेद रहल अछि, बावजूद हुनका सं व्यक्तिगत आ पारिवारिक संबंध सदिखन नीक रहल अछि आ ओ हुनकर परिवारक हिस्सा रहल छथि।

चिराग पासवान एक दिस बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक दौरान जनसुराजक खूब आलोचना कएलनि। बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक दौरान केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान जनसुराज पर हमला करैत कहलनि जे हुनकर दाबी हवा-हवाई अछि आ जनता कें भ्रमित कएनिहार अछि। तखन ओ मतदाता सभ सं अपील केने छलाह जे ओ जमीनी विकास कें चुनथि, नहि कि ककरो हवा-हवाई वादाकें।

दोसर दिस प्रशांत किशोरक प्रशंसा मे सेहो चिराग पासवान खूब कसीदा पढ़ैत छथि। केंद्रीय मंत्री आ लोजपा (रामविलास)क प्रमुख चिराग पासवान एक दिस जनसुराजक संस्थापक प्रशांत किशोरक राजनीतिक सोच आ विकासक मुद्दा पर खुलि कए सराहना करैत छथि आ दोसर दिस हुनकर वादा कें हवा-हवाई सेहो कहैत छथि। प्रशांत किशोर कें लए कए चिराग पासवान ईहो कहैत छथि जे ओ जाति आ धर्मक राजनीति सं ऊपर उठि कए शिक्षा, रोजगार आ बिहारक विकासक बात करैत छथि।

लोजपाक संस्थापक अध्यक्ष रामविलास पासवानक संबंध मे कहल जाइत अछि जे ओ सेहो “नहि ककरो सं दोस्ती, नहि ककरो सं बैर” क पथक पथिक छलाह। केंद्रक सत्ताक राजनीति मे ओ यूपीएक संग सेहो सरकार मे शामिल भेलाह आ अटल बिहारी वाजपेयी सरकार मे सेहो मंत्री बनलाह। मुदा रामविलास पासवान वर्ष 2002 मे गुजरात दंगाक बाद नरेंद्र मोदीक भूमिका सं नाराज भए एनडीए गठबंधन आ वाजपेयी सरकार सं इस्तीफा दए देलनि। एकर बाद रामविलास पासवान मई 2004 सं 2009 धरि कांग्रेसक नेतृत्ववाली यूपीए-1 सरकार मे कैबिनेट मंत्री रहलाह।

### वर्ष 2030क विधानसभा चुनाव मे अलग भूमिका मे रहताह चिराग?

एहि बीच लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क मंच सं उठल “अगिला सीएम चिराग पासवान” क गूंजक बाद राजनीतिक माहौल बदलल-बदलल देखायल। ई घोषणा लोजपा (आर)क मंच सं पूर्व प्रदेश अध्यक्ष आ लोजपा (आर)क राष्ट्रीय महासचिव राजू तिवारी कएलनि। एहि मंच सं ई भाव सेहो प्रकट भेल जे हम अपन दम पर सरकार बनायब। “नहि ककरो सं दोस्ती, नहि ककरो सं बैर” की एहि रणनीतिक हिस्सा अछि? की पता सरकार बनेबाक लेल ककर समर्थन लेबय पड़य?

बहरहाल, चिराग पासवानक बदलल-बदलल अनुमान सं हुनकर बदलैत राजनीतिक गंध तं अबैत अछि। मुदा हुनकर ई रणनीति सफल होयत वा नहि, ई भविष्यक गर्भ मे अछि।

# पंजाब चुनाव सं पहिने कांग्रेस सीएम चेहरा घोषित नहि करत

पंजाब कांग्रेस मे जारी गुटबाजीक बीच पार्टीक नव एआईसीसी जनरल सेक्रेटरी-इन-चार्ज सचिन पायलट 2027क विधानसभा चुनाव कें लए पैघ घोषणा कएलनि अछि। ओ कहलनि जे कांग्रेस चुनाव सं पहिने मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवारक घोषणा नहि करत। पार्टी सामूहिक नेतृत्वक मॉडल पर चुनाव लड़त आ लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी चुनाव अभियानक अगुआई करताह। मुख्यमंत्रीक निर्णय चुनाव मे पार्टी कें बहुमत भेटलाक बाद कएल जाएत। पायलटक ई बयान एहन समय मे आयल अछि जखन पंजाब कांग्रेसक भीतर पूर्व मुख्यमंत्री चरणजीत सिंह चन्नी कें 2027क लेल सीएम चेहरा घोषित करबाक मांग उठि रहल अछि। चन्नीक समर्थक लगातार हुनकर पक्ष मे माहौल बनेबाक प्रयास कए रहल छथि। मुदा पार्टी हाईकमान फिलहाल कोनो एक नेता कें मुख्यमंत्री पदक चेहरा बनेबाक बदला सामूहिक नेतृत्वक संग चुनाव मे जाएबाक निर्णय लेने अछि।





## सचिन पायलटक घोषणा सं चरणजीत चन्नीक समर्थक कें झटका

### पायलटक प्रवेश सं की समाप्त होयत गुटबाजी

पंजाब कांग्रेस मे चन्नी आ प्रदेश कांग्रेस कमेटीक अध्यक्ष अमरिंदर सिंह राजा वडिंगक बीच दीर्घ समय सं राजनीतिक खींचतान देखल जा रहल अछि। एहि तनाव कें कम करबाक लेल कांग्रेस हाईकमान भूपेश बघेलक स्थान पर सचिन पायलट कें पंजाबक नव प्रभारी बनौलक। दूनू गुट सार्वजनिक रूप सं पायलटक नियुक्तिक स्वागत केने छल। चन्नी एकरा पंजाब कांग्रेस लेल “नव आशा” बतौने छलाह, जखनकि वडिंग कहलनि जे पार्टी नेता शीघ्र राजनीतिक विरोधीसभक विरुद्ध एक साझा मंच पर आएताह। हालांकि, पायलटक नियुक्तिक बादो दूनू गुटक गतिविधि अलग-अलग जारी अछि। हालक दिन मे चन्नी आ वडिंग अलग-अलग विरोध प्रदर्शन, बैठक आ जनसंपर्क कार्यक्रम केने छथि। एहि सं संकेत भेटैत अछि जे पार्टीक भीतरक मतभेद अखनो पूरा तरहे खत्म नहि भेल अछि।

### चन्नी आ वडिंगक कार्यक्रम अलग-अलग

7 सितंबर कें चन्नी अपन समर्थक नेतासभक संग जालंधर मे कांग्रेसक विरोध प्रदर्शनक अगुआई केने छलाह। ई प्रदर्शन हल्द्वानी मे कथित “शुद्धिकरण” अनुष्ठान कें लए भाजपा आ आरएसएसक विरुद्ध छल। एकर अगिला दिन चंडीगढ़ मे राजा वडिंगक दिस सं आयोजित विरोध प्रदर्शन मे चन्नी गुटक कोनो नेता नहि देखल गेल। एहि दौरान वडिंग संगरूरक एक अस्पताल मे मोहनजीत सिंह सं सेहो भेंट कएलनि। आरोप अछि जे एक कार्यक्रम मे काला झंडा देखौलाक बाद पंजाब पुलिस मोहनजीतक संग कथित रूप सं मारपीट आ प्रताड़ना केने छल। वडिंग हुनकर राहुल गांधी सं फोन पर बातचीत सेहो करौलनि।

### गुलजार सिंह मामिला मे सेहो अलग देखायल दूनू गुट

पंजाब मे गुलजार सिंहक मृत्युक मामिला सेहो कांग्रेसक भीतर दूनू गुटक अलग-अलग राजनीतिक सक्रियता कें सामने अनलक अछि। चन्नी बृहस्पति कें सुखजिंदर सिंह रंधावा, शेर सिंह घुबाया, तृप्त राजिंदर सिंह बाजवा आ बरिंदरमीत सिंह पहराक संग पंजाबक राज्यपाल गुलाब चंद कटारिया सं भेंट कएलनि। प्रतिनिधिमंडल गुलजार सिंहक मृत्युक मामिला मे वित्त मंत्री हरपाल सिंह चीमा विरुद्ध कारबाइ करबाक मांग कएलक। एहि प्रतिनिधिमंडल मे राजा वडिंग शामिल नहि छलाह।

### चुनाव सं पहिने पैघ चुनौती

कांग्रेस कर्मचारीसभक शिकायत, कानून-व्यवस्था, ड्रग्स आ गुलजार सिंहक मृत्यु जकां मुद्दा पर आप सरकार कें घेरबाक प्रयास कए रहल अछि। मुदा चन्नी आ वडिंग गुटक अलग-अलग कार्यक्रम सं पार्टीक आगू संगठनात्मक एकजुटता कायम रखबाक चुनौती बनल अछि। सचिन पायलटक आगू आबि दूनू गुट कें एक मंच पर आनब सभ सं पैघ चुनौती रहत। 2027क चुनाव मे सीएम चेहरा घोषित नहि करबाक रणनीति सं हाईकमान फिलहाल चुनाव सं पहिनेक नेतृत्वक लड़ाइ कें टारि देलक अछि।

# यूपी चुनाव सं पहिने भाजपा-सपा मे मोकाबला

## एमएलसी चुनाव मे होयत सीधा टक्कर





उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव सं पहिने वाराणसी खंड शिक्षक एवं स्नातक एमएलसी चुनावक लेल सेहो राजनीतिक दलसभक तैयारी तेज भए गेल अछि। भारतीय जनता पार्टीक दिस सं काशी क्षेत्रक कार्यालय मे वाराणसी खंड शिक्षक एवं स्नातक एमएलसी चुनावक लेल 10 जिलाक जिलाध्यक्ष, जिला संयोजक आ अन्य भाजपा पदाधिकारीसभक बीच महत्वपूर्ण बैठक कएल गेल।

दोसर दिस समाजवादी पार्टीक दिस सं सेहो मतदाता सं संपर्कक अतिरिक्त मतदाता सूची मे नाम जुड़ेबाक पहल कतेको मास पहिनहि शुरू कएल जा चुकल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, वाराणसी खंड शिक्षक एवं स्नातक एमएलसी चुनावक लेल भारतीय जनता पार्टीक काशी क्षेत्र कार्यालय मे आयोजित महत्वपूर्ण बैठक मे 10 जिलाक जिलाध्यक्ष, जिला संयोजक आ अन्य भाजपा पदाधिकारी शामिल भेलाह।

बैठकमुख्य रूप सं भारतीय जनता पार्टीक प्रदेश उपाध्यक्ष शंकर गिरि मतदातासभक नाम मतदाता सूची मे जुड़ेबाक आ सभ शिक्षक सं संपर्क अभियान कें लए कार्यकर्तासभक संग विचार-विमर्श कएलनि। हालांकि, अखन धरि भारतीय जनता पार्टीक दिस सं एहि चुनावक लेल कोनो प्रत्याशीक नामक घोषणा नहि कएल गेल अछि। शीघ्र पार्टीक दिस सं एहि पर निर्णय लेल जा सकैत अछि। दोसर दिस समाजवादी पार्टी एहि मामिला मे आगू निकलि गेल अछि। सपा वाराणसी खंड शिक्षक एवं स्नातक एमएलसी चुनावक लेल वर्तमान एमएलसी आशुतोष सिन्हा कें मैदान मे उतारलक अछि। आशुतोष सिन्हा कतेको मास पहिने सं मतदाता सूची मे नाम जुड़ेबाक संग शिक्षक मतदाता सं लगातार संपर्क मे जुटल छथि।

विधानसभा चुनाव सं पहिने विशेष रूप सं शिक्षक एवं स्नातक एमएलसी चुनाव समाजवादी पार्टी, भारतीय जनता पार्टी आ अन्य दलसभक लेल महत्वपूर्ण परीक्षा होयत। एहि चुनाव मे राजनीतिक दलसभक संगठनात्मक क्षमता, मतदाता सं संपर्क आ जनसमर्थनक सेहो परीक्षा होयत।

# समस्तीपुर मे राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन, 17 पीठक कएल गेल गठन

**समस्तीपुर, समदिया**

जिला विधिक सेवा प्राधिकारक तत्वावधान मे समस्तीपुर जिला विधिक सेवा प्राधिकार भवन मे शनिदिन राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। बिहार राज्य विधिक सेवा प्राधिकार, पटना द्वारा देल गेल निदेर्शानुसार आयोजित लोक अदालतक उद्घाटन प्रभारी प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह जिला विधिक सेवा प्राधिकारक अध्यक्ष राहुल कुमार, जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा आ पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप सिंह संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कऽ कयलनि। राष्ट्रीय लोक अदालत लेल 17 पीठक गठन कयल गेल अछि। सभ पीठ पर अलग-अलग पदाधिकारीक नियुक्ति कयल गेल अछि। लोक अदालत मे प्रभारी जिला जज राहुल कुमार, अपर जिला एवं सत्र न्यायाधीश सुनील कुमार चौबे, आलोक कुमार पांडे, उमाशंकर नारायण, जिला विधिक सेवा प्राधिकारक सचिव मनोज कुमार, अपर मुख्य न्यायिक दंडाधिकारी जय श्री कुमारी, अनुमंडल न्यायिक दंडाधिकारी मयंक कुमार पांडे, सिविल जज जूनियर डिवीजन कनिका शर्मा आ सृष्टि सिन्हा, न्यायिक दंडाधिकारी प्रथम श्रेणी बादल कुमार गुप्ता, प्रियंका यादव, नैंसी कुमारी, स्वीटी कुमारी, मणि शंकर मनी, आशीष कुमार सिंह, सौरभ कुमार चौधरी सहित अन्य न्यायिक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।




## राष्ट्रीय लोक अदालत मे 525 मामिलाक निष्पादन, 79.54 लाख रुपैयाक वसूली

**रोसड़ा।** रोसड़ा व्यवहार न्यायालय परिसर मे शनिदिन राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश प्रथम सह अनुमंडल विधिक सेवा समितिक अध्यक्ष दुष्यंत कुमार विधिवत दीप प्रज्वलित क राष्ट्रीय लोक अदालतक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर अन्य न्यायिक पदाधिकारी, अंचल पुलिस निरीक्षक मनोज कुमार, नगर इंस्पेक्टर सह थानाध्यक्ष लालबाबू कुमार सहित बड़ी संख्या मे अधिवक्ता उपस्थित छलाह। बेसी सं बेसी मामिलाक निष्पादन लेल न्यायालय परिसर मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कयल गेल छल। मामिलाक सुनवाइ आ निष्पादन लेल कुल 6 पीठक गठन कयल गेल। राष्ट्रीय लोक अदालत मे बैंक संबंधी कुल 522 मामिलाक सुनवाइ भेल। एहि मामिला मे अनुमानित राशि 1 करोड़ 21 लाख 79 हजार 543 रुपैया छल, जाहि मे सं 79 लाख 53 हजार 293 रुपैयाक वसूली कयल गेल। ओतहि न्यायालय सं संबंधित कुल 1345 मामिला मे 131 मामिलाक निष्पादन भेल। एहि मामिला मे 93 हजार 533 रुपैयाक राशि पर समझौता भेल। बैंक संबंधी 522 आ अन्य 3 मामिला मिला कऽ राष्ट्रीय लोक अदालत मे कुल 525 मामिलाक निष्पादन कयल गेल। सभ मामिला मे अनुमानित कुल राशि 1 करोड़ 21 लाख 81 हजार 109 रुपैया छल, जाहि मे सं कुल 79 लाख 54 हजार 859 रुपैयाक वसूली भेल।

# भारत-नेपाल सीमा संबंधी विभिन्न विषयक जिलाधिकारी कयलनि समीक्षा

**सीतामढ़ी, समदिया**

भारत-नेपाल सीमा सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण विषय कें लएऽ जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे एनआइसी कक्ष मे समीक्षा बैसार भेल। बैसार मे सीमा क्षेत्रक सुरक्षा, तस्करी रोकबाक उपाय, अवैध गतिविधि पर नियंत्रण आ सीमावर्ती क्षेत्र मे विकास काजक प्रगतिक समीक्षा कयल गेल। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। बैसार मे एसएसबीक 20वीं आ 51वीं बटालियनक पदाधिकारी सेहो उपस्थित छलाह। वॉच टावर निर्माण सहित अन्य काजक समीक्षा करैत जिलाधिकारी संबंधित अधिकारी सभ कें आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। भारत-नेपाल सीमाक नो-मैन्स लैंड मे बचल अतिक्रमण हटेबाक, जाली भारतीय मुद्रा पर रोक लगाबय, साइबर फ्रॉड आ अवैध दूरसंचार सं जुड़ल मामिला मे प्रभावी कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। सीमा क्षेत्र मे ट्रकक नियमित आवागमनक जांच, चालक सभक अनुज्ञप्तिक सत्यापन, आधार कार्डक जांच आ जीएसटी नियमक पालन सुनिश्चित करबाक लेल संबंधित विभाग कें संयुक्त अभियान चलाबय कहल गेल।

जिलाधिकारी सीमावर्ती क्षेत्रक दवा दोकान, पीडीएस दोकान आ लाभुक, उर्वरकक थोक-खुदरा विक्रेता तथा बैंक मे स्थापित सीएमडी मशीनक नियमित जांच करबाक निर्देश देलनि। म्यूल बैंक खाता सं होइत वित्तीय अपराध, फर्जी कंपनीक संचालन तथा एनडीपीएस एक्ट सं जुड़ल मामिला पर सेहो गहन समीक्षा भेल। मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध व्यापक अभियान चलाबय पर जोर देल गेल। सीमावर्ती क्षेत्र मे चिन्हित वाइब्रेंट विलेज मे केंद्र आ राज्य सरकारक कल्याणकारी एवं विकास योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन तथा मूलभूत सुविधा उपलब्ध करेबाक निर्देश देल गेल। बैसार मे मानव तस्करी, पशु तस्करी आ अन्य अवैध गतिविधिक स्थिति सेहो समीक्षा कयल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे सीमा क्षेत्रक संवेदनशीलता कें देखैत सभ विभाग आपसी समन्वय सं पूरी सतर्कता बरतथि। पुलिस आ प्रशासनिक अधिकारी सभ कें गश्ती बढ़ेबाक, संदिग्ध गतिविधि पर नजरि रखबाक आ आवश्यकता पड़ला पर त्वरित कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। उन्होंने स्पष्ट कयलनि जे सीमा सुरक्षा, कानून-व्यवस्था आ विकास लेल सभ विभागक समन्वित प्रयास जरूरी अछि।

# आकांक्षी जिला आ आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रमक समीक्षा बैसार आयोजित

**सीतामढ़ी, समदिया**

मुख्य सचिव-सह-केंद्रीय प्रभारी पदाधिकारी संजय कुमार अग्रवालक अध्यक्षता मे सीतामढ़ी जिला मे आकांक्षी जिला कार्यक्रम आ आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रमक प्रगतिक समीक्षा लेल बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे जिला संबंधित विभिन्न विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे स्वास्थ्य आ पोषण, शिक्षा, कृषि आ जल संसाधन, वित्तीय समावेशन आ कौशल विकास तथा आधारभूत संरचना सहित विभिन्न क्षेत्र मे जिलाक प्रगतिक समीक्षा कयल गेल। नीति आयोगक चैंपियन ऑफ चेंज पोर्टलक मार्च 2026क आंकड़ाक अनुसार सीतामढ़ीक स्कोर 52.9834 सं बढ़ि कए 61.9056 भए गेल अछि। एहि तरहें जिलाक स्कोर मे 8.922 अंकक सुधार दर्ज कयल गेल। राज्यक आकांक्षी जिला सभ मे सीतामढ़ी तेसर स्थान पर रहल। शिक्षा क्षेत्रक समीक्षा दौरान विद्यार्थी सभक संक्रमण, ड्रॉपआउट रोकबाक, विद्यालय ट्रैकिंग आ छात्रवृत्ति सं संबंधित गतिविधि पर विशेष ध्यान देल गेल। जिला मे विद्यार्थी सभ कें ट्रैक कयल जा रहल अछि, जाहि सं संक्रमणक दौरान संभावित ड्रॉपआउट रोकल जा सकय। प्राथमिक सं उच्च प्राथमिक स्तर पर संक्रमण दर 86.40 प्रतिशत आ उच्च प्राथमिक सं माध्यमिक स्तर पर 81.78 प्रतिशत दर्ज कयल गेल अछि। विद्यालय सभ मे बालिका लेल कार्यशील शौचालय, पेयजल आ बिजली सन बुनियादी सुविधाक उपलब्धता 100 प्रतिशत दर्ज कयल गेल अछि। ड्रॉपआउट आ छात्रवृत्ति सं संबंधित विषय पर शिक्षक सभक क्षमता बढ़ेबाक संग विद्यार्थी आ आम लोक मे जागरूकता लेल सेहो गतिविधि चलाओल जा रहल अछि। स्वास्थ्य आ पोषण क्षेत्र मे गर्भवती महिला सभक एएनसी जांच, संस्थागत प्रसव, एनीमिया प्रबंधन, टीकाकरण आ कुपोषणक स्थिति पर समीक्षा भेल। अगस्त 2026 मे चारि अथवा बेसी एएनसी जांच करौलनि गर्भवती महिला सभक अनुपात 97.11 प्रतिशत रहल। गंभीर एनीमिया सं पीड़ित गर्भवती महिला सभक उपचार कवरेज 100 प्रतिशत दर्ज कयल गेल। बैसार मे जिलाक आकांक्षी प्रखंड बैरगनियाक प्रगतिक सेहो समीक्षा कयल गेल। मार्च 2026 मे आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रम मे बैरगनियाक ऑवरऑल रैंक 108 रहल। शिक्षा क्षेत्र मे जुलाई 2026क आंकड़ाक अनुसार उच्च प्राथमिक सं माध्यमिक स्तर पर लड़का सभक संक्रमण दर 90.71 प्रतिशत आ लड़किक 90.65 प्रतिशत रहल। माध्यमिक सं उच्च माध्यमिक स्तर पर लड़का सभक संक्रमण दर 90.12 प्रतिशत आ लड़किक 90.92 प्रतिशत दर्ज कयल गेल। समीक्षा दौरान स्वास्थ्य, पोषण, शिक्षा, सामाजिक विकास, कृषि आ आधारभूत सुविधा सं जुड़ल विभिन्न संकेतक मे प्रगति आ सुधार लेल कयल जा रहल प्रयास सभक जानकारी देल गेल। बैठकक उद्देश्य जिला आ आकांक्षी प्रखंड मे विभिन्न विकास संकेतकक प्रगतिक समीक्षा करैत शेष विराम कें कम करब आ लक्ष्य प्राप्ति लेल विभागीय समन्वय कें आरो मजबूत करब रहल।



## चोरीक आशंका मे कार जब्त, चालक गिरफ्तार

**सिंहवाड़ा।** सिमरी थाना क्षेत्रक अतरबेल मे वाहन जांचक दौरान पुलिस चोरीक आशंका मे एक वैगनआर कार जब्त क चालक कें गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार चालकक पहचान बिशनपुर थाना क्षेत्रक पंचोभ गाम निवासी विजय मिश्रा पुत्र भारतेंदु कुमार मिश्रा (23) केर रूप मे भेल अछि। जब्त वाहनक निबंधन संख्या बीआर 02 बीएच 9067 अछि। पुलिसक अनुसार, शुक्रदिन दोसर पालीक गश्ती दौरान अवर निरीक्षक पूजा रानी कें सूचना भेटल जे मोरो दिस सं सिमरी-अतरबेल दिस आबि रहल उज्जर रंगक वैगनआर मे शराब लए जाएल जा रहल अछि। सूचनाक सत्यापन लेल पुलिस टीम अतरबेल पहुंचि वाहन जांच शुरू कयलक। एहि क्रम मे उक्त वाहन कें रोकबाक प्रयास कयला पर चालक पुलिस कें देखि कार लएऽ भागय लागल। पुलिस बहुत प्रयासक बाद वाहन कें रोकि लेलक। कारक डिक्की तलाशी लेल गेल, मुदा ओहि मे शराब अथवा कोनो संदिग्ध सामान नहि भेटल। तकर बाद चालक सं वाहनक स्वामित्व आ कागजात संबंधी पूछताछ कयल गेल। चालक कोनो संतोषजनक जवाब नहि दए सकल आ वाहनक वैध कागजात सेहो प्रस्तुत नहि कयलक। एहि आधार पर पुलिस चोरीक आशंका मे वाहन जब्त कऽ चालक कें गिरफ्तार कऽ लेलक। अवर निरीक्षक पूजा रानीक बयान पर प्राथमिकी दर्ज कऽ गिरफ्तार आरोपित कें शनिदिन न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल।

# सुरक्षित शनि पर सड़क आ रेल सुरक्षा लेल बच्चा सभ कें कयल गेल जागरूक

**शिवाजीनगर, समदिया**

मुख्यमंत्री विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत शनिदिन शिवाजीनगर प्रखंडक सभ विद्यालय मे सुरक्षित शनिचरक आयोजन कयल गेल। सितंबरक दोसर शनिचरक मुख्य विषय सड़क आ रेल दुर्घटना सं बचाव रहल। एहि दौरान छात्र-छात्रा सभ कें सड़क पर सुरक्षित चलबाक, यातायात नियमक पालन, रेलवे ट्रैक आ फाटक पर सावधानी तथा दुर्घटनाक स्थिति मे बचावक उपाय बताओल गेल। शिक्षक सभक नेतृत्व मे विभिन्न जागरूकता गतिविधि आयोजित कऽ बच्चा सभ कें सुरक्षित व्यवहार लेल प्रेरित कयल गेल। यातायात संकेत आ ट्रैफिक लाइटक माध्यम सं लाल, पीयर आ हरियर बत्तीक अर्थ व्यवहारिक रूप सं बुझाओल गेल। लाल बत्ती पर रुकबाक, पीयर बत्ती पर सावधानी बरतबाक आ हरियर बत्ती पर सुरक्षित भेलापर आगू बढ़बाक जानकारी देल गेल। वाहन पर यात्रा करैत समय हेलमेट आ सीट बेल्टक उपयोगक महत्व सेहो बताओल गेल। सड़क पार करबाक लेल जेब्रा क्रॉसिंग आ निर्धारित स्थानक उपयोग, अनचोके सड़क पर नहि दौड़बाक तथा मॉक ड्रिलक माध्यम सं सुरक्षित सड़क पार करबाक अभ्यास कराओल गेल। बच्चा सभ कें रेलवे ट्रैक पर अनावश्यक नहि जाए, शॉर्टकट लेल ट्रैक पार नहि करे आ बंद रेलवे फाटकक नीचां सं नहि निकलबाक सलाह देल गेल। दुर्घटना भेलापर घबराए बिना शांत रहबाक, घायल कें अनावश्यक रूप सं नहि उठेबाक आ तत्काल शिक्षक, अभिभावक अथवा सहायता दल कें सूचना देबाक जानकारी सेहो देल गेल। पूर्व बीआरपी सह प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंह, मो. अब्दुल्लाह, सत्यनारायण आर्य, अरुण पासवान, सुभाष सिंह, संतोष कुमार, नीलू कुमारी सहित विभिन्न विद्यालयक प्रधानाध्यापक आ शिक्षक सभक नेतृत्व मे कार्यक्रम भेल। शिक्षक सभ वास्तविक घटनाक उदाहरण दए बच्चा सभ कें सड़क आ रेल सुरक्षा नियमक पालन लेल प्रेरित कयलनि।



## मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे सुरक्षित शनिक आयोजन

**समस्तीपुर।** समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक नेतृत्व मे मुख्यमंत्री विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत सुरक्षित शनिचरक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे फोकल शिक्षिका बीवी शकीला रहमान सड़क आ रेल दुर्घटना सं बचावक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। प्रधानाध्यापक मुकेश कुमार कहलनि जे थोड़ेक लापरवाही सेहो जीवन पर भारी पड़ि सकैत अछि। नियमक पालन क दुर्घटना सं बचल जा सकैत अछि। जागरूकताक माध्यम सं सुरक्षित विद्यालय, सुरक्षित समाज आ सुरक्षित बिहार बनाओल संभव अछि। आपात स्थिति मे रेलवे हेल्पलाइन 139 पर तत्काल सूचना देबाक अपील कयलनि। एहि अवसर पर इको क्लबक नोडल शिक्षक संजीव कुमार झाक नेतृत्व मे क्लबक सदस्य सभ विद्यालयक पेयजल व्यवस्था कें स्वच्छ, सुंदर आ सुरक्षित राखबाक लेल सहयोग कएनिहार सभ कें प्रधानाध्यापक द्वारा कॉपी, पेंसिल, पेंसिल बॉक्स, ड्राइंग बुक आपर्यावरण मित्रक प्रशस्ति-पत्र दए सम्मानित कयलनि। कार्यक्रमक संचालन शिक्षक विमल कुमार साह कयलनि। एहि अवसर पर शिक्षक मो. सादुल्लाह, कैलाश राम, विनय सिंह, दिवाकर कुमार सिंह, खुशबू राय, विमला कुमारी, विभा कुमारी, इंदिरा कुमारी, कोमल पांडे, रुचि वर्मा, अंजुमन शाहीन आ शिक्षा सेवक कैलाश सदा सहित अन्य उपस्थित छलाह।

# 5 फीट पानि मे डूबल मैदान तैयो नहि रुकल दौड़

## सेना मे भर्ती होयबाक सपनाक आगू बाढ़ि पड़ल कमजोर

**भागलपुर, समदिया**

गंगाक बाढ़ि मैदान छीन लेलक, रास्ता डूबि गेल आ घर सं निकलनाइ मुश्किल भए गेल, मुदा सेना मे भर्ती होबाक सपना देख रहल भागलपुरक युवाक हौसला पानि नहि डूबा सकल। सैंडिस कंपाउंड मैदान, जतय प्रतिदिन दौड़, हाई जंप, लॉन्ग जंप आ गोला फेंकक अभ्यास होइत छल, आइ 4 सं 5 फीट धरि पानि मे डूबल अछि। ट्रैक डूबि गेल अछि आ जंप तथा गोला फेंकबाक लेल जगह नहि बचल अछि। तैयो अभ्यर्थी अभ्यास रोकबाक लेल तैयार नहि छथि।

सेना भर्ती आ मद्य निषेध दरोगाक शारीरिक दक्षता परीक्षा लग आबि गेल अछि। महीना भरिक मेहनति केलाक बाद बाढ़िक कारण अभ्यास रुकल तं तैयारी पर असर पड़ब स्वाभाविक अछि। एहि कारण युवा सभ मैदानक पानि घटबाक प्रतीक्षा करबाक बदला जतय सूखल आ सुरक्षित जगह भेटल, ओतहि प्रशिक्षण शुरू कऽ देलनि। पैरा कमांडो पद सं सेवानिवृत्त रणजीत सोलंकी अभ्यर्थी सभ कें प्रशिक्षण दए रहल छथि। मैदान डूबलाक बाद ओ प्रशिक्षणक तरीका सेहो बदलि देलनि। कहियो मैदानक बचल सूखल भाग मे अभ्यास कराओल जाइत अछि तंऽ कहियो युवा सभ कें दोसर सुरक्षित स्थान पर लएऽ जा कऽ दौड़ आ अन्य शारीरिक गतिविधि कराओल जाइत अछि। बाढ़िक चुनौती मात्र मैदान धरि सीमित नहि अछि। कतेको इलाका मे रास्ता पर पानि भरलाक कारण प्रशिक्षण स्थल धरि पहुंचनाइ सेहो कठिन भएऽ गेल अछि। किछु अभ्यर्थी नाव वा अन्य साधनक सहारा लए अभ्यास लेल पहुंचि रहल छथि। अभ्यर्थी सभक कहब अछि जे परिस्थिति कठिन अछि, मुदा परीक्षा अपन समय पर होयत। तें परिस्थिति जतेक कठिन हो, तैयारी जारी राखब हुनकर मजबूरी सेहो अछि आ संकल्प सेहो। सेना मे भर्ती लेल तैयारी कऽ रहल अभिमन्यु कुमार सिंह कहलनि जे पहिने सैंडिस कंपाउंड मे नियमित रूप सं दौड़, हाई जंप, लॉन्ग जंप आ गोला फेंकक अभ्यास करैत छलाह। आब पूरा मैदान पानि मे डूबल अछि, मुदा हुनकर लक्ष्य नहि बदलल अछि। अभिमन्यु कहलनि जे सेना मे जा कऽ देशक सेवा करबाक सपना अछि। रास्ता मे बाढ़ि आयल अछि तं तैयारीक तरीका बदलय पड़त, लक्ष्य नहि।

कोच रणजीत सोलंकी सेहो सुरक्षित स्थान पर लए जा कए अभ्यर्थी सभक अभ्यास जारी रखि रहल छथि। पानि मैदान कें डूबा देलक अछि, मुदा एहि युवासभक हौसला नहि। हुनकर दौड़ आब ट्रैक पर नहि, बल्कि विपरीत परिस्थिति विरुद्ध अछि आ मंजिल ओहने अछि - सेनाक वर्दी।



## काली पूजाक बाद नम आंखि सं मायक प्रतिमा विसर्जित

**रोसड़ा।** रोसड़ा नगर परिषद क्षेत्रक बाबा स्थान मे भव्य काली पूजाक आयोजन कयल गेल। पूजा-अर्चना लेल मंदिर परिसर मे आसपासक क्षेत्र सं पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचलाह आ मायक आराधना कय सुख-समृद्धि आ शांतिक कामना कयलनि। शनिदिन मायक प्रतिमा विसर्जन लेल भव्य शोभायात्रा निकालल गेल, जाहि मे पैघ संख्या मे श्रद्धालु शामिल भेलाह। मायक प्रतिमा कें बाजारक प्रमुख मार्ग सभ सं नगर भ्रमण कराओल गेल। एहि दौरान श्रद्धालु सभक भारी भीड़ जुटि गेल आ पूरा क्षेत्र जयकारा सं गूंजि उठल। शोभायात्राक दौरान बंगाल सं आयल कलाकार सभ आकर्षक झांकी प्रस्तुत केलनि, जे लोकक विशेष आकर्षणक केंद्र बनल रहल। झांकी देखबाक लेल सड़कक दुनू कात लोकक भीड़ जुटल रहल। नगर भ्रमणक बाद मायक प्रतिमा कें बूढ़ी गंडक नदीक कात लए जाय विधिवत पूजा-अर्चना कयल गेल आ तकर बाद प्रतिमा विसर्जित कयल गेल। मायक विदाईक समय श्रद्धालु सभक आंखि नम भए गेल। नम आंखि सं मायक विदाई दैत श्रद्धालु सभ अगिला बरख फेर आगमनक कामना केलनि।

# 15 सितंबर धरि शतप्रतिशत राशन कार्ड बनेबाक निर्देश

## एमएलसी चुनाव लेल मतदाता सूचीक सत्यापन आ शुद्धिकरण पर डीएम देलनि जोर

**दरभंगा, समदिया**

जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे शनिदिन वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं राशन कार्ड निर्माण, आगामी एमएलसी चुनावक तैयारी आ सेवा संकल्प अभियानक संबंध मे समीक्षा बैसार भेल। एहि मे सभ बीडीओ, सीओ, प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी आ प्रखंड पंचायती राज पदाधिकारी शामिल छलाह। एमएलसी चुनावक तैयारीक समीक्षा करैत डीएम मतदाता सूचीक गहन सत्यापन आ शुद्धिकरण करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे मतदाता सूची मे कोनो प्रकारक त्रुटि अथवा अपात्र मतदाताक नाम नहि रहबाक चाही। सभ संबंधित अधिकारी निर्वाचन आयोगक दिशा-निर्देशक अनुरूप निर्धारित समय-सीमा मे आवश्यक कारबाइ पूरा करथि। राशन कार्ड निर्माणक समीक्षा मे बताओल गेल जे जिला मे एखन धरि करीब 8 हजार नव राशन कार्ड बनाओल जा चुकल अछि। डीएम लंबित काज मे तेजी अनैत 15 सितंबर धरि शत-प्रतिशत राशन कार्ड निर्माण पूरा करबाक निर्देश देलनि। पात्र परिवार सभ कें खाद्य सुरक्षा योजनाक लाभ सुनिश्चित करबाक लेल जिला आ प्रखंड स्तरक अधिकारी सभ कें आपसी समन्वय सं काज करबाक कहल गेल। बैसार मे सेवा संकल्प अभियानक तैयारीक सेहो समीक्षा भेल। डीएम कहलनि जे 17 सितंबर कें सेवा संकल्प कार्यक्रम आयोजित कयल जाएत। ओ सभ सरकारी कार्यालय आ अस्पताल मे दीप प्रज्वलन सहित कार्यक्रमक सभ तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे सहायक समाहर्ता कल्पना रावत, डीडीसी स्वप्निल, सिविल सर्जन डॉ. अरुण कुमार सहित जिला आ प्रखंड स्तरक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।



# अमड़ापाड़ा ज्वेलरी दोकान लूटक खुलासा, 3 अपराधी गिरफ्तार

## लाखो रुपैयाक गहना आ बाइक बरामद

» हथियारक संग पकड़ल गेल अंतरराज्यीय बदमाश

पाकुड़,समदिया

पाकुड़क अमड़ापाड़ाक एकटा ज्वेलरी दोकान मे 2 सितंबर कें भेल लूटक घटनाक खुलासा भए गेल अछि। एसपी अनुदीप सिंह दिस सं गठित विशेष टीम एहि मामिला कें सुलझा लेलकअछि।पुलिस तीनटा अंतरराज्यीय अपराधी कें हथियारक संग गिरफ्तार केने अछि। हुनका सभक लगसं लूटल गेल आभूषण आ घटना मे उपयोग कएल गेल बाइक सेहो बरामद कएल गेल अछि।एसपी अनुदीप सिंह शनिदिन एहि संबंध मे जानकारी देलनि। ओ बतौलनि जे 2 सितंबर कें अमड़ापाड़ा थाना क्षेत्रक बाजार मे दुर्गा मंदिरक लग किशन वर्मा ज्वैलर्स दोकान मे तीन अज्ञात हथियारबंद अपराधी लूटपाट केने छल। दोकानदार आकाश वर्माक बयान पर थाना मे मामिला दर्ज कएल गेल छल। मामिलाक गंभीरता कें देखैत आईजी आ डीआईजी जांच लेल विशेष निर्देश देने छलाह। मामिला



कें सुलझेबा लेल हुनका सभ दिस सं किछु तकनीकी जानकारी सेहो देल गेल। एहि जानकारीक आधार पर विशेष छापेमारी दल आ छहटा दोसर छोट टीम बनाओल गेल। एहि टीम सभ मात्र 10 दिनक भीतर घटनाक सफलतापूर्वक खुलासा करैत तीनटा अंतरराज्यीय अपराधी कें गिरफ्तार कए लेलक। गिरफ्तार अपराधीक पहचान देवघर जिलाक मोहनपुर थाना क्षेत्रक चितरपोका निवासी प्रवीण कुमार उर्फ पारो उर्फ प्रवीण कुमार यादव, बिहारक बांका जिलाक बंधुआकुरावा थाना क्षेत्रक तिवारीचक गांव निवासी हर्ष आनंद उर्फ हर्ष यादव आ बांका जिलाक बौसी थाना क्षेत्रक दलियाबौसी गांव निवासी कमल कुमार किशोर उर्फ कमल यादवक रूप मे भेल अछि। गिरफ्तार अपराधी सभक लग सं दूटा देसी कट्टा, एकटा देसी पिस्तौल, पांचटा जिंदा कारतूस, .315 एमएमक दूटा जिंदा कारतूस, घटना मे उपयोग कएल गेल मोटरसाइकिल, लूटल गेलआभूषण आ 12,700 रुपैया बरामद कएल गेल अछि।पकड़ल गेल अपराधी सभ मे प्रवीण कुमारक पुरान आपराधिक रिकॉर्ड अछि। ओकर विरुद्ध अलग-अलग थाना मे कुल 14 मामिला दर्ज अछि। पुलिस टीम मे महेशपुरक एसडीपीओ विजय कुमार, अमड़ापाड़ा थाना प्रभारी अनूप रोशन भेंगरा, महेशपुर थाना प्रभारी रवि शर्मा सहित कतेको पुलिस अधिकारी शामिल छलाह।

# देवघर-रोहिणी रेललाइन तैयार, आब दौड़त ट्रेन, जसीडीह मे इंजन बदलबाक जरूरत नहि

## 45 मिनट धरि समय बचत

देवघर,समदिया

जसीडीह-रोहिणी बाइपास रेललाइन पर ट्रेनक नियमित परिचालनक बाट साफ भए गेल अछि। पूर्व सर्किलक रेल संरक्षा आयुक्त (सीआरएस) गुरु प्रकाश नवनिर्मित 4.905 किलोमीटर लंबा देवघर-रोहिणी रेल बाइपास लिंक कें खोलबाक औपचारिक अनुमति दए देने छथि। एहि संएहि मार्ग पर ट्रेनक आवाजाही तेज होयत। यात्री आ माल परिवहन मे समयक बचत होयत। आसनसोल सं दुमका, बांका आ हरलाटांड़ तथा विपरीत दिशा मे चलय बला मेल, एक्सप्रेस आमालगाड़ी कें आब जसीडीह जंक्शन पर दिशा बदलबाक लेल इंजन बदलबाक जरूरत नहि पड़त।एहि सं प्रति ट्रेन औसतन 35 सं 45 मिनटक बचत होयत। कुल परिचालन समय मे 60 सं 90 मिनट धरि कमी होमयक संभावना अछि। प्लेटफॉर्म-1क यात्री ट्रेन लेल होयत नीक उपयोग बाइपास शुरू भेला सं जसीडीह जंक्शन पर परिचालन व्यवस्था सेहो सुगम



होयत। एखन इंजन बदलबा मे लगैत अतिरिक्त समयक कारण पाछू सं आबय बला डाउन ट्रेन पर सेहो विलंबक असर पड़ैत अछि। नब रेललाइन चालू भेलाक बाद ई समय बचत होयत आ रेलपथ सेहो शीघ्र उपलब्ध भए सकत। एहि सं ट्रेनक आवाजाही बेसी निर्बाध होमयक आशा अछि। जसीडीह स्टेशनक प्लेटफॉर्म संख्या-1 सेहो अप आ डाउन यात्री ट्रेन लेल बेसी सुलभ भए जायत। ई बाइपास देवघर, कटोरिया, बांका आ सुल्तानगंज होइत किऊल धरि पहुंचबाक लेल एकटावैकल्पिक रेलमार्ग सेहो उपलब्ध कराओत।

एहि रेललाइन पर यात्री आ मालगाड़ी कें अधिकतम100 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं चलबाक अनुमति देल गेल अछि।लिंक केबिन, आरसीसी बॉक्स पुल सहित कतेको महत्वपूर्ण काज भेल देवघर-रोहिणी बाइपास रेललाइन देवघर लिंक केबिन आ कुमराबाद रोहिणी स्टेशनक बीच स्थित अछि। परियोजनाक अंतर्गत कुमराबाद रोहिणी कें हॉल्ट सं पूर्ण ब्लॉक स्टेशन मे बदलबाक काज कएल गेल अछि। एकर अतिरिक्त देवघर लिंक केबिनक निर्माण आ जसीडीह-वैद्यनाथ धाम रेललाइनक नीचा आरसीसी बॉक्स पुल बनाबय जेहन महत्वपूर्ण काज सेहो कएल गेल अछि। बाइपास चालू भेला सं जसीडीह स्टेशन पर ट्रेनक दबाव कम होयत आ देवघर सहित संताल परगनाक विभिन्न क्षेत्रक रेल कनेक्टिविटी कें मजबूती भेटत। पूर्व रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी शिबराम माझी कहलनि जे ई रणनीतिक बाइपास रेललाइन क्षेत्रक रेल अवसंरचना मे महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि।

# झारखंडक 7 जिला मे पैघ प्रशासनिक फेरबदल, शिक्षा विभागक 58 लिपिकक बदली

रांची,समदिया

झारखंड मे उत्तरी छोटानागपुर प्रमंडलक सात जिला हजारीबाग, चतरा, कोडरमा, गिरिडीह, बोकारो, धनबाद आ रामगढ़क शिक्षा व्यवस्था दुरुस्त करबाक लेल पैघ प्रशासनिक सुधार कएल गेल अछि। क्षेत्रीय शिक्षा संयुक्त निदेशक कुमारी नीलम अभूतपूर्व आ साहसिक प्रशासनिक सुधारकएलनि। हाईकोर्टक आदेश आ सरकारक निर्देश बाद गठित प्रमंडलीय स्थापना समितिक बैठक भेल। एहि बैठक मे सातू जिला मे दीर्घ समय सं एकहि स्थान पर कार्यरत कर्मचारीक बदली कएल गेल। एहि संबंध मे विभागीय स्तर पर छह अलग-अलग कार्यालय आदेश शनिदिन, 12 सितंबर कें जारी कएल गेल। एकर ज्ञापांक 739, 775, 776, 777, 778, 780 आ 781 अछि। शिक्षा विभागक



## 134 कर्मचारीक संवर्ग तय

इतिहास मे पहिल बेर एकहि संग एतेक पारदर्शी तरहे नियमावली 2010क अंतर्गत कर्मचारी सभ कें जिला आ प्रमंडल संवर्ग चुनबाक एकबारीय अवसर देल गेल आ ओहि अनुरूप बदली कएल गेल। एहि सं कार्यालय सभ मे पारदर्शिता, जवाबदेही आ कार्यकुशलता बढ़बाक उम्मीद अछि। क्षेत्रीय शिक्षा संयुक्त निदेशक कुमारी नीलमक एहि निर्णयक शिक्षा महकमा मे सराहना भए रहल अछि। विभाग चारि श्रेणी मे बदली कएलक अछि। प्रमंडल संवर्ग चुननिहार ओ लिपिक जे एकहि कुर्सी पर 3 वर्ष सं बेसी समय सं ज मे छलाह, हुनका सभक बदली कएल गेल। एकहि जिला मे 6 वर्ष सं बेसी समय सं ज मे लिपिक सभ कें दोसर जिला मे पठाओल गेल। क्षेत्रीय शिक्षा संयुक्त निदेशक कुमारी नीलम मानवताक परिचय दैत गंभीर असाध्य रोग अथवादिव्यांगता प्रमाणपत्र बला लिपिक सभ कें हुनकर सुविधाजनक स्थान पर पदस्थापित कएलनि। कुल 134 लिपिक मे 102 लिपिक प्रमंडल संवर्ग आ 28 लिपिक जिला संवर्ग चुनलनि। विभाग सभ नियंत्री पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलक अछि जे संबंधित कर्मचारी सभ कें एक सप्ताहक भीतर विरमित कराकए नव पदस्थापन स्थल पर योगदान सुनिश्चित कराओल जाए।संगहि सेवा पुस्तिका मे संवर्गक प्रविष्टि अनिवार्य रूप सं दर्ज करबाक निर्देश देल गेल अछि।आदेश मे ईहो स्पष्ट कएल गेल अछि जे भविष्य मे संवर्ग परिवर्तनक कोनो दाबी स्वीकार नहि कएल जाएत।शिक्षा विभागक माननाइ अछि जे दीर्घ समय सं एकहि स्थान पर ज मे कर्मचारीसभक स्थानांतरण सं प्रशासनिक निष्पक्षता बढ़त आ कार्यसंस्कृति मे सुधार आएत। हाईकोर्टक निर्देशअनुरूप भेल एहि व्यापक कारबाइके उत्तरी छोटानागपुर प्रमंडल मे शिक्षा प्रशासनक लेल पैघ सुधारात्मक कदमक रूप मे देखल जा रहल अछि। कतेको वर्ष बाद एतेक पैघ स्तर पर पारदर्शी प्रक्रियाक संग संवर्ग निर्धारण आ बदलीक कारबाइ सं शिक्षा महकमा मे नव कार्यशैलीक उम्मीद जागल अछि।

# डिजाइन आ इंजीनियरिंग विशेषज्ञक दू दिवसीय एलईओ कार्यशाला



बोकारो,समदिया

बोकारो स्टील प्लांटक टेक्निकल सेल विभाग दिस सं डिजाइन एवं इंजीनियरिंग क्षेत्र मे तकनीकी ज्ञान, अनुभव आ श्रेष्ठ कार्यप्रणालीक आदान-प्रदान लेल दू दिवसीय एलईओ कार्यशालाकआयोजन कएल जा रहल अछि। एहि मे भिलाई, राउरकेला, दुर्गापुर, आईआईएससीओ आ बोकारोस्टील प्लांटक डिजाइन एवं इंजीनियरिंग विशेषज्ञ आ प्रतिनिधि भाग लए रहल छथि।उद्घाटन सत्र मे अधिशासी निदेशक (संकार्य) मौजूद छलाह। मुख्य महाप्रबंधक (टेक्निकल सेल) नब तकनीक आ श्रेष्ठ कार्यप्रणाली कें अपनाबयक संग विभिन्न इकाइक बीच तकनीकी ज्ञान आअनुभव साझा करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। अधिशासी निदेशक (संकार्य) कहलनि जे एहन कार्यशाला सं सेलक सामूहिक तकनीकी विशेषज्ञताक प्रभावी उपयोग संभव अछि। संयंत्रक विशेषज्ञ सभक बीच नियमित संवाद कें सेहो उपयोगी बताओल गेल।

# पलामूक थाना आ ओपी कें भेटल 31 नव चारपहिया वाहन

## एसपी हरियर झंडी देखा कएलनि विदा

मेदिनीनगर (पलामू),समदिया

झारखंड सरकारक पहल सं पलामू पुलिस कें 31 नव चारपहिया वाहन भेटल अछि। शनिदिन पुलिस अधीक्षक कपिल चौधरी एहि वाहन सभ कें जिलाक सभ थाना आ ओपी कें विधिवत सौंपलनि। पुलिस अधिकारी आ जवानक मौजूदगी मे नव वाहन सभ कें हरी झंडी देखाकए संबंधित थाना-ओपी दिस विदा कएल गेल। एसपी कपिल चौधरी कहलनि जे नव वाहन भेटला सं जिला मे पुलिसक गश्ती व्यवस्था, अपराधनियंत्रण, कानून-व्यवस्था आ त्वरित कारबाइ कें आओर मजबूती भेटत। खास कए ग्रामीण, दुर्गम आ सुदूरवर्ती क्षेत्र मे पुलिसक पहुंच नीक होयत। आपात स्थिति मे पुलिस बल कें कम समय मेघटनास्थल धरि पहुंचय मे सेहो एहि वाहनसभक महत्वपूर्ण भूमिका रहत। नव वाहनसभक उपयोग सं थाना आ ओपी क्षेत्र मे नियमित गश्ती, संवेदनशील इलाकाक निगरानी आ संदिग्ध गतिविधि पर नजरि रखबा मे सुविधा होयत। कोनो घटनाक सूचना भेटला पर पुलिस कें त्वरित कारबाइ करबा मे सेहो मदति भेटत। पलामू जकां भौगोलिक रूप सं विस्तृत



जिला मे पुलिसक आवाजाही बढ़ला सं थाना स्तर पर पुलिसिंग आओर प्रभावी होयबाक उम्मीद अछि।एसपी कपिल चौधरी सभ थाना आ ओपी प्रभारी कें वाहनसभक समुचित आ प्रभावी उपयोग सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे नव वाहनक उपयोग अपराध नियंत्रण,जनसुरक्षा आ कानून-व्यवस्था कें नीक बनाबय मे कएल जाए। पुलिसक प्रयास रहत जे आम लोक धरि पुलिसक पहुंच आ त्वरित सेवा कें आओर नीक बनाओल जा सकय।मौका पर एसडीपीओ राजेश यादव, प्रशिक्षु डीएसपी मृत्युंजय गोप, सार्जेंट मेजर सुरेश राम, टाउन थाना प्रभारी ज्योति लाल रजवार सहित कतेको पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# कोयला परियोजना रद्द करबाक मांग लए केरेडारीक प्रबुद्ध लोक डीसी कें ज्ञापन सौंपलनि

केरेडारी/हजारीबाग,समदिया

केरेडारी प्रखंड क्षेत्र मे प्रस्तावित चट्टीबारियातु दक्षिणी कोयला खननपरियोजना के लए स्टेज फोरक अंतर्गत जारी गजटक विरुद्ध प्रखंडक लोक परियोजना रद्दकरबाक मांग तेज कए देने छथि। गत 6 सितंबर कें प्रखंड मुख्यालय मे सभ 11 गांवक लोकक महाजुटान भेल। ग्रामीण स्तर पर माइंसक विरोध मे बैठक सेहो भेल। एकर बाद प्रखंडक प्रबुद्ध लोक शुक्रदिन डीसी हजारीबाग सं भेंट कए ज्ञापन सौंपलनि। एहि मे सीबी दक्षिण परियोजना संहोमय बला नोकसान कें विस्तार सं रखल गेल।लोक कहलनि जे जाहि जमीन कें चिन्हित कएल गेल अछि, ओ तीन फसली जमीन अछि। सालमे तीन बेर फसल होइत अछि आ एहि सं एतुक्का लोकक जीवन-यापन चलैत अछि। भूमि अधिग्रहण भेलापर क्षेत्र मे भुखमरीक स्थिति उत्पन्न भए जायत। प्रखंड स्तरीय एहि टीम मे प्रमुख सुनीता देवी, जिला परिषद सदस्य अनिता सिंह, बालेश्वर कुमार महतो, केरेडारी मुखिया सोनिया देवी, उप प्रमुख अमेरिका महतो, पेटो मुखिया



कौशल्या देवी, पचड़ा मुखिया महेश प्रसाद साव, पंसस सुरेश भुइयां, पंसस अरबिंद साव, सुरेश साव, प्रीतम साव, अर्जुन राम, गुरुदयाल साव, वैद्यनाथ महतो, रविंद्र कुमार, लियाकत अंसारी, नारायण राम, कंचन यादव, अमित प्रसाद गुप्ता, सुमंत साहा, भागीरथ साव, सुभानी मियां, रवि मिश्रा, मिन्हाज अंसारी, कुंवर प्रसाद साव, मिथिलेश राम, रामचरित्र राम आ नागेश्वर महतो सहित अन्य शामिल छलाह।बरही मे खाद्य कारोबारि कें प्रशिक्षण प्रमाण पत्र भेटत बरही। बरही अनुमंडल क्षेत्रक सभ खाद्य कारोबारी लेल खाद्य सुरक्षा विभाग दिस सं 12 सितंबर कें बरही प्रखंड कार्यालय मे खाद्य सुरक्षा प्रशिक्षण प्रमाण पत्र वितरण कएल जायत। विभागक अनुसार ज्ञानसिटी एजुकेशनल ट्रस्टक माध्यम सं खाद्य सुरक्षा प्रशिक्षण प्राप्त कएनिहार बरही अनुमंडल क्षेत्रक सभ संबंधित खाद्य कारोबारी निर्धारित तिथि आ समय पर बरही प्रखंड कार्यालय मे उपस्थित भए अपन प्रशिक्षण प्रमाण पत्र प्राप्त करथि। प्रमाण पत्रक वितरण खाद्य सुरक्षा पदाधिकारी, हजारीबाग श्वेता त्रिपाठी करताह। कार्यक्रम 12 सितंबर कें दुपहर 12 बजे सं शुरू होयत। विभाग प्रशिक्षित सभ खाद्य कारोबारी सं अपील केने अछि जे निर्धारित समय पर कार्यक्रम स्थल पर पहुंचि अपन प्रमाण पत्र प्राप्त करब सुनिश्चितकरथि।कटकमदाग मे दहेज हत्याक फरार अभियुक्त गिरफ्तार कटकमदाग। कटकमदाग पुलिस शुक्रदिन दहेज हत्याक फरार अभियुक्त कें गिरफ्तार कए न्यायिक हिरासत मे पठा देलक। गिरफ्तार प्राथमिकी अभियुक्त थाना क्षेत्रक सुल्तान सलगा निवासी भोला यादव, पिता स्वर्गीय जगदीश यादव बताओल गेल अछि। अभियुक्तक विरुद्ध कटकमदा

## बांटल गेल प्रमाण-पत्र

# परियोजना प्रभावित परिवारक 30 युवा कें एनटीपीसी देलक हॉस्पिटैलिटी प्रशिक्षण

रांची,समदिया

एनटीपीसीक सीएसआर पहल अंतर्गत परियोजना प्रभावित परिवारक 30 युवा कें पर्यटन आ हॉस्पिटैलिटी क्षेत्र मे रोजगारपरक प्रशिक्षण देल गेल। हजारीबाग स्थित एनटीपीसीक कोयला खनन परियोजना सं प्रभावित परिवारक एहि युवा सभ सात मासक आवासीय कौशल विकासप्रशिक्षण सफलतापूर्वक पूरा कएलनि।टाटीसिलवे स्थित फ्रंटलाइन ग्लोबल सर्विसेज चैरिटेबल ट्रस्टक प्रशिक्षण केंद्र मे प्रमाण-पत्रवितरण समारोह आयोजित कएल गेल। प्रशिक्षणक संचालन सेहो एहि संस्थाक दिस सं कएलगेल। समारोह मे एनटीपीसी माइनिंग मुख्यालयक महाप्रबंधक (मानव संसाधन) प्रभात राम आफ्रंटलाइन ग्लोबल सर्विसेज चैरिटेबल ट्रस्टक अध्यक्ष एवं सह-संस्थापक सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह। युवा सभ पर्यटन आ हॉस्पिटैलिटी क्षेत्रक 'गेस्ट सर्विस एसोसिएट (फूड एंड बेवरेज)' पाठ्यक्रमक प्रशिक्षण लेलनि। एहि दौरान हुनका होटल, पर्यटन आ आतिथ्य क्षेत्र मे काज करबाक लेल आवश्यक उद्योग आधारित कौशलक




प्रशिक्षण देल गेल।प्रशिक्षणक उद्देश्य परियोजना प्रभावित युवासभक रोजगार क्षमता बढ़ेबाक संग हुनका स्थायीआजीविकाक अवसर उपलब्ध करेनाइ अछि।समारोह मे प्रभात राम प्रशिक्षु सभ कें अपन कौशल आ क्षमता कें पहचानबाक सलाह देलनि। ओकहलनि जे युवा सभ कें बाहरी दुनियाक सामना करय सं डरबाक नहि चाही। आत्मविश्वास,समर्पण आ कड़ा मेहनतिक संग अपन लक्ष्य दिस आगू बढ़ला सं नव अवसर भेटैत अछि आजीवन मे बदलाव अबैत अछि। एनटीपीसीक ई पहल मात्र कौशल प्रशिक्षण धरि सीमित नहि अछि। एकर माध्यम सं परियोजना प्रभावित युवा सभ कें रोजगार, आत्मनिर्भरता आ नीक भविष्यक दिशा मे आगू बढ़ेबाक प्रयासकएल जा रहल अछि। एनटीपीसीक दिस सं परियोजना सं जुड़ल समुदाय लेल एहन दीर्घकालिकआ रोजगारपरक सीएसआर पहल जारी रखबाक पर जोर देल जा रहल अछि।

# झारखंडक सभ विधानसभा मे बनत कोल्ड स्टोरेज-कम-मार्केटिंग सेंटर

## बच्चा कें मिड-डे मील मे भेटत रागी

रांची,समदिया

कृषि मंत्री शिल्पी नेहा तिर्की शुक्रदिन एकटा बैठक मे कहलनि जे चालू वित्तीय वर्षक बजट मे सरकार सभ विधानसभा क्षेत्र मे कोल्ड स्टोरेज-कम-मार्केटिंग सेंटर स्थापित करबाक योजनाबनौने अछि।एकरा लेल डीपीआर तैयार करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि, मुदा एखन धरि प्राप्त डीपीआर संविभाग पूरा तरहे संतुष्ट नहि अछि। मंत्री विभाग कें निर्देश देलनि जे देशभरि मे नीकलॉजिस्टिक आ कोल्ड-चेन सिस्टम विकसित कएनिहार अग्रणी कंपनी सभ कें सेहो कंसल्टेंसी लेलआमंत्रित कएल जाय आ हुनकर तकनीकी सुझाव लेल जाय, जाहि सं परियोजना कें भविष्यक आवश्यकता आ आधुनिक तकनीकक अनुरूप तैयार कएल जा सकय। मंत्री कहलनि जे राज्यक करीब 20 जिला मे 5,000 मीट्रिक टन क्षमताक कोल्ड स्टोरेज बनाओल गेल अछि। मुदा कतेको स्थान पर तकनीकी रूप सं पर्याप्त सक्षम नहि भेलाक कारणओकर संचालन



मे एफपीओ, सहकारी समिति अथवा थर्ड पार्टी ऑपरेटर कें विभिन्न कठिनाइकसामना करय पड़ैत अछि।बैठक मे सिद्धकोफेड दिस सं प्रधानमंत्री पोषण योजनाक अंतर्गत सरकारी विद्यालय मेमध्याह्न भोजन लेल रागी (मड़ुआ)क आटाक आपूर्ति सं संबंधित प्रस्तावक समीक्षा सेहो कएलगेल। फिलहाल पायलट परियोजनाक अंतर्गत रांची, खूंटी आ सरायकेला-खरसावां जिला कें शामिल कएल गेल अछि। एहि संबंध मे शिक्षा विभागक संग आवश्यक पत्राचार कएल गेल अछि। मंत्री कहलनि जे एहि पहल सं दूटा उद्देश्य पूरा होयत। एक दिस स्थानीय किसानक उत्पाद मड़ुआ कें सुनिश्चित बाजार भेटत, ओतहि दोसर दिस स्कूली बच्चा कें पौष्टिक आहार उपलब्ध कराबय मे सहायता भेटत।बैठक मे झास्कोलैंप्स दिस सं प्रस्तावित लाह पोषक समृद्धि योजनापर सेहो विस्तार सं चर्चा भेल। एहि योजनाक अंतर्गत लाभुक कें लाह उत्पादन लेल उपयोगी गाछ उपलब्ध कराओल जायत। योजना मे 400 सीमियालता, पांच कुसुम, पांच बेर आ 20 कैलियेंड्रा वा कैलोथायरसक गाछ देबाक प्रावधान अछि। ई सभ गाछ लाह उत्पादन लेल उपयोगी आ पोषक वृक्ष अछि। योजनाक अंतर्गत करीब 20 डिसमिल जमीन पर एकीकृत खेती कें बढ़ावा देल जायत। एहि सं किसान लाह उत्पादनक संग अन्य कृषि गतिविधि कें सेहो जोड़ि कए अपन आयक स्रोत केंमजबूत कए सकताह।

# पितृपक्षक मेला सं पहिने गया मे सफाइक अभियान शुरू, विष्णुपद मंदिर सं विशेष स्वच्छता दल विदा

**गया, समदिया**

## अधिकारी-पार्षद सभ स्वयं झाड़ू लगौलनि

गया नगर निगम पितृपक्षक मेलाक तैयारी तेज कए देने अछि। लाखो श्रद्धालु कें स्वच्छ वातावरण देबाक लेल शनिदिन विष्णुपद मंदिर सं विशेष स्वच्छता दल कें हरियर झंडी देखाकए विदा कएल गेल। एहि अवसर पर गया जिलाधिकारी शशांक शुभंकर, मेयर गणेश पासवान, नगर आयुक्त डॉ. गगन, पूर्व डिप्टी मेयर मोहन श्रीवास्तव सहित सभ वार्ड पार्षद मौजूद छलाह। अधिकारी आ जनप्रतिनिधि सभ स्वयं झाड़ू उठा कए विष्णुपद मंदिर परिसर मे सफाइ अभियान मे हिस्सा लेलनि। ओ सभ लोक सं गया जी कें स्वच्छ आ सुंदर बना रखबा मे नगर निगमक सहयोग करबाक अपील कएलनि। 25 सितंबर सं 10 अक्टूबर धरि चलत पितृपक्ष मेला पितृपक्ष मेला गया लेल धार्मिक रूप सं बहुत महत्वपूर्ण अछि। एहि दौरान देश-विदेशक पैघ संख्या मे श्रद्धालु एतय पहुंचैत छथि। श्रद्धालु अपन पूर्वजक आत्माक शांतिक लेल फल्गु नदी, विष्णुपद मंदिर आ अन्य पिंडवेदी स्थल पर पिंडदान आ तर्पण करैत छथि। मेयर गणेश पासवान बतौलनि जे एहि वर्ष पितृपक्ष मेला 25 सितंबर सं शुरू भए 10 अक्टूबर धरि चलत। श्रद्धालुक पैघ संख्या कें देखैत नगर निगम दिस सं व्यापक स्तर पर तैयारी कएल जा रहल अछि। मेला क्षेत्र मे लगातार होयत सफाइ आ कूड़ा उठाव मेयर बतौलनि जे स्वच्छता दल कें शनिदिन सं सक्रिय कए देल गेल अछि, जाहि सं मेला शुरू होमय सं पहिने पूरा क्षेत्र कें व्यवस्थित आ स्वच्छ बनाओल जा सकय। पितृपक्षक मेलाक दौरान सफाइ व्यवस्था नगर निगमक प्राथमिकता मे रहत। स्वच्छता कर्मीक टीम अलग-अलग क्षेत्र मे लगातार काज करत। मेला क्षेत्र मे नियमित सफाइ आ कूड़ा



उठेबा पर विशेष जोर देल जायत, जाहि सं श्रद्धालु कें कतहु गंदगीक सामना नहि करय पड़य। मोहन श्रीवास्तव कहलनि- सफाइकर्मी नगर निगमक योद्धा पूर्व डिप्टी मेयर मोहन श्रीवास्तव कहलनि जे गया जीक पहचान भगवान विष्णुक चरण स्थल विष्णुपद धाम आ मोक्षभूमिक रूप मे पूरा देश-दुनिया मे अछि। ओतहि बोधगया भगवान बुद्धक ज्ञानस्थलीक रूप मे विश्व प्रसिद्ध अछि। गया आ बोधगयाक धार्मिक आ आध्यात्मिक पहचान एकरा दुनियाक महत्वपूर्ण स्थल मे शामिल करैत अछि।ओ कहलनि जे पितृपक्षक दौरान देश-दुनिया सं श्रद्धालु पिंडदान आ तर्पण लेल अबैत छथि। एहन स्थिति मे नगर निगमक जिम्मेदारी बढ़ि जाइत अछि। सफाइ व्यवस्थाक संग जलापूर्ति, पेयजल, लाइट आ अन्य जरूरी सुविधा कें नीक करब सेहो निगमक प्राथमिकता अछि। मोहन श्रीवास्तव सफाइकर्मी सभ कें नगर निगमक योद्धा बतबैत कहलनि जे एहि योद्धा सभ कें हरियर झंडी देखाकए मेला क्षेत्र मे विदा कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे स्वच्छता कें लए नगर निगम पूरा तैयारी कए लेने अछि आ मेला क्षेत्र कें स्वच्छ राखबाक अभियान आब तेज होयत। जनताक सहयोगक बिना स्वच्छता अभियान अधूर अधिकारी आ जनप्रतिनिधि सभ कहलनि जे गया कें स्वच्छ बना रखबाक जिम्मेदारी मात्र नगर निगमक नहि अछि। एहि मे शहरक लोकक भूमिका सेहो ओतबे महत्वपूर्ण अछि। लोक सं सड़क, धार्मिक स्थल आ सार्वजनिक स्थान पर कूड़ा नहि फेंकबाक आ कचरा निर्धारित स्थान पर डालबाक अपील कएल गेल। नगर निगमक लक्ष्य अछि जे एहि बेर पितृपक्षक मेला मे श्रद्धालु कें पछिला वर्षक तुलना मे नीक सुविधा भेटय। एहि लेल सफाइ, पानि आ रोशनी सहित तमाम व्यवस्था कें नीक करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। विशेष स्वच्छता दलक मैदान मे उतरैत मेला क्षेत्र मे सफाइक अभियान तेज भए गेल अछि। आब नगर निगमक तैयारीक संग ई सेहो महत्वपूर्ण रहत जे स्वच्छ आ सुंदर गया लेल शहरक लोकक कतेक सहयोग भेटैत अछि।

# शेखपुरा मे 33,956 लोकक स्वास्थ्य जांच, घर-घर पहुंचि रहल आशा आ एएनएम

**शेखपुरा, समदिया**

## डायबिटीज-बीपी आ कैंसरक भए रहल जांच

शेखपुरा मे राज्य स्वास्थ्य समितिक निर्देश पर 'जांच एवं उपचार-चिकित्सा अहांके द्वार' अभियान चलाओल जा रहल अछि। अभियानक अंतर्गत स्वास्थ्य विभागक आशा कार्यकर्ता आ एएनएम घर-घर पहुंचि कए लोकक स्वास्थ्य जांच कए रहल छथि। जिला मे एखन धरि 33,956 लोकक स्क्रीनिंग कएल जा चुकल अछि। घर-घर पहुंचि रहल स्वास्थ्य विभागक टीम अभियानक उद्देश्य रोगक समय पर पहचान, स्वास्थ्य संबंधी जरूरी सलाह आ जरूरतमंद लोक कें उपचार सं जोड़ब अछि। स्वास्थ्यकर्मी घर आ समुदाय मे पहुंचि कए लोकक स्वास्थ्यक जानकारी लए रहल छथि। डायबिटीज आ बीपी सहित कतेको रोगक जांच स्क्रीनिंगक दौरान डायबिटीज, उच्च रक्तचाप, ओरल कैंसर आ सीओपीडी जेहन गैर-संचारी रोगक जांच कएल जा रहल अछि। लोक कें नियमित स्वास्थ्य जांच कराबय आ स्वस्थ जीवनशैली अपनाबय लेल जागरूक कएल जा रहल अछि। अस्पताल जाएबाक परेशानी भए रहल कम अभियानक खासियत ई अछि जे लोक कें स्वास्थ्य जांच लेल बेर-बेर अस्पताल वा स्वास्थ्य केंद्र जाएबाक आवश्यकता नहि पड़ि रहल अछि। स्वास्थ्यकर्मी स्वयं हुनका सभक घर आ समुदाय धरि पहुंचि रहल छथि। एहि सं बुजुर्ग, महिला आ स्वास्थ्य केंद्र धरि आसानी सं नहि पहुंचि पाबय बला लोक कें विशेष लाभ भए रहल अछि। लक्षण भेटलापर उपचार सं जोड़ल जा रहल जांचक दौरान रोगक लक्षण वा खतरा भेटलापर संबंधित व्यक्ति कें स्वास्थ्य सलाह देल जा रहल अछि। आवश्यकतानुसार आगांक जांच आ उपचार लेल ओकरा उपयुक्त स्वास्थ्य संस्थान सं जोड़ल जा रहल अछि। अभियानक लक्ष्य मात्र स्क्रीनिंग धरि सीमित नहि रहि 'जांच सं इलाज धरि' स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध करेनाइ अछि।

**अधिकारीक निगरानी मे अभियानः**अभियानक नोडल पदाधिकारी जिला गैर-संचारी रोग पदाधिकारी डॉ. नौशाद आलम गतिविधिक

निगरानी आ समन्वय कए रहल छथि। जिला एफएलसी प्रभाष पांडेय आ जिला कार्यक्रम प्रबंधक दयाशंकर निधि अभियानक संचालन मे आवश्यक सहयोग कए रहल छथि। सिविल सर्जन डॉ. संजय कुमारक निगरानी मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र मे स्वास्थ्य विभागक टीम अभियान कें गति दए रहल अछि।



**तंबाकू आ नशा सं दूर रहबाक अपीलः**स्वास्थ्य विभाग दिस सं लोक कें तंबाकू आ नशा सं दूर रहबाक लेल सेहो जागरूक कएल जा रहल अछि। अधिकारी सभ कहलनि जे रक्तचाप, डायबिटीज, ओरल कैंसर आ सीओपीडी जेहन रोगक शुरुआती अवस्था मे पहचान भेला पर समय पर उपचार आ नियंत्रण संभव अछि।

**स्वास्थ्य टीमक सहयोग करबाक अपीलः**जिला प्रशासन आ स्वास्थ्य विभाग जिलावासी सं अपील केने अछि जे हुनका क्षेत्र मे पहुंचय बला स्वास्थ्य टीमक सहयोग करथि आ अपन स्वास्थ्य जांच अवश्य कराबथि। अभियानक माध्यम सं बेसी सं बेसी योग्य लोक धरि पहुंचि हुनका स्वास्थ्य सेवा सं जोड़बाक प्रयास कएल जा रहल अछि।

# कैमूरक अधौरा मे बनत हाई सिक्योरिटी जेल, कुख्यात कैदी लेल 55 एकड़ मे निर्माण

**कैमूर, समदिया**

बिहारक कुख्यात आ गंभीर अपराधी आब बेहद सुरक्षित आ एकांत स्थान पर राखल जेताह। एहि लेल कैमूर पहाड़ीक अधौरा प्रखंड मे नब 'हाई सिक्योरिटी जेल' बनयबाक काज तेज भए गेल अछि। तत्कालीन उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नौघड़ाक सभा मे एकर घोषणा केने छलाह, जाहि पर आब जिला प्रशासन तेजी सं काज शुरू कए देने अछि। वन विभाग सं एनओसी लेब जरूरी गृह विभागक जेल आ सुधार सेवाक निदेशालयक निर्देश पर प्रशासन जेल निर्माण लेल अधौरा प्रखंडक सारोदाग मे 55 एकड़ जमीन चिन्हित केने अछि। ई जमीन थाना संख्या 1024, खाता संख्या 179 आ खेसरा संख्या 822क अंतर्गत अबैत अछि। ई बिहार सरकारक 'अनावाद जंगल-झाड़ी' किस्मक जमीन अछि। ई वन भूमि अछि, तें एकरा गैर-वन



काज मे उपयोग करबाक लेल वन विभाग सं अनापत्ति प्रमाण पत्र (एनओसी) लेब जरूरी अछि। वन संरक्षण अधिनियमक अनुसार मुआवजाक रूप मे दोगुना जमीन देबय पड़ैत अछि। प्रस्ताव बना कए विभाग कें पठाओल गेल एहि अंतर्गत वन विभाग कें देबाक लेल अलग सं 110 एकड़ जमीन सेहो चिन्हित कएल गेल अछि। परिवेश पोर्टल पर जरूरी दस्तावेज अपलोड करबाक काज शुरू भए चुकल अछि। एहि हाई सिक्योरिटी जेलक मुख्य उद्देश्य राज्य भरिक जेल मे बंद सब सं

## ▪ सीएमक घोषणाक बाद प्रक्रिया शुरू

खतरनाक अपराधी सभ कें एकहि स्थान पर कड़ा निगरानी मे राखब अछि। कैमूरक पहाड़ीक भौगोलिक स्थिति एहि तरहक कैदी लेल एकरा उपयुक्त बनबैत अछि। दूनू जमीन (55 एकड़ आ 110 एकड़)क प्रस्ताव बना कए विभाग कें पठा देल गेल अछि। जिलाधिकारी गृह सचिव कें सेहो पत्र पठौने छथि। एकर बाद शीघ्र निर्माणक काज आगू बढ़त।

# राष्ट्रीय लोक अदालत मे बैंक-बिजली आ पानिक विवादक समाधान

**मुंगेर, समदिया**

## मुंगेर मे 14 टेबल पर मामिलाक ऑन-स्पॉट निपटारा

मुंगेर न्यायालय परिसर मे शनिदिन राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल गेल। एडीआर भवन मे जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश द्वितीय राकेश कुमार सिंह, विधिक संघ अध्यक्ष शशि शेखर सिंह, सचिव त्रिपुरारी कुमार, मुख्यालय डीएसपी पंकज कुमार सहित अन्य न्यायाधीश दीप जराकए लोक अदालतक उद्घाटन कएलनि।

**14 टेबल पर मामिलाक सुनवाइः**राष्ट्रीय लोक अदालत लेल न्यायालय परिसर मे कुल 14 टेबल लगाओल गेल अछि। अलग- अलग टेबल पर जिलाक विभिन्न प्रखंड सं पहुंचल लोकक समस्या आ मामिलाक सुनवाइ कएल जा रहल अछि। लोक कें मौके परे समस्याक समाधान आ मामिलाक निपटारा उपलब्ध करबाक व्यवस्था कएल गेल अछि।

**बैंक सं लए पारिवारिक विवाद धरि मामिलाः**लोक अदालत मे बैंक, बिजली, पानि, कृषि, यातायात, इंश्योरेंस, प्रदूषण,



ई-चालान आ पारिवारिक विवाद सहित कतेको तरहक मामिला लेल अलग-अलग टेबल बनाओल गेल अछि। प्रत्येक टेबल पर एकटा न्यायाधीश मौजूद छथि, जाहि सं लोक कें अपन समस्याक समाधान लेल बेर-बेर न्यायालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। मौके पर समाधान सं लोक कें राहति लोक अदालत मे पैघ संख्या मे लोक अपन समस्या लए पहुंचल छथि। संबंधित विभाग आ पक्षकारक बीच सामंजस्य बना कए विवादक निपटारा करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि सं लोक कें लंबा कानूनी प्रक्रिया सं राहति भेटबाक आशा अछि।

**कमजोर वर्गक परिवार कें राहति देब उद्देश्यः**उद्घाटन सत्र मे जिला एवं अपर सत्र न्यायाधीश द्वितीय राकेश कुमार सिंह कहलनि जे राष्ट्रीय लोक अदालतक मुख्य उद्देश्य निम्न वर्गक परिवारक चेहरा पर खुशी अनब अछि। पीड़ितक समस्याक मौके परे समाधान करब एकर प्रमुख उद्देश्य अछि। ओ कहलनि जे लोक अदालत पीड़ित आ संबंधित विभागक बीच सामंजस्य बना कए मामिलाक निपटारा करैत अछि।

**बेवजह नोटिस पठेबा पर जतौलनि आपत्तिः**विधिक संघक सचिव त्रिपुरारी कुमार कहलनि जे किछु विभाग दिस सं बेवजह नोटिस पठाकए लोक कें परेशान करबाक शिकायत भेटैत अछि। ओ विभाग सभ कें नोटिस जारी करैत समय मामिलाक गंभीरता आ तथ्यक ध्यान रखबाक सलाह देलनि।

**पैघ संख्या मे पहुंचल फरियादीः**राष्ट्रीय लोक अदालत मे जिलाक अलग-अलग भाग सं पैघ संख्या मे लोक पहुंचलाह। 14 टेबलपर मामिलाक सुनवाइ आ निपटाराक प्रक्रिया जारी रहल। अधिकारी आ न्यायाधीशक मौजूदगी मे लोकक समस्याक मौके पर समाधान करबा पर जोर देल गेल।

# मुजफ्फरपुर मे 317 शातिर अपराधी पर चलत स्पीडी ट्रायल

## अपराध बढ़बा सं रोकबाक लेल पुलिस तैयार कए रहल अपराधीक कुंडली एसएसपी देलनि निर्देश

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुर मे बढ़ैत अपराध पर लगाम लगाबय आ अपराधी कें ओकर अंजाम धरि पहुंचाबय लेल पुलिस विशेष अभियान शुरू केने अछि। मुजफ्फरपुरक एसएसपी कांतेश कुमार मिश्रक कड़ा निर्देश पर जिला पुलिस चिन्हित गंभीर अपराधी सभक विरुद्ध कानूनी कारबाइक तैयारी मे पूरा ताकत सं जुटि गेल अछि। पछिला 9 मास मे जिलाक अलग-अलग थाना क्षेत्र सं हत्या, लूट, डकैती, अपहरण, छिनतइ आ दुष्कर्म जेहन गंभीर अपराध मे शामिल करीब 317 शातिर अपराधी कें गिरफ्तार कएल गेल अछि। आब एहि सभ चिन्हित अपराधीक मामिलाक अदालत मे सुनवाइ तेज करबाक लेल स्पीडी ट्रायल चलाओल जायत। एहि संबंध मे एसएसपी सभ संबंधित पुलिस




अधिकारी आ विशेष पुलिस टीम कें जरूरी निर्देश देलनि। सबूत, वैज्ञानिक प्रमाण आ गवाहक वर्तमान स्थितिक समीक्षा कए रहल विशेष टीम एहि रणनीतिक अंतर्गत पुलिसक विशेष टीम सभ संबंधित मामिला मे एकत्र कएल गेल सबूत, वैज्ञानिक प्रमाण आ गवाहक वर्तमान स्थितिक गहन समीक्षा कए रहल अछि। पुलिस टीम सभ शातिर आ सक्रिय अपराधीक पूरा आपराधिक रिकॉर्ड सेहो खंगालि रहल अछि। अदालत मे पुलिस प्रभावी पैरवी करत, जाहि सं गवाहक बयान समय पर आ सही ढंग सं दर्ज कराओल जा सकय। पुलिसक मुख्य उद्देश्य एहि मामिला मे शीघ्र सुनवाइ पूरा कराकए अपराधी कें दोषी साबित करब आ जेल पठेनाइ अछि। एसएसपी कांतेश कुमार मिश्र कहलनि जे चिन्हित अपराधीक विरुद्ध पुलिस बेहद कड़ा रुख अपनाओत। अदालत मे मजबूत सबूतक संग गवाहक बयान एहि तरहे दर्ज कराओल जायत जाहि सं नब कानूनक प्रावधानक अंतर्गत अपराधी कें कड़ा सजा भेटि सकय।

**शातिर अपराधीक गतिविधि पर विशेष टीमक नजरिः**एहि संग ओहि शातिर अपराधी सभ, जिनकर डोजियर पहिनहि तैयार अछि आ जिनकर नाम पुलिसक 'गुंडा पंजी' मे दर्ज अछि, हुनकर वर्तमान गतिविधि पर पुलिसक विशेष टीम लगातार पैघ नजरि रखने अछि। एसएसपी स्पष्ट कएलनि जे जे अपराधी लगातार अपराध मे सक्रिय छथि वा जे किछु कारण सं कोर्ट सं जमानत पाबि चुकल छथि, हुनकर जमानत रद्द कराबय लेल सेहो पुलिस माननीय न्यायालय मे शीघ्र आवेदन देत। न्यायालय कें एहि अपराधी सभक गंभीर कारनामा सं अवगत कराओल जायत, जाहि सं समाज मे शांति आ व्यवस्था कायम राखल जा सकय।

## विविध

# मात्र थकाने टा नहि... कम नींद सेहो मांसपेशी कें कए सकैत अछि कमजोर, विशेषज्ञ कहलनि

खराब नींद वा नींदक पैटर्न ठीक नहि रहबाक असर मात्र थकान आ चिड़चिड़ापन धरि सीमित नहि रहैत अछि। एकर कारण मांसपेशी मे अकड़न आ जकड़न सेहो बढ़ि सकैत अछि। जिनका लोकनिक नींद ठीक सं पूरा नहि भए पबैत अछि, हुनका अगिला दिन गर्दन मे दर्द आ अकड़नक समस्या होइत अछि। मुदा एहन स्थिति मे कंधा मे खिंचाव वा मांसपेशी मे बहुत बेसी दर्द सेहो भए सकैत अछि। कहल जाइत अछि जे गलत स्थिति मे सुतला सं एहन होइत अछि, मुदा विशेषज्ञक कहब अछि जे एहि सं बचबाक लेल पूरा नींद लेब सेहो जरूरी अछि। जं केओ राति मे ठीक सं नहि सुतैत अछि तं शरीरक रिकवरी धीमा भए सकैत अछि। विशेषज्ञक मुताबिक नींद ओ समय अछि जखन शरीर कें दिनभरक शारीरिक तनाव सं उबरबाक आ टिश्यूक मरम्मति करबाक अवसर भेटैत अछि। एहि दौरान शरीर मे सूजन सं जुड़ल प्रतिक्रिया कें नियंत्रित करब आ शारीरिक रिकवरीक प्रक्रिया मे सहायता भेटैत अछि। जखन नींद लगातार कम होइत अछि वा बेर-बेर टूटैत अछि, तं शरीरक रिकवरीक प्रक्रिया प्रभावित भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे कतेको लोक कें भोर मे उठलाक बाद मांसपेशी मे बेसी तनाव, दर्द वा अकड़न महसूस भए सकैत अछि। आधुनिक जीवनशैली एहि समस्या कें आरो आम बना रहल



अछि। देर राति धरि स्क्रीन देखबाक आदत, बहुत देर धरि काज करब, सुतबाक समय लगातार बदलैत रहब, तनाव आ भोर मे शीघ्र उठबाक मजबूरी, ई सभ नींदक समय आ गुणवत्ता कें कम कए सकैत अछि। जे लोक कतेको घंटा लगातार डेस्क पर बैसि कए काज करैत छथि, ओ विशेष रूप सं एहि समस्याक चपेट मे आबि सकैत छथि। बहुत समय धरि शारीरिक गतिविधि नहि भेला सं गर्दन, कंधा, पीठ आ कूल्हा मे जकड़न महसूस भए सकैत अछि। खराब नींद आ शरीर मे होमय बला तकलीफ एक-दोसरा कें बढ़ा सकैत अछि। मांसपेशी मे दर्द वा असहजताक कारण व्यक्ति कें आरामदायक ढंग सं सुतबा मे परेशानी भए सकैत अछि। ओतहि पर्याप्त नींद नहि भेला सं अगिला दिन शरीर दर्द आ असहजताक प्रति बेसी संवेदनशील भए सकैत अछि। एहि तरहे मांसपेशीक तकलीफ आ खराब नींद एक-दोसरा कें प्रभावित करैत एकटा चक्र बना सकैत अछि। एहि लेल सदिखन जटिल उपाय करबाक आवश्यकता नहि अछि। प्रतिदिन सुतबाक आ जागबाक समय लगभग एक्के समान राखला सं सहायता भेटि सकैत अछि। सुतबा सं पहिने एहन स्क्रीन गतिविधि कें सीमित करब सेहो फायदेमंद भए सकैत अछि, जाहि सं दिमाग बेसी सक्रिय वा उत्तेजित होइत अछि। दिन मे शारीरिक रूप सं सक्रिय रहब आ बहुत समय धरि लगातार बैसल रहबाक बदला बीच- बीच मे चलब-फिरब वा मूवमेंट ब्रेक लेब सेहो शरीरक रिकवरी कें नीक बनाबय मे सहायता कए सकैत अछि। भोर मे उठलाक बाद हल्का स्ट्रेचिंग सेहो किछु समय लेल होमय बला मांसपेशीक अकड़न आ जकड़न कें कम करबा मे सहायता कए सकैत अछि।

# रक्त मे प्रोटीनक संकेत सं बच्चा सभ कें आगूक जीवन मे रोग सं बचाबय मे भेटि सकैत अछि सहायता

शोधकर्ता सभ वेंडरबिल्ट हेल्थ, यूटीहेल्थ ह्यूस्टन आ यूनिवर्सिटी ऑफ नॉर्थ कैरोलाइना एट चैपल हिलक संयुक्त अध्ययन मे 8 वर्ष धरि छोट बच्चा सभ मे सेहो हृदय-गुर्दा-चयापचय संबंधी रोगक शुरुआती संकेतक पहचान कएलनि अछि। शोधकर्ता सभक कहब अछि जे वयस्क मे व्यापक रूप सं उपयोग होमय बला नब वर्गक वजन घटाबय बला औषधि सं एहि स्थिति कें संभावित रूप सं पलटल जा सकैत अछि। अत्याधुनिक विश्लेषण तकनीकक उपयोग कए शोधकर्ता सभ बच्चा आ किशोर सभक रक्त मे प्रवाहित प्रोटीनक एकटा खास पैटर्नक पहचान कएलनि, जे वयस्क मे अपरिवर्तनीय हृदय रोग सं जुड़ल आणविक जैव संकेतकक समान छल। 11 सितंबर कें नेचर मेटाबॉलिज्म पत्रिका मे प्रकाशित एहि अध्ययनक निष्कर्ष सं संकेत भेटैत अछि जे सटीक चिकित्सा माध्यम सं युवा लोकनिक स्वास्थ्य आ दीर्घायु मे सुधार करबाक एकटा महत्वपूर्ण अवसर भए सकैत अछि, जाहि सं भविष्य मे हृदय रोग सं बचाव संभव भए सकय। राष्ट्रीय स्वास्थ्य संस्थानक सहयोग सं भेल एहि अध्ययन मे टेक्सासक कैमरन काउंटी मे अमेरिका-मेक्सिको सीमाक लग रहनिहार 273 बच्चा आ किशोर शामिल छलाह। एहि मे एक- तिहाइ सं बेसी बच्चा मे हृदय, गुर्दा आ चयापचय संबंधी रोगक



शारीरिक लक्षण देखल गेल। एहि मे मोटापा, सामान्य सं बेसी रक्तचाप, मधुमेह पूर्व इंसुलिन प्रतिरोध आ रक्त मे वसा केर एहन स्तर शामिल छल जे हृदय रोगक खतरा बढ़बैत अछि। रक्तक नमूना आ दोसर शारीरिक मापदंडक आधार पर शोधकर्ता सभ प्रवाहित प्रोटीनक स्तर आ रोग सं जुड़ल शारीरिक लक्षणक बीच संबंधक अनुमान लगौलनि। एकरा बाद मशीन लर्निंगक तरीका सं हृदय-गुर्दा-चयापचय संबंधी रोगक प्रोटीन संकेतकक पहचान कएल गेल। एहि समान प्रोटीन पैटर्नक पहचान ओही कैमरन काउंटी समुदाय मे रहनिहार 685 वयस्कक नमूना मे सेहो भेल। एकर अतिरिक्त इंग्लैंडक यूके बायोबैंक मे सुरक्षित 28 हजार सं बेसी वयस्कक रक्त नमूना मे सेहो एहन पैटर्न देखल गेल। यूके बायोबैंक विश्वक पैघ आनुवंशिक आ जैविक नमूनाक संग्रह मे सं एक अछि। रोचक बात ई अछि जे वयस्क मे एहि रोग सं जुड़ल प्रोटीनक स्तर सेमाग्लूटाइडक उपचारक बाद घटैत देखल गेल अछि। सेमाग्लूटाइड जीएलपी-1 रिसेप्टर एगोनिस्ट अछि, जे टाइप-2 मधुमेहक उपचार लेल विकसित कएल गेल छल आ आब मोटापा आ वजन नियंत्रणक उपचार मे सेहो लोकप्रिय भए गेल अछि। एकर उपयोग बच्चा आ वयस्क दूनू मे होइत अछि। 2020 सं 2023क बीच बच्चा सभ लेल जीएलपी-1 रिसेप्टर एगोनिस्टक चिकित्सकीय पर्चीक संख्या लगभग 600 प्रतिशत बढ़ि गेल। मुदा शोधकर्ता सभ चेतौलनि जे एहन उपचारक लाभक संग संभावित जोखिमक सेहो संतुलन जरूरी अछि। बच्चा सभ मे बढ़ैत मोटापाक समस्या सं निपटबाक लेल व्यायाम, स्वस्थ भोजन आ आब वजन घटाबय बला औषधि तथा सर्जरीक माध्यम सं हृदय स्वास्थ्य नीक करबाक प्रयासक सफलता सीमित रहल अछि। शोधकर्ता सभक कहब अछि जे एहि प्रयास कें आरो मजबूत करबाक आवश्यकता अछि। अध्ययन मे कहल गेल अछि जे एहि निष्कर्षक पुष्टि लेल एखन आरो शोध आवश्यक अछि। मुदा प्रोटीनक संकेतकक माध्यम सं हृदय रोगक शुरुआती जड़ि कें ओहि चरण मे बुझबा मे सहायता भेटि सकैत अछि, जखन रोगक प्रक्रिया कें रोकब वा बदलनाइ संभव होइत अछि। एहि आधार पर बेसी खतरा बला बच्चा सभक पहचान कए लक्षित उपचार देल जा सकैत अछि। अध्ययनक सह-संबंधित लेखक रवि शाह वेंडरबिल्ट हेल्थ मे कार्डियोवैस्कुलर मेडिसिनक प्रोफेसर आ वेंडरबिल्ट डायबिटीज सेंटरक सह-निदेशक छथि। दोसर सह-संबंधित लेखक कारी नॉर्थ यूटीहेल्थ ह्यूस्टन स्कूल ऑफ पब्लिक हेल्थ मे प्रोफेसर आ बॉर्डर हेल्थ रिसर्च सेंटरक निदेशक छथि। नॉर्थ कहलनि जे बचपन मात्र वयस्क स्वास्थ्यक पूर्व चरण नहि अछि, बल्कि वयस्क मे होमय बला हृदय रोगक जैविक प्रक्रिया बचपनहि सं शुरू भए जाइत अछि। शाहक अनुसार शोध मे पहचानल गेल कतेको प्रोटीन पैटर्न मे बदलाव संभव अछि। एहि कारण हृदय रोग रोकबाक सब सं पैघ अवसर पहिल लक्षण देखाइ देबाक कतेको दशक पहिनहि भेटि सकैत अछि।

# ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे पीएम मोदीक स्पष्ट संदेश, अमेरिका कें सेहो सुनौलनि ठांय-पठांय

**नई दिल्ली, एजेंसी**



**मोदी कहलनि, वैश्विक शासन-व्यवस्था मे व्यापक सुधार आवश्यक अछि**




प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी शनिदिन ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे संयुक्त राष्ट्र सुरक्षा परिषद् आ वैश्विक शासन-व्यवस्था मे सुधार आब आर टारल नहि जा सकैत अछि। नई दिल्ली मे भए रहल एहि सम्मेलन मे प्रधानमंत्री कहलनि जे ब्रिक्स देश कें अपन एकता आ सहमति कें ठोस कार्य आ परिणाम मे परिणत करबाक समय आबि गेल अछि। एहि दौरान चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंग प्रधानमंत्री मोदीक लगे बैसल छलाह।

प्रधानमंत्री कहलनि जे वर्तमान वैश्विक निर्णय-व्यवस्था एहन अछि, जाहि मे शक्ति आ निर्णय लेबाक अधिकार किछु देशक हाथ मे बेसी केंद्रित अछि। दोसर दिस, बहुतो देश एहन निर्णय सं प्रभावित होइत अछि, मुदा निर्णय-प्रक्रिया मे अपन बात राखबाक अवसर हुनका सभ कें अपेक्षाकृत कम भेटैत अछि। एहन स्थिति मे वैश्विक शासन-व्यवस्था मे व्यापक सुधार आवश्यक अछि।

मोदी कहलनि जे ब्रिक्स अपन स्थापनाक 20 वर्ष पूरा कए चुकल अछि आ आब ई संगठन एहन पड़ाव पर पहुंचि गेल अछि, जतय ओकरा बेसी उत्तरदायित्व आ परिपक्वताक संग आगू बढ़बाक आवश्यकता अछि। ब्रिक्स देश एक-दोसरक विचार आ दृष्टिकोणक सम्मान करैत अछि आ आपसी सहमतिक आधार पर आगू बढ़ैत अछि। एकर उद्देश्य ककरो विरोध करब नहि, बल्कि सभ पक्ष कें संग लए कए चलब अछि। प्रधानमंत्रीक एहि वक्तव्य कें अमेरिका दिस सेहो एक स्पष्ट संकेत मानल जा रहल अछि।

## आम लोक कें केंद्र मे राखि कएल गेल कार्य

प्रधानमंत्री कहलनि जे भारतक अध्यक्षताक दौरान आम लोक कें केंद्र मे राखि कए कार्य कएल गेल। मानवता कें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत मजबूती, नवाचार, सहयोग आ टिकाऊ विकास पर विशेष जोर देल गेल। ब्रिक्सक गतिविधि मे आम लोकक सहभागिता बढ़ेबाक उद्देश्य सं 350 सं बेसी बैठक आयोजित भेल आ लगभग 30 शहर मे सदस्य देशक प्रतिनिधिमंडलक स्वागत कएल गेल। आगांक 20 वर्षक कार्यप्रणाली कें बेसी प्रभावकारी बनेबाक लेल सेहो प्रधानमंत्री सुझाव देलनि। हुनकर कहब छल जे अध्यक्षता प्रत्येक वर्ष बदलला पर संगठनक कार्यक गति रुकबाक नहि चाही। एकरा लेल एहन व्यवस्था बनाओल जा सकैत अछि, जे पूर्व मे लेल गेल निर्णय पर आगांक कारबाइक निरंतर समीक्षा करैत रहय।

## संयुक्त बयान पर बनल सहमति

एहि बीच ब्रिक्स सदस्य देशक बीच संयुक्त बयान पर सेहो सहमति बनि गेल। बयान पर सहमतिक लेल शनिदिन भोर लगभग 4 बजे धरि बात चलैत रहल। कतेको विषय पर सदस्य देशक बीच मतभेद छल। विशेष रूप सं ईरान, सऊदी अरब आ संयुक्त अरब अमीरात सहित पश्चिम एशिया सं जुड़ल विषय पर अलग-अलग दृष्टिकोण सामने आयल। मुदा भारत लगातार संवादक माध्यम सं सभ पक्ष कें एकमत करबाक प्रयास करैत रहल। अंततः संयुक्त बयान पर सहमति बनि गेल। एकरा भारतक कूटनीतिक प्रयासक महत्वपूर्ण सफलता मानल जा रहल अछि।



## जिनपिंगक रहस्यमय कार पर कारी आवरण, आखिर चीन की नुका रहल अछि?

नई दिल्ली : नई दिल्ली मे आयोजित ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे पहुंचल चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंगक विशेष आ रहस्यमय होंगछी एन701 लिमोजिन कार कें कारी आवरण सं झांपि कए सड़क पर लए जायल गेल। एहि कारक तस्वीर आ वीडियो सोशल मीडिया पर तेजी सं प्रसारित भेल अछि। होंगछी एन701 चीनक विशेष बुलेटप्रूफ आ बख्तरबंद कार अछि। एहि कार मे प्रयुक्त तकनीक कें अत्यंत गोपनीय राखल जाइत अछि। विदेश यात्राक क्रम मे शी जिनपिंग प्रायः एहि विशेष कारक उपयोग करैत छथि।

### कारी आवरण मे झांपल गेल गाड़ी

दिल्ली मे चीनी राष्ट्रपति शी जिनपिंगक सरकारी काफिलाक गाड़ी सभ कें मोट कारी आवरण सं झांपि कए लए जायल जा रहल छल। एहि प्रकारक आवरण मे झांपल गाड़ी सभक तस्वीर आ वीडियो सोशल मीडिया पर वायरल भेला पर लोकक जिज्ञासा बढ़ि गेल जे आखिर गाड़ी सभ कें एना कारी आवरण सं किएक झांपल जा रहल अछि।

### जिनपिंगक विशेष सुरक्षित कार

चीनी राष्ट्रपतिक काफिलाक गाड़ी सभ कें लोकक नजरि सं बचेबा लेल विशेष सावधानी बरतल गेल। मुदा सभ सं बेसी चर्चा जिनपिंगक विशेष आ अत्यंत सुरक्षित होंगछी एन701 लिमोजिनक भए रहल अछि। विदेश यात्राक समय हुनकर विशेष गाड़ी सभ कें हुनका पहुंचबाक पहिने मेजबान देश पठा देल जाइत अछि। एहि बेर सेहो गाड़ी सभ कें पहिनहि भारत पहुंचा देल गेल छल।

### सुरक्षा आ व्यवस्थाक कारण

विदेश यात्राक दौरान सरकारी गाड़ी सभ कें आवरण सं झांपि कए राखब मुख्य रूप सं सुरक्षा आ परिवहन-व्यवस्था सं जुड़ल विषय होइत अछि। राष्ट्राध्यक्षक गाड़ी सभ कें अलग सं पठाओल जाइत अछि आ ओ सभ कखनो-कखनो नेताक पहुंचबाक पहिनेहि मेजबान देश पहुंचि जाइत अछि। एहन व्यवस्था द्वारा गाड़ी सभक सुरक्षा, गोपनीयता आ यात्रा-व्यवस्थाक ध्यान राखल जाइत अछि।

# भारत लेल कतेक महत्वपूर्ण अछि बाब-अल-मंदेब मार्ग, हूतीक कब्जा सं की होयत असरि?

**ई जलमार्ग भारतक ऊर्जा सुरक्षा लेल अछि महत्वपूर्ण**

**नई दिल्ली, एजेंसी**

ईरान समर्थित हूती विद्रोही लाल सागरक तटरेखा आ पेरिम तथा हानिश जेकां द्वीप पर अपन नियंत्रण स्थापित कए लेने अछि। एहि घटनाक बाद बाब-अल-मंदेब जलडमरूमध्य पर गंभीर संकट उत्पन्न भए गेल अछि। एकर प्रभाव भारत पर सेहो पड़ि सकैत अछि। अदनक खाड़ी आ अरब सागर कें जोड़निहार ई लगभग 29 किलोमीटर चौड़गर जलमार्ग भारतक ऊर्जा सुरक्षा आ अंतरराष्ट्रीय व्यापार लेल अत्यंत महत्वपूर्ण अछि।

बाब-अल-मंदेब स्वेज नहरक माध्यम सं एशिया आ यूरोप कें जोड़निहार सभ सं छोट समुद्री मार्ग अछि। अमेरिका-ईरान तनावक कारण होर्मुज जलडमरूमध्य पहिनहि संकटग्रस्त अछि। एहि कारण सऊदी अरब सहित अन्य खाड़ी देश कच्चा तेल आ पेट्रोलियम उत्पादक निर्यात लेल लाल सागर आ बाब-अल-मंदेब मार्ग पर बेसी निर्भर भए गेल अछि।



## भारत पर की पड़त असरि?

भारत यूरोप कें डीजल, विमान ईंधन, औषधि, वस्त्र आ मशीनरी निर्यात करैत अछि आ यूरोप सं आवश्यक सामग्री सेहो मंगबैत अछि। एहि लेल ई समुद्री मार्ग अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। मार्ग पर संकट बढ़ला सं अंतरराष्ट्रीय बाजार मे कच्चा तेलक दाम मे तेजी आयल अछि आ ई 100 डॉलर प्रति बैरल सं ऊपर पहुंचि गेल अछि। एकर सीधा असरि भारतक आयात लागति पर पड़ि सकैत अछि, जाहि सं घरेलू महंगाइ बढ़बाक आशंका अछि।

यदि जहाज सभ कें अफ्रीका घुमि कए केप ऑफ गुड होपक रास्ता सं जाए पड़त, तं मुंबई सं नीदरलैंडक रोटरडैम धरि समुद्री दूरी लगभग 15,700 किलोमीटर सं बढ़ि कए 23,000 किलोमीटर भए जाएत। एहि सं यात्रा मे दू सं तीन सप्ताहक बेसी समय लागि सकैत अछि आ माल ढुलाईक खर्च सेहो बढ़त। फलतः यूरोपीय बाजार मे भारतीय उत्पाद महंग भए सकैत अछि आ भारतीय निर्यातकक प्रतिस्पर्धात्मक क्षमता प्रभावित होयत। लाल सागरक तट पर मोखा बंदरगाह आ महत्वपूर्ण द्वीप पर हूतीक नियंत्रण सं जहाज पर हमलाक खतरा सेहो बढ़ल अछि। एहि कारण समुद्री बीमा दर मे भारी वृद्धि भेल अछि आ जहाजरानी कंपनी सभ अफ्रीका होइत केप ऑफ गुड होपक रास्ता अपनाबय लेल बाध्य भए रहल अछि। लाल सागरक माध्यम सं होइत सऊदी तेल आपूर्तिक बाधित भेला सं ओकर आपूर्ति श्रृंखला पर सेहो गंभीर असर पड़ि रहल अछि।

# गदहा सं बदलि गेल मरुभूमिक तस्वीर 44 वर्ष मे लौटि आयल हरियाली

- **आब एहि क्षेत्र मे 500 सं 600 गदहा स्वच्छंद विचरण करैत अछि**

**तेल अवीव, एजेंसी**

गदहा कें लए कए प्रचलित कतेको कहबी सं सामान्यतः एकरा सुस्त आ अनुपयोगी जीव मानल जाइत अछि। मुदा गदहा मनुष्य लेल सदिखन उपयोगी रहल अछि। बोझा ढोबाक अतिरिक्त पर्यावरणक दृष्टिएं सेहो एहि जीवक क्षमता अद्भुत अछि। एहि मे सहनशक्ति आ धैर्य भरपूर होइत अछि। इजरायलक रामोन क्रेटरक मरुभूमि मे 28 जंगली गदहाक एहन प्रभाव देखल गेल जे मरुभूमि मे सेहो हरियाली लौटि आयल। आब एहि क्षेत्र मे 500 सं 600 गदहा स्वच्छंद विचरण करैत अछि। बदलैत वातावरणक संग ओकर शरीर मे सेहो परिवर्तन आयल अछि आ आब ई गदहा छोट-छोट घोड़ाक समान देखाइत अछि।

ईरान सं आनल गेल छल गदहा

लगभग 44 वर्ष पहिने इजरायल नेगेव मरुभूमि मे ईरानी आ अफ्रीकी नस्लक जंगली गदहा सभ कें छोड़ने छल। 20म शताब्दीक दौरान शिकारक कारण एहि क्षेत्र मे गदहाक संख्या लगभग समाप्त भए गेल छल। ओहि समय ईरान आ इजरायल मे संबंध ठीक छल। पर्यावरण संरक्षण लेल इजरायल तत्कालीन शाह मोहम्मद रजा पहलवी सं संपर्क कएलक आ 1968 मे ईरान सं 28 गदहा अनल गेल।



पहिने ओकरा सभ कें योतवाता वन्यजीव अभयारण्य मे राखल गेल आ बाद मे 1982 मे एहि 28 गदहा कें शुष्क मरुभूमि मे छोड़ि देल गेल। समय बीतबाक संग एहि क्षेत्रक स्वरूप बदलि गेल। कतेको प्रकारक वनस्पति पनपय लागल आ गदहा सभ सेहो एहि कठोर वातावरण मे सहजता सं रहि गेल।

अधिकारी सभक मानब छल जे एहि सं एक दिस जंगली गदहाक प्रजातिक संरक्षण होयत आ दोसर दिस मरुभूमि मे फेर जीवनक संचार होयत। बाद मे इथियोपिया सं सेहो किछु गदहा अनल गेल।

रामोन क्रेटरक अत्यंत गर्म आ शुष्क वातावरण मे रहि कए गदहा सभक शरीर मे सेहो बदलाव आयल। ई 45 डिग्री सेल्सियस धरि तापमान सहि लैत अछि आ कतेको दिन धरि बिना पानि रहि सकैत अछि। आब ई गदहा 70 किलोमीटर प्रति घंटा धरि दौड़ि सकैत अछि। सभ सं रोचक बात ई जे गदहा सभ गड्ढा खोदि पानि जमा करैत अछि। एहि गड्ढा मे जमा पानि सं दोसर जीव सेहो अपन प्यास बुझबैत अछि आ आसपास हरियाली सेहो विकसित होइत अछि।

# पूर्व मुख्यमंत्री रावत कहलनि, कांग्रेसक सभ पद छोड़ि देब, हमर कारणें पार्टीक संघर्ष कमजोर नहि हो

- **रावत कहलनि, जांच पूरा भेलाक बादे वास्तविक तथ्य स्पष्ट होयत**

**देहरादून, समदिया**

उत्तराखंडक पूर्व मुख्यमंत्री हरीश रावत शनिदिन कांग्रेसक सभ पद छोड़बाक अनुशंसा केलनि। एहि संबंध मे रावत सोशल मीडिया पर एकटा विस्तृत पोस्ट लिखलनि। वर्तमान मे ओ कांग्रेसक प्रदेश कार्यकारिणीक सदस्य आ कांग्रेस कार्यसमितिक स्थायी आमंत्रित सदस्य छथि। रावत कहलनि जे कांग्रेस भ्रष्टाचारक विरुद्ध लड़ाइ लड़ि रहल अछि। एहन समय मे हुनकर कोनो मामिला सं जं पार्टीक संघर्ष कें क्षति पहुंचैत अछि तं ओ एहन नहि चाहैत छथि। एहि लेल ओ पार्टी द्वारा देल गेल दुनू जिम्मेदारी सं अलग होयबाक इच्छा व्यक्त केलनि।

10 सितंबर कें रावतक पूर्व विशेष कार्याधिकारी (ओएसडी) चंदन सिंह जीनाक घर पर प्रवर्तन निदेशालय (ईडी) छापामारी केने छल। एहि कारबाइ मे 1.28 करोड़ रुपैयाक संपत्ति जब्त कएल गेल छल। चंदन सिंह जीना वर्तमान मे रावतक निजी सहायक (पीए) छथि।



रावत कहलनि जे ओ एहि समय कोनो सरकारी पद पर नहि छथि, तें सरकारी पद सं त्यागपत्र देबाक प्रश्न नहि उठैत अछि। चंदन सिंह जीना संबंध मे हुनकर कहब छल जे जीना हुनकर ओएसडी रहि चुकल छथि आ हुनकर मुख्यमंत्रित्व काल मे पार्टी तथा सरकार मे महत्वपूर्ण जिम्मेदारी सभ सम्हारने छलाह। वर्तमान आरोपक संबंध मे रावत कहलनि जे फिलहाल हुनका एहि आरोप पर विश्वास नहि अछि आ जांच पूरा भेलाक बादे वास्तविक तथ्य स्पष्ट होयत। रावत अपन विशिष्ट अनुमान मे आगामी विधानसभा चुनावक सेहो उल्लेख केलनि। हुनकर कहब छल जे जखन लोक हुनका चुनावक तिथि पूछैत छल तं ओ मजाक मे कहैत छलाह जे चुनाव तखने होयत जखन सीबीआइ हुनकर दरवाजापर दस्तक देत। ओ कहलनि जे एहि बेर हुनकर घरक बदला एक सहयोगीक घर पर दस्तक दए कए एकटा नैरेटिव बनाबयक प्रयास कएल गेल अछि। उत्तराखंडक चुनाव मे बहुत किछु दांव पर लागल अछि आ कांग्रेसक कार्यकर्ता भ्रष्टाचारक विरुद्ध मजबूती सं संघर्ष कए रहल छथि।

# कनाडा मे बीफ बनेबा सं रोकलक तं भारतवंशी मकान मालकिन गिरफ्तार

**टोरंटो, एजेंसी**

कनाडा मे बीफ बनेबा सं रोकला पर एक भारतवंशी मकान मालकिन आ किरायेदारक बीच विवाद भए गेल। किरायेदार आरोप लगौलनि जे मकान मालकिन हुनकर बनाओल खाना फेकि देलनि। हुनकर इहो आरोप अछि जे महिला हुनकर अनुमति बिना घर मे प्रवेश कएलनि आ बाद मे ताला बदलि देलनि। विवाद बढ़लाक बाद पुलिस भारतवंशी महिला कें गिरफ्तार कए लेलक। घटना कहियाक अछि, एकर जानकारी अखन धरि नहि भेटल अछि। मुदा घटना सं संबंधित वीडियो शनिदिन



सोशल मीडिया पर वायरल भेल अछि। किरायेदारक कहब अछि जे ओ अपन एकटा मित्रक संग घरक गाछी मे बारबेक्यू पर खाना बना रहल छलाह। ओहि समय मकान मालकिन राज तिवान ओतय पहुंचलीह आ हुनका खाना बनेबा सं रोकलनि। किरायेदार एहि घटनाक वीडियो सोशल मीडिया पर साझा केलनि। वीडियो मे राज तिवान दीवार पर पड़ल किछु निशान दिस संकेत करैत देखाइत छथि। किरायेदार हुनका ओतय सं चलि जेबाक लेल कहलनि, जाहिपर दुनूक बीच विवाद बढ़ि गेल। किरायेदारक मित्र पूरा घटनाक्रम मोबाइल मे रेकॉर्ड कए लेलनि। दोसर वीडियो मे राज तिवान बारबेक्यू पर राखल खाना फेकि रहल देखाइत छथि। किरायेदार एकर विरोध करैत आरोप लगौलनि जे हुनका डरेबाक-धमेबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। वीडियो मे राज तिवान कें ई कहैत सुनल जाइत अछि जे ओ अपन संपत्ति पर किरायेदार कें खाना बनेबाक अनुमति नहि दए सकैत छथि।

# यूएस ओपनः बेन शेल्टन टियाफो केें हरा कए फाइनल मे बनौलक स्थान

## ज्वेरेव सं होयत खिताबी मोकाबला



अमेरिकी खेलाड़ी बेन शेल्टन अपन हमवतन फ्रांसिस टियाफो केें रोमांचक सेमीफाइनल मे हरा कए यूएस ओपन 2026क एकल फाइनल मे जगह बना लेलनि। फाइनल मे शेल्टनक मोकाबला जर्मनीक अलेक्जेंडर ज्वेरेव सं होयत। 23 वर्षक शेल्टन पहिल बेर कोनो ग्रैंड स्लैमक फाइनल मे पहुंचल छथि।

शेल्टन टियाफो केें चारि सेट धरि चलल मोकाबला मे 4-6, 6-3, 6-3, 7-5 सं हरा देलनि। शेल्टन 1972 मे आर्थर ऐशक बाद यूएस ओपन एकल फाइनल मे पहुंचनिहार पहिल ब्लैक अमेरिकन पुरुष छथि। ओ 1996 मे विंबलडन मे मालीवाई वॉशिंगटनक बाद कोनो ग्रैंड स्लैम एकल फाइनल मे पहुंचनिहार पहिल ब्लैक अमेरिकन पुरुष सेहो छथि। बेन टियाफो केें हरौलाक बाद मैच पॉइंट पर अपन ट्रेडमार्क ह्याडायल्ड-इनह्ल जश्न नहि मनौलनि, किएक तं 11म वरीयता प्राप्त टियाफो नेट मे डबल-फॉल्ट कए बैसलाह, जाहि सं 3 घंटा 17 मिनट चलल मोकाबला समाप्त भए गेल। मैच बाद शेल्टन कहलनि, ह्लटियाफो हमरा लेल पैघ भायक जेकां छथि। जखन-जखन हम एहि कोर्ट पर एक संग खेलैत छी, आर्थर ऐश, तं ई बहुत खास होइत अछि। हम दूनू एहि टूनार्मेंटक अंत मे एतहि रहय चाहैत छी। ई दुनिया मे हम दूनूक पसंदीदा टूनार्मेंट अछि, दुनियाक पसंदीदा कोर्ट अछि। आ अहां सभक सामने एकरा रोशन कए पेनाइ सब सं नीक भावना अछि। 8म वरीयता प्राप्त आ सब सं उच्च रैंकिंग बला अमेरिकी खेलाड़ी शेल्टनक मोकाबला 13 सितंबर केें होमय बला फाइनल मे शीर्ष वरीयता प्राप्त अलेक्जेंडर ज्वेरेव सं होयत। ज्वेरेव पहिल सेमीफाइनल मे कैरेन खाचानोव केें 6-3, 7-6 (7), 7-6 (6) सं हरा कए फाइनल मे जगह बनौने छथि। शेल्टन अपन करियर मे ज्वेरेवक विरुद्ध खेलल पांचू मोकाबला मे एखन धरि एको बेर जीत नहि पाबि सकल छथि। नवंबर मे एटीपी फाइनल मे भेल पिछला मोकाबला मे शेल्टन केें सीधा सेट मे हारक सामना करय पड़ल छल।

# विमेंस एशिया कपः भारतक नजरि रिकॉर्ड आठम खिताब पर, फाइनल मे श्रीलंका सं होयत भिड़ंत



विमेंस एशिया कप 2026क फाइनल मोकाबला मे रवि केें भारतक भिड़ंत श्रीलंका सं होयत। दूनू टीमक बीच ई मोकाबला दुबई इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जायत। भारतीय टीम एशिया कप 2024क फाइनल मे श्रीलंका सं भेटल हारक हिसाब चुकता करबाक इरादा सं मैदान पर उतरत।

मुदा, भारतीय टीमक रिकॉर्ड श्रीलंकाक विरुद्ध क्रिकेटक सभ सं छोट प्रारूप मे दमदार रहल अछि। दूनू टीमक बीच एखन धरि कुल 31 मोकाबला खेलल गेल अछि, जाहि मे 25 मैच मे भारतीय टीम जीत दर्ज केने अछि। ओतहि मात्र 5 मोकाबला मे श्रीलंका केें जीत भेटल अछि। मुदा एशिया कप 2024क फाइनल मे श्रीलंका भारतीय टीम केें हरा कए खिताब जीतबा मे सफल रहल छल। भारतीय टीमक प्रदर्शन टूनार्मेंट मे शानदार रहल अछि। हरमनप्रीत कौरक अगुआई मे टीम इंडिया बिना कोनो मैच गमौने फाइनल धरि पहुंचल अछि। सेमीफाइनल मोकाबला मे भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत बांग्लादेश केें 40 रन सं हरा देने छल। बल्लेबाजी मे शेफाली वर्मा आ स्मृति मंधाना शानदार फॉर्म मे देखाइ पड़ल छथि। मुदा हरमनप्रीत कौर आ ऋचा घोष बल्ला सं किछु खास नहि कए सकल छथि। गेंदबाजी मे श्री चरणी, दीप्ति शर्मा आ प्रेमा रावतक तिकड़ी प्रभावी साबित भेल अछि। ओतहि तेज गेंदबाजी मे क्रांति गौड़ आ नंदनी शर्मा सेहो बल्लेबाज केें खूब परेशान केने छथि। भारतीय टीम एहि सं पहिने एशिया कपक खिताब 7 बेर अपन नाम कए चुकल अछि। हरमनप्रीतक टीमक नजरि रवि केें आठम बेर ट्रॉफी जीतबा पर रहत। दोसर दिस श्रीलंका सेमीफाइनल मे पाकिस्तान केें हरा कए फाइनल मे पहुंचल अछि। चमारी अटापट्टूक अगुआई मे टीम अपन खिताबक बचाव करबा सं एक कदम दूर अछि। अटापट्टूक प्रदर्शन बल्ला आ गेंद दूनू सं दमदार रहल अछि। ओतहि हर्षिता समरविक्रमा सेहो नीक लय मे देखाइ पड़ल छथि। गेंदबाजी मे चमुदी प्रबोधा लगातार विकेट निकालबा मे सफल रहल छथि।

दुबई इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियमक पिच सं टूनार्मेंट मे स्पिन गेंदबाज केें बहुत मदति भेटल अछि। एकर संग शुरूआती ओवर मे तेज गेंदबाज सेहो प्रभाव छोड़बा मे सफल रहल छथि। बल्लेबाज केें एतय रन बनाबय लेल संघर्ष करय पड़ल अछि। रवि केें दुबई मे मौसिम पूरा तरहे साफ रहबाक आशा अछि आ बरखा होमयक आशंका बहुत कम अछि।

# 449 रन पर सिमटल पाकिस्तानक दोसर पारी तेसर टेस्ट मे इंग्लैंड केें भेटल 130 रनक लक्ष्य

इंग्लैंड आ पाकिस्तानक बीच सीरीजक तेसर टेस्ट एजबेस्टन मैदान पर खेलल जा रहल अछि। पाकिस्तानक पूरा टीम दोसर पारी मे 449 रन बना कए ऑलआउट भए गेल। पाकिस्तान इंग्लैंडक आगू जीत लेल 130 रनक लक्ष्य रखने अछि।

इंग्लैंडक विरुद्ध पूरा टेस्ट सीरीज मे पाकिस्तानक बल्लेबाज दोसर पारी मे पहिल बेर फॉर्म मे देखाइ पड़लाह। सैम अयूब आ अब्दुल्ला शफीक बिना खाता खोलने पवेलियन लौटि गेलाह। तकर बाद अजान अवैस आ शान मसूद मोर्चा संभारलनि आ तेसर विकेट लेल 125 रन जोड़लनि। अजान 59 रन बना कए आउट भेलाह।

एकर बाद शान मसूद कप्तान बाबर आजमक संग मिलि कए चारिम विकेट लेल 89 रनक साझेदारी कएलनि। शान मसूद अपन शतक सं मात्र 5 रन दूर रहि गेलाह आ 95 रन बना कए आउट भेलाह। ओतहि



बाबर 103 गेंद मे 76 रन बनौलनि आ जोश टंगक गेंद पर आउट भेलाह। सऊद शकील 29 रनक योगदान देलनि, जखनकि गाजी गोरी 16 रन बना कए आउट भेलाह। मोहम्मद इमरान रंधावा मात्र 4 रन बना सकलाह। तकर बाद रजाउल्लाह आ मोहम्मद अब्बास शानदार बल्लेबाजी करैत 123 गेंद मे 121 रन जोड़लनि।

डेब्यू मैच मे रजाउल्लाह शानदार बल्लेबाजी करैत मात्र 63 गेंद मे 81 रनक दमदार पारी खेललनि। ओ अपन पारी मे 4 चौका आ 9 छक्का लगौलनि। ओतहि अब्बास 67 गेंद मे 42 रन बनौलनि। मोहम्मद अली 4 रन बनौलनि।

गेंदबाजी मे इंग्लैंड दिस सं गस एटकिंसन 3 विकेट अपन नाम कएलनि। ओतहि ओली रॉबिन्सन, जोश टंग आ डेन लॉरेंस दू-दू विकेट लेलनि। टेस्टक चारिम दिन इंग्लैंड केें सीरीज 3-0 सं अपन नाम करबाक लेल 130 रन बनेबाक होयत। पहिल पारी मे पाकिस्तानक पूरा टीम 133 रन बना कए ऑलआउट भए गेल छल। एकर जवाब मे इंग्लैंड 453 रन बना कए 320 रनक विशाल बढ़त हासिल केने छल। इंग्लैंड टेस्ट सीरीज मे पहिने सं 2-0क अजेय बढ़त हासिल कए चुकल अछि।

# डब्ल्यूएसपीएस विश्व चैंपियनशिपः भक्ति शर्मा 10 मीटर एयर पिस्टल मे कांस्य जीतलनि

भारतक भक्ति शर्मा डब्ल्यूएसपीएस विश्व चैंपियनशिप मे 10 मीटर एयर पिस्टल एसएच-1 स्पर्धाक फाइनल मे 213.1 अंक हासिल कए कांस्य पदक जीतलनि। ईरानक नासरीन शाही समाखौन भक्ति केें पछाड़ि रजत पदक हासिल कएलनि, जखनकि हुनकर हमवतन फैजेह अहमदी 238.3 अंकक संग स्वर्ण पदक अपन नाम कएलनि। फाइनल मे भारतक एक आओर निशानेबाज सृष्टि अरोड़ा सेहो शामिल छलीह, जे पांचम स्थान पर रहलीह।




धन्यवाद मिथिला

10 Lakh

आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार केें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार





# एएचएफ जूनियर विमेंस एशिया कप भारत फाइनल मे बनौलक स्थान

## सेमीफाइनल मे दक्षिण कोरिया केें 5-1 सं हरौलक

मौजूदा चैंपियन भारत शनिदिन एएचएफ जूनियर विमेंस एशिया कप 2026क फाइनल मे जगह बना लेलनि। सेमीफाइनल मोकाबला मे भारतीय टीम शानदार प्रदर्शन करैत दक्षिण कोरिया केें 5-1 सं हरा देलक।

सेमीफाइनल मोकाबला मे भारतीय टीमक प्रदर्शन दमदार रहल। ड्रैग-फ्लिक विशेषज्ञ सुप्रिया शानदार खेल देखबैत पेनल्टी कॉर्नर पर तीन गोल कए हैट्रिक लगौलनि। अपन खिताब बचाबयक राह पर आगू बढ़ि रहल भारतीय टीम संभलि कए शुरूआत करबाक बाद खेल पर नियंत्रण बना लेलक आ धीरे-धीरे बढ़त बनबैत गेल। फाइनल मे भारतीय टीमक सामना मेजबान चीन आ जापानक बीच होमय बला दोसर सेमीफाइनलक विजेता सं होयत।

शुरूआती क्वार्टर मे कड़ा मोकाबला देखबा लेल भेटल, किएक तं दूनू टीम बेसी खेलाड़ी केें



आगू पठेबा सं बचि रहल छल। मुदा भारत धीरे-धीरे अपन लय हासिल कएलक आ 13म मिनट मे गतिरोध तोड़लक। मधु सिदार एकटा शानदार आक्रामक मूव पूरा करैत मौजूदा चैंपियन केें 1-0क बढ़त दए देलनि। भारत दोसर क्वार्टर मे दबाव बढ़ौलनि आ कोरियाई सर्कल मे लगातार प्रवेश करैत रहल। लगातार प्रयासक परिणाम 17म मिनट मे पेनल्टी कॉर्नरक रूप मे भेटल आ सुप्रिया एहि मौका केें नहि गमौलनि। ओ कोरियाई डिफेंस केें छकबैत सटीक ड्रैग-फ्लिक सं बढ़त केें दोगुना कए देलनि। दक्षिण कोरिया केें भारतक आक्रामक खेल रोकबा मे परेशानी भए रहल छल, जखनकि मौजूदा चैंपियन गेंद पर कब्जा आ मैदान पर अपन दबदबा बनौने रहल। भारत 21म मिनट मे मैचक तेसर गोल कएलक। कोरियाक 23 मीटर क्षेत्र मे एकटा शानदार एरियल बॉल सं खतरनाक आक्रमणक स्थिति बनल। एकर बाद आएल क्रॉस पर सुखवीर कौर शानदार फिनिशिंग करैत स्कोर 3-0 कए देलनि।

दक्षिण कोरिया हाफ टाइम सं पहिने किछु मौका बनाबयक प्रयास कएलक, मुदा भारतक डिफेंस मजबूती सं डटल रहल आ हाफ टाइम धरि तीन गोलक बढ़त कायम रहल। भारतीय टीम ओही आक्रामक इरादाक संग खेल जारी रखलक आ शीघ्रहि अपन बढ़त आरो बढ़ा लेलक। 33म मिनट मे भेटल एकटा आओर पेनल्टी कॉर्नर सुप्रिया केें अपन ड्रैग-फ्लिक आजमाबयक मौका देलक। ओ कोनो गलती नहि कए मैच मे अपन दोसर गोल कए स्कोर 4-0 कए देलनि। दक्षिण कोरिया केें आखिरकार 41म मिनट मे सफलता भेटल, जखन यूरी जियोंग सेट-पीस सं गोल कए भेद 4-1 कए देलनि आ कोरियाई टीम केें वापसीक किछु आशा जगौलनि। मुदा भारत खेलक लय बदलय नहि देलक। टीम डिफेंस मजबूत रखबाक संग काउंटर-अटैक आ सेट-पीस सं सेहो खतरा बनौने रहल।

वर्ष 17, अंक 06 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड :** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053